Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГІИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



6 / 2017

ноябрь - декабрь



Дагъистан Республикаялъул бетӀерасул ишал тӀуразарулев
**ВАСИЛЬЕВ Владимир ГӀабдугӀалиевич**

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**



**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.



**Учредитель:** Министерство печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**6**

**2017**

**ноябрь - декабрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**



Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

ЖУРНАЛАЛДА РУГО:


**ХIИСАБАЛ, СУАЛАЛ**

**М.АхIмадов.** Дагъистаналда Кремлияллъул цIияв вакил. ....................................3

Дагъистанги ГIабдулатIиповги.................................................................................5

**КЪАСИДАТ**

**А.ХIасанов.** Бесдал эбел..........................................................................................10

**ПРОЗА**

**П.ГIабдурахIманова.**РикIкIада хутIараб хирияб август *(хабар)*.......................14

**ПИКРАБИ**

**М.АхIмадов.** ЛахIзатал, алфазал...........................................................................30

**ЦIАДАСА ХIАМЗАТ ГЪАВУРАЛДАСА – 140 СОН.**

**М.Набигулаева.** ШагIирасул насихIатчилъиялъул асарал................................46

**ЦIИЯЛ КУЧIДУЛ**

**ХI.Сайдулаев.** Сабру гъабуразе букIуна Алжан..................................................50

**ГI.Ибрагьимова.** Гъаб канлъул гIадаб гвангъи...................................................58

**ХЪВАДАРУХЪАНАЛЪУЛ АРХИВАЛДАСА**

**П.Муртазалиева.** Эльдариласул сапарал.............................................................65

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**

**З.Батирова.** Руччабазул поэзиялда чIужугIаданалъул образ.............................72

**ТIОЦЕБЕСЕБ ДАНДЧIВАЙ**

**Ш.ГIабасова**. ЦIулакьодул гъветI *(хабар)*.............................................................84

**ЦIАЛДОЛЕЗУЛ ЖУГЬАБИ**

**Р.ГIабдулмуслимова.** Ниж чIухIун рукIуна..........................................................90

**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

Дов къварид гьавизе бокьичIо...................................................................................92



Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: Издательский дом "Дагестан"**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №6 2017 г.**

ноябрь - декабрь

*На аварском языке*

Выход в свет 30.11. 2017 г. Тираж 775 экз.

Заказ № 1114 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*

***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# ХIисабал, суалал

## ДАГЪИСТАНАЛДА КРЕМЛИЯЛЪУЛ ЦIИЯВ ВАКИЛ



…Унеб букIана 17-абилеб соналъул октябрь…2017 соналъул… Дагъистаналда нахъеги хисана нухмалъулев. Милициялъул генерал полковник Владимир Васильев – заманаялъе Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуразарулев. «Дагъистан» ва «генерал» абурал рагIабаз гIемерал гIадамазда ракIалде щвезарула цересел гIасраби. Цо-цоялъ гьаб лъугьа- бахъиналъ бижизабуна хIинкъиялъул асар. Цогиязе гьеб букIана ракIалда гьечIеб лъугьа-бахъинлъун ва рижана хьулал. Лъабабилезейин абуни, гьеб лъугьа-бахъин ккана гIадатияб ишлъун, телеэкраналда бихьулеб батIияб суратлъун. Кин-щиб бугониги, гьаб нухалда ккараб хиса-баси хIакъикъаталдаги инкъилаблъун рикIкIине бегьула. 69 соналда жаниб республикаялъе нухмалъи гьабизе вачIана дагъистанияв гурев чи… Гьеб лъикIищ, квешищали жибго заманаялъ бихьизабила. ВатIанияб рагъул ва рагъда хадусел соназда Республикаялъе нухмалъи гьабуна дагъистанияв яги Дагъистаналдаса чилъун жив вукIинчIев ГIазиз ГIалиевас. Гьев вукIана жиндирго хIалтIиги бокьулев, жинде тIаде ккараб ишалъеги ритIухъав, халкъалъ адаб-хIурматги гьабулев нухмалъулевлъун. Хьул буго гьаб нухалъги гьедин ккелилан. Владимир Васильевасул хъулухъалъул болъодул хIокIал руго гIезегIан къадруял халкъалъул парахалъи цIунуялъул идарабазда. Гьесда лъала Дагъистан. Гьев вуго Федералияб даражаялъул чиновник. Гьеб гуребги, Васильевасул лъикIал гьоркьорлъаби руго цеве вукIарав Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасулги, цогидалги кIвар бугел суалал тIуразарулаго гIакълу дандбазесел, жидер пикруялде мугъчIвай гьабизесел Дагъистаналъул политиказулгунги. Гьезулгун гIакълу дандбазеги пикраби гIахьал гьаризеги ратила Васильевас цIияб бакIалда хIалтIулаго – Дагъистан Республикаялъе нухмалъи гьабулаго.

Россиялъул президент Владимир Путиница жиндего гIагарав чи ДагъистаналдезаманаялънухмалъулесулишалтIуралевлъунтIамиялъбицуна кигIан кIудияб кIвар, кинабго рахъалъ захIматаб нилъер республикаялъул бугебали. ТIадежоялъеги, Владимир Васильев вуго политикияб рахъалъ цIакъго цIайи цIикIкIарав чи – Россиялъул парламенталда улкаялъе нухмалъи гьабулеб партиялъул бетIер.

Россиялъул президентасул рищиял гIагарлъулеб заманалда гьеб лъугьа-бахъин ккеялъги бицулеб буго Дагъистаналъул нухмалъулесул улкаялъе бугеб кIвараллъул. Гьелдаго цадахъ рекIекълъизе ккараб жо, ГIабдулатIипов хисизесев, мугъчIвай гьабизесев, Дагъистаналъе бетIерлъи гьабизесев чи

бакIалъулал политиказда гьоркьов Кремлиялда республикаялда ватичIолъи. Гьенир киналго масъалаби журан рукIана: божилъиялъул суал, парахалъи гьечIолъи, захIматаб экономикияб ахIвал-хIал ва халкъазда гьоркьосеб хIалуцин. ЛъугIана мугIрузул улкаялъул тарихалъул тIубараб гIасру. ЛъугIана къадруял советиял партиялъулал хIалтIухъабазул заман. Гьеб байбихьун букIана 1948 соналда, ВатIанияб рагъда хадусел сонazда Дагъистаналъул бетIерлъун ГIабдурахIман Даниялов вачIиналдаса. Гьес республикаялъе нухмалъи гьабуна 19 соналъ. Гьелде щвезегIан ГIазиз ГIалиевгун цадахъ Даниялов вукIана Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председательлъунги. Хадусеб 16-гIан соналъ республикаялъе бетIерлъи гьабуна МухIамадсалам ГIумахановас. Гьев хисун вачIарав МухIамад Юсуповас 7 соналъ нухмалъи гьабуна Дагъистаналъе. Хадусеб, Советияб пачалихъ биххизегIан лъагIелгун бащдабгIан заманаялъ вукIана, КПССалъул обкомалъул ахирисев тIоцевесев секретарьлъун, хадувккун Дагъистаналъул тIоцевесев президентлъун вищарав МухIу ГIалиев. 1991 соналъул хаслихъе аслияб нухмалъи гьабулеб идаралъун республикаялда лъугьана Дагъистаналъул Верховный Совет. Байбихьуда гьелъул председательлъун ва 1994 соналда ДРялъул Пачалихъалъул Совет гIуцIидал, гьелъул нухмалъулевлъун вукIана МухIамадгIали МухIамадов. Гьес республикаялъе нухмалъи гьабуна 15 соналъ. Миллиял цолъабиги цадахъго цогидалги багъа-бачариялги гIемерлъарал дол хIалуцарал соназда коллегиалияб идара – Пачалихъалъул Совет гIуцIи Дагъистаналъеги гьелъул халкъалъеги хвасарлъилъун букIана. Гьеб букIана, ВатIанияб рагъул соназдаса хадуб республикаялъе бищунго захIматаб заман. 90-абилел соназда Дагъистаналда кьучIдасанго хисизабизе ккана республикаялъулги бакIалъулалги нухмалъиялъул къагIидаби.

Хадусеб заманалда – ункъо соналъ МухIу ГIалиевас, лъабго соналъ МухIамадсалам МухIамадовас, ункъогин бащдаб соналъ Рамазан ГIабдулатIиповас нухмалъи гьабуна Дагъистаналъе.

1917 соналда инкъилаб ккаралдаса хадубараб 100 соналда жаниб Дагъистан Республикаялда рахъана гIемерал бажариги лъайги бугел нухмалъулел. Араб къарнуялъул къоабилел соназда гьединаздасан бищунго цIарал рагIараллъун рукIана МахIач Дахадаев, Уллубий Буйнакский, Жамалудин Къоркъмасов, ГIалибег Тахо-Годи, МухIамад ТIалхIат ва гIемерал цогидалги. Граждан рагъул ва репрессиялъул къурбаналлъун ккана тарихалда рихьулел лъалкIал тарал гIемерал гIадамал. Гьеле гьел талихIкъосарал лъугьа-бахъиназдаса хадуб Дагъистаналде вачIана нухмалъи гьабизе ГIазиз ГIалиев. Гьес хIаракат бахъана республикаялда махщел–гьунар бугел, лъикIаб лъадари щварал, бокьараб бакIалда цебехъанлъи гьабизе бажари гIолел гIадамал гIезаризе. Гьединаллъун рукIана Шагьрудин Шамхалов, Роза Эльдарова ва цогидалги ВатIанияб рагъда хадусеб бащдаб къарнугIан заманалда Советияб Дагъистан цебехун бачиналъе квербакъарал политикиябги, магIишатиябги, маданиябги хIалбихьи щварал нухмалъулел. ТIатун гьедин абичIониги, гьел соназда байбихьана тIадегIанал ишазде гIадамал тIамулаго, миллатазда гьоркьосеб ращалъи цIунизе. Республикаялъе хис–хисун бетIерлъи гьабулаан аварасги даргиясги. Лъабго аслияб хьулухъалдаги рукIана Дагъистаналда бищун кIудиял миллатазул – аваразул, даргиязул, лъарагIазул вакилзаби. Гьанже гьеб къагIида хвезабуна. ХIасил кинаб гьелъул ккелебали жибго заманаялъ бицина. Бегьула ракIалдаго гьечIого ккараб гьеб хиса-басиялъул хIасил

лъикIаб букIинеги, рес буго батIайиса ккезеги. Цо-цо дагъистанияз мех-мехалда суал борхулеб букIана бакIалъулал чиновниказулги гьезда сверухъ ругезулги мурадал цIунуларев къватIиса чи вачIани лъикIанин Дагъистаналъе нухмалъи гьабизеян. Гьанже гьедин ккана. Амма бакIалъулал захIмалъабазги, хасал бечедал гIадамаз гьабулеб асаралъги, бажари-лъай бугел тIадегIанал хъулухъазе ярагьунел гIадамал гьечIолъиялъги, анцI-анцI соназ рижун рачIарал цоги цоги кIвар цIикIкIарал суалазги, республикаялъе нухмалъи гьаби цIакъго цIакъ захIматаб масъалалъун лъугьун буго.

Заманаялъе республикаялъе нухмалъи гьабулевлъун Владимир Васильев тIами ккола Дагъистаналдаги, гIаммаб къагIидаялъ Кавказалдаги Федералияб централъ цIияб политикияб стратегия хIадур гьабиялъе байбихьараб генералияб репетициялъун… Гьелъул лъикIаб хIасил ккей бараб буго цIияв нухмалъулесдаги, гьединго нилъеда – дагъистанияздаги. Хасго нухмалъиялъул ишазда ругел дагъистаниязда. Рамазан ГIабдулатIиповас цебего абулеб букIана Дагъистаналда букIине кколин дагъистанияв абураб цохIо миллат. Нилъер цIар рагIарав шагIир Расул ХIамзатовас гIемер такрар гьабулаан Дагъистанияв вугин, Дагъистан бокьулев чи абун.

Тавпикъ кьеги Дагъистан цебетIеялъе лъикIал хIалтIаби гьаризе Владимир Васильевасе. Сахлъиги рохелги гьарзалъаги нилъее киназего.

## ДАГЪИСТАНГИ ГIАБДУЛАТIИПОВГИ

Рамазан ГIабдулатIипов – политик, философ, поэт, композитор, культуролог, художник…

Цо-цояз гьесда гIайиб гьабулаан кинабго жоялде гьоркьове лъугьунев вугиланги, гьесул культураялдегун искусствоялде хасаб рокьи бугиланги. Гьесул махщелчилъи гуребги, политикияб хIаракатчилъицин берцин бихьулароан гьединазда. Лъица щиб абуниги, гьев хутIизе вуго жинца квер банщиналда хасаб лъалкI тарав чилъун тарихалда. Гьеб киналъулъго ГIабдулатIиповасул лъикIал хIасилалги руго. Гьев вуго кинабго рахъалъ



цеветIурав, цогиял политиказда релълъинчIев инсан. ХIалтIудаса гIодов чIейгицин гьесул лъидаго релълъинчIеб ккана.

ГIабдулатIипов вуго нилъер бакIалъе гIадатияв гурев политик. Абизе бегьула цIакъго батIиявилан. Гьесие политикияб лъадариги цебетIейги щвана Дагъистан бахун къватIибехун. Амма гьесул, кинаб ишалда вугониги, кидаго бухьен букIана республикаялъулгун. Гьес нухмалъиялда гьечIеб мехалъги жиндаса бажарарабщинаб кумек гьабуна Дагъистаналъе.

РикIкIадисеб мугIрузул районалъул гьитIинабго росулъа лъимал гIемераб, кIудияб хъизамалда гIурав васас Дагъистаналъулги Россиялъулги политикияб гIумруялда бергьун кIудиял лъалкIал тана. ГIелмабазул докторлъиялъе диссертацияги цIунун гьабураб свак-кIвахI лъачIеб гIелмияб хIалтIудаса хадуб ГIабдулатIипов вачана цебесеб СССРалъул нухмалъиялъул аслияб бакIлъун букIараб КПССалъул ЦКялде. ГIумруялъул 44 сон букIаго гьев вищана РСФСРалъул Верховный Советалъул депутатлъун, гьенивги Миллатазул Палатаялъул председательлъун – улкаялъул нухмалъиялъул идарабазул цоялъул бетIерлъун. ВукIана Рамазан ХIажимурадович федералияв министрлъунги, Россиялъул Федерациялъул Советалъул председателасул заместительлъунги, сенаторлъунги, РФялъул ХIукуматалъул вице-премьерлъунги, Пачалихъалъул Думаялъул депутатлъунги, Таджикистаналда Россиялъул хасав вакиллъунги, Москваялъул культураялъул университеталъул ректорлъунги.

Гьеле гьединаб къисматалъул чиясде тIаде ккана, ракIалдаго гьечIого республикаялъул президент МухIамадсалам МухIамадовги нахъе ун, 2013 соналда Дагъистаналъе нухмалъи гьабизе.

ГIабдулатIиповас бетIерлъи гьабураб ункъо сонги бащадабги букIана Дагъистаналъе бищунго цебе гIодобе биччараблъун ва культураялъул гIумруялда цебетIураблъун. ЛъугIана Советияб пачалихъ биххаралдаса хадуб республикаялда букIараб хIинкъи цIикIкIараб, хIалуцараб ахIвал-хIал. ГIабдулатIиповас нухмалъи гьабулеб заманалда терроризмалде данде гьабураб



къеркьеялъ кьуна лъикӀал хӀасилал. Ункъо соналдасаги цӀикӀкӀараб заман ана халкъалъ анищ гьабулеб букӀараб, гӀадамазул ракӀазулъа хӀинкъиялъул асар лъугӀизе толеб букӀинчӀеб тероризмги, цогидалги чӀвай-хъвеялги лъугӀун Дагъистаналде парахатаб, гӀодобе биччараб хӀал рещтӀаралдаса. ЧӀвалел рукӀана цебеккун цӀар рагӀарал гӀадамалги гьединго гӀадатиял дагъистаниялги. Гьеб балагь тӀагӀинаби, къотӀизаби букӀана тӀагӀиналде, лъугӀиялде хьул гьаби гурони, хӀасил ккеялда щакаб иш. Ккана хӀасил. Гьеб нилъеда бихьулеб буго. ГӀаммаб къагӀидаялъ Россиялда бугелде дандеккун жакъа къоялда Дагъистаналда такъсирчилъи лъабго нухалъ дагъаб буго. Гьеб рикӀкӀине бегьула хӀакъикъаталдаги революционнияб цебетӀейлъун. Гьединго Дагъистан Россиялдаго буго бищунго хӀухьбахъи гьабизе бегьулеб бакӀлъун. Гьебго заманалда нилъер республика ккола бищунго гьекъел-мехтелги хъалиян бухӀулелги дагъаб, цадахъго спортги цебетӀураб бакӀ. Гьелъ рес кьезе буго Дагъистаналда гӀезегӀан лъикӀаб къагӀидаялъ туризм цебетӀезабиялъе.

ГӀемерал ГӀабдулатӀипов рекӀее гӀоларез гӀайиб гьабулаан гьесде Рамазаница культураялде цӀакъго цӀикӀкӀун кӀвар кьолеб бугилан, гӀемер кӀалъалев вугилан, нухмалъиялъул кьварарал къагӀидаби хӀалтӀизарулел ругилан. Унго-унголъунги гьесул заманалда рукӀалиде ккезабуна районаздаги шагьараздаги нухмалъи гьаби Дагъистаналда. Гьев вачӀинегӀан гӀемерал администрациязул бутӀрул рукӀана жидеего бокьахъе.

Анц-анцӀ цӀиял школал, лъималазул ахал, медицинаялъул централ, къачӀарал больницаби, кӀвар цӀикӀкӀарал экономикиялгун культураялъул проектал, форумалгун фестивалал, мадугьалихъ ругел республикабаздаги, аскӀор ва рикӀкӀада ругел улкабаздаги Дагъистаналъул къоял, Россиялдаги гьеб бахун къватӀибехунги Дагъистан культура цебетӀураб бакӀлъун бихьизаби – гьеб кинабго букӀана Дагъистаналда ГӀабдулатӀиповас нухмалъи гьабулеб заманалда.



Цебеккун къан рукIарал росабазул клубазул ва цогидалги гьединалго бакIазул кьучIалда гIуцIана киналго районазда Россиялъул халкъазул культураялъул централ.

Росдал магIишаталда ккараб кIудияб цебетIеялъ рес кьуна гьеб цIакъ халкъалъе хIажатаб магIишатияб бутIа республикаялда цIилъулеб букIиналда ракIчIезабиялъе.

Исламияб диналъул рикьабазда гьоркьор ругел рагIидандеккунгутIаби тамахлъизабизе рес кьуна диниял гIадамазда гьоркьоб гьабураб гIакъилаб бичIчIи кьеялъул хIалтIиялъ.

ГIолохъанаб гIелалъулъ ВатIан бокьи куцаялъеги гIагараб ракьалде рекIел цIайи бижизабиялъеги квербакъулеллъун лъугьана «ГIаданлъиялъул капитал» цебетIеялъул проекталде гьоркьоре унел лъай ва бичIчIи кьеялъул «Дагъистаналъул лъималазе – маданият» ва «Маданияталъул десант» проектал. Гьединго Дагъистаналъул бетIерасул пикруялда рекъон гIуцIарал цогидал проектазги лъикIаб туркIи ккезабуна республикаялъул экономикиябги жамгIиябги гIумруялда.

ЦIакъго цIакъ цебетIуна гьанжесеб заманалъул тIадегIанаб технологиялдалъун хьезабураб медицинаялъул кумек гьаби. Россиялдаго лъикIаздасан лъикIаб перинаталияб центр рагьи букIана лъимал гьариялъул ва гьезул сахлъи цIуниялъул рахъалъ гьабураб цIакъ кIудияб сайгъатлъун.

ГIемераб хIалтIи гьабураб ва ракIалдаса унареб Рамазан ХIажимурадовичас Дагъистаналъе нухмалъи гьабураб ункъо сонги бащдабги ахиралде щвана… ГIабдулатIипов Дагъистаналде вачIана халкъалъул гьесде кIудияб хьулгун. Гьес жинцагоги чанго нухалъ абуна гьеб хьул бугила жинде гьабулеб цIакъго кIудияб божилъи. Дагъистаналда кколел хиса– басиялги цIилъабиги рихьизе бокьуларез ГIабдулатIипов 50 нухалъ «хIалтIудаса нахъе витIана». Амма гьев жиндир ишалда хутIана. Гьел харбалги гIадатиял жаллъун лъугьана.

ГIабдулатIиповас гьарурал лъикIал хIалтIабазул гIемер бицине бегьула. Дагьабги гIемер бицине бегьула гьесда чIвалел рукIарал кьучI гьечIел гIайибазулги. Амма, цоги нухалъ абуниги, бищунго аслияб ккола Дагъистаналде бачIараб хIинкъигьечIолъи. Гьеб букIана халкъалъе бищунго хIажатаб ва бищунго тIубазабизе захIматаб масъала. ХутIарабщинаб хIалтIи гьабизе гьанже бигьалъизе буго.

БитIараб буго, бажаричIо киналго рази гьаризе, рес рекъечIо ракIалда букIахъе кинабго гьабизе. АнцI– анцI соназ рижарал масъалаби къокъаб заманалда тIуразарун бажаруларо. ГIабдулатIиповас Дагъистаналъе нухмалъи гьабуна тIолабго экономикияб рахъалъ улкаялъего захIматаб заманалда. Крым цолъизабиялда бан лъазарурал санкциязги нартил багьаби гIодоре ккеялъги, гъурщил багьа учузлъиялъги дагьлъана киса-кибего бюджеталде бачIунеб гIарац. Дотациялъул гIарац бачIунеб республика хIисабалда Дагъистаналдеги гьелъ кIудияб асар гьабуна. Налогал ракIариялдалъунги цогиял нухаздалъунги, жанисел сурсатал цIикIкIинариялдалъунги дотациялъул гIарац дагьлъизабиялъеги хIалтIаби гьаруна ГIабдулатIиповасул заманалда.

Дагъистаналда цо-цо гIадамаз хIаракат бахъулеб буго гIемераб жо бихьунгутIизе. Цебе букIараб парахалъи гьечIеб ахIвал-хIалги кIочон тун, гьанжесеб парахалъиялъул хIисабги гьабичIого, хьул гьабулеб буго

цIакъго лъикIаб букIинеселде. Ахирал соназда цоniги теракт ккечIолъи гуребги, хисана гIаммаб куцалда тIолабго политикияб ахIвал-хIалги. ЧIаго-гIатIго руго киналго министралги, депутаталги, гьединго опозициялда ругелги. Паркалги, сквералги, бульваралги гIадамазул цIун рукIуна сордо кватIизегIан. Дагьаб цебегIанги канлъи къотIарабго шагьаралъул къватIахъ чи вихьулароан. Цебе хIалуциналде гIадин ругьунлъун руго гьанже парахалъиялде.

Кинабго лъикI батиларо. Амма нухмалъулезул лъикIал хIакъикъиял ишал рихьичIого хутIизеги рес гьечIо.

ЦебетIей буго киса-кибего. Дагъистаналда тIоцебе рагьана цебе букIараб тарихиябгун край лъазабиялъул музеялъул кьучIалда, Северияб Кавказалда чIахIияздасан цояблъун кколеб Республикаялъул миллияб музей. Хъил тIун къачIарал нухаз къоялдаса къоялде мугIрузулаб ракьазда ругел гIадамал гIагар гьарулел руго экономикиялгун культуриял центразде. Цебе тIун унеб буго басриял бакIаздаса цIиял минабазухъе гIадамал гочинариялъул программа. Республикаялъул тахшагьаралда цIилъулеб буго общественнияб транспорталдаса халкъалъ гIатIидго пайда боси. 90 абилел соназда гьеб тIубанго лъугIизабун букIана. Гьарулел руго нухазда хьвадиялъе хIинкъи гьечIолъиялъе хIалтIаби. Гьелъие пайда босулеб буго гьанжесел цIиял къагIидабаздаса. Гьебин абуни гIадамазул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе чара гьечIеб ишлъун ккола.

Гьеб киналъулго хIасилалда цIикIкIана республикаялде рачIунел инвестициябиги, къватIисан хIухьбахъиялъе рачIунел гIадамалги. Бокьилаан нилъее жеги чIахIи-чIахIиялги хIасилал ккезе, Дагъистаналъул халкъазул гIумру кинабго рахъалъ цебетIураблъун букIине. Гьарурал хIалтIабазги ккарал хIасилазги бихьизабулеб буго Дагъистан кризисалдаса борчIизе рес букIин, битIараб къагIидаялъ сурсатаздаса пайда босани, гIадамазул рукIа-рахъин гIемерго цебетIезабизе бажарулеблъи.

Промышленниябги росдал магIишаталъулги производствоялъул цебетIей, цIиял предприятиял, цIолбол ахал, цIигьабун къачIараб аэропорт, цIи-цIиял кьоялги нухалги, улкаялдаго тIоцебесеб «Поэзиялъул театр», Кавказалъул рагъул заманалда бищунго хIалуцарал рагьал ккараб бакIалда гьенир чIварал ракIалде щвеялъе бараб «АхIулгохI» мемориалияб комплекс, «Россия – дир тарих» интерактивияб музей, кинабгIаги квалквал ккечIого тIолгороссиялъул ва халкъазда гьоркьосеб даражаялда тIоритIарал Дербенталъулги МахIачхъалаялъулги юбилеял, цогидалги чIахIиялги гIисиналги гIемерал тадбирал – гьеле ГIабдулатIиповасул щуго сонилаб хIалтIул хIаракатчилъиялъул хIасил. Гьес гьабураб хIалтIул хIисаб гьабуни, гьеб рикIкIине бегьула кIиго щуго сонлъун.

***Мурад АХIМАДОВ,***
***Республикаялъул Литературиял***
***журналазул бетIерав редактор.***

# Къасидат

АсхIабгIали ХIАСАНОВ



## БЕСДАЛЭБЕЛ

Халкъалъ нагIана кьола
КьогIал бесдал улбузе;
Гьезул яхI билиялъе,
ГурхIел гьечIолъиялъе.

Чан мунагьалъе гIечIел
ГIисинал лъималазул
Гьезул хъачIлъиялъ гIумру
ГIазабалде бачинчIеб.

Гьезул рахъалъ биценал
ГIемер руго магIарухъ,
Бицунел рагIаралго
РекIее захIмалъулел.

Цо дида рагIарабги
Буго гьадинаб къиса,
КъабихIаб гIамалалъул
ГIадан жаний рехсараб.

ЦебегIанго цо росулъ,
Цоцазе цIакъ рокьарал,
ГIолилал данделъарал,
Даимал анищалгун.

Гьезул гIумру берцинго
Чвахун унеб букIараб,
Чабхилъан ицц кинигин,
Кинабго рекъо-решон.

Рарал гьез цIиял ригьзал,
Гьарурал гьезий лъимал,
ЛъагIел кIиго гьоркьоб ун, –
КIиго яс – месед гIадал.

Аваданаб хъизан-рукъ,
Хъала гIадаб мина-мирк,
Баракатаб магIишат, –
Машаалагь гьайбатлъи.

ТIугьдулцин хIайранлъулеб
Берцинлъи насиблъарал,
Балагьун гIорцIуларел
ГIун рачIунел мусудул.

Гьедин араб щуго сон,
Щибго ургъел гьечIого,
Алжаналде свераараб
Свери букIараб гьезул.

Цо хинаб роол къоялъ
Хурий хIалтIизе арай,
ХIетIе хъущтIун хьитIние
Йортарай гьадай гIадан.

ГIисинал ясал руго
Эбелалъул къаданир
РакIазул бухIи бакIлъун
Лъимлъун магIид рецIцIулел.

БетIералде тIолабго
Дунял бегараб гIадин,
ГIодов къулун къваридго
Гьазул эмен – элъул рос.

Къойил тIаде хьвадулел
ГIагарлъи, росуцоял;
Сахлъиялде хьул лъезе
БакI гьечIо пуланалъул.

Гьедин кIиго анкь ана,
Унтиялъ гIажал кьуна,
Кьурал къоялги тIагIун
Къанщана магIарулай.

МагIил рокъоб жамагIат,
Росу къваридго буго,
Къадруяб гIамалалъул
МугIрул чIужу хун йиго.

Бергьараб къварилъиялъ
КъанцIулел руго ракIал
Гьал гIисинал ясазул,
Пакъирав гьазул инсул.

Рохел гьарзаяб рокъоб
Бакъул канлъи къотIана,
Балагьалъул гьороца
Гьазул талихI чIчIинтIана…

Къояз цIун моцIал гIола,
МоцIаз лъагIел сверула,
Свараб цIа гьазул гьасда
ЩIилъиялде хьул гьечIо.

РухIел бигьинабизе
Замана дару буго,
Дуниял даимлъарав
Инсан цониги гьечIо.

Дояса эбел юсун
Ясалги хинлъиларо,
Хинлъи гьазий бикьулей
ГIадан къваригIун йиго.

ГьечIей лъадухъ инагьдун
Росги хвасарлъиларо,
Дандияй гьечIого гьав
Гьадинги тIуваларо.

Росулъ ругел руччаби –
ХIисаб гьабун ургъана;
Эркенал камун гьечIо –
Кинайха гьезул лъикIай?

Ахир цо гIаданалда
КIалъана гIодов виччан,
Бугеб хIакъикъат рагьун
Гьелде бикьана ургъел.

ГурхIизе кколин мунин
БичIчIизабуна элда,
Эбелги хун хутIарал
ГIисинал лъималазда.

Рос хIажатай къоролалъ
КъвакIараб рагIи кьуна,
РакI ясазул хвезегIан
Хвезе жий хIадур йигин.

Эбел жинца хисилин
Хириял гьитIичазе,
Гьел рохизаризелъун
РухIцин кьелин гьедана…

СихI къотIараб рокъое
ЯчIана цIияй гIадан,
ГIодоб биччараб сардилъ
Данделъана рос–лъади.

«БахIаралъ» дир цIвабиян
Ясал кранде къана,
Рос разилъулеб хIалалъ
ХIалкIун эл реэдана.

РакI битIарал гьал лъимал
«Бабадаса» рохана,
Эбел ячIарайгIанги
Разилъун расандана.

Гьаниб чIаголъи буго –
ЧIужугIаданалъул квер;
Азбар-къоно, мина-мирк
МатIу гIадин кенчIола.

БукIаниги гьай гIадан
Дагьай пашманго йиго,
Гьал лъимал бадиб унеб
Кьолъун рихьулел руго.

Реэдула гьитIичал,
Ясандула ясалгун,
Амма гьалъул рекIеца
Росуларо кинго гьел.

«Росги рукъги дир буго,
Лъимал дирги рукIина», –
РукIинчIелани гьал жал; –
Пикрабаз ккун йиго гьай…

Гьел хиялал рекъечIел
РукIин гьалда бичIчIула,
БукIаниги рекIелъа
Рачахъун унел гьечIо.

Къо бахъанагIан гьез ай
Кверде йосулей йиго,
НахъегIанал къасдазул
Къориний унеЙ йиго.

Рос къватIив анщинахъе
Байбихьана гьанже алъ
Ясал хIинкъизаризе,
Гьезий гIакъуба кьезе.

Мукъсан гьабула квен-тIех,
Камуларо кIал гьикъи,
Кьаба-тункун, хIинкъи кьун,
Кьеризарула бокIнилъ.

Инсуда бицанани
БутIрул къотIизе ругин,
Гьесадизабула нус
Нажасалъ лъималазде.

«Баба гурищ нижер мун,
Щиб нижеца гьабураб?» –
ХIинкъарал пакъирзаби
Гьардола тушманалда.

«Нужер бабал хабалалъ
Рукьби ратила хутIун,
Хадур ине ккаги нуж» –
Жаза кьола ягъзиналъ.

Рес къотIун къварилъуде
Ккарал пуланзабаца
Гьалъул заракьа хIинкъун
Бахчула инсудаса.

Элда хIалхьун чIоларо
Анкьабго балагь бачIад,
Бесдалал хабалъ лъезе
Хиялазда йиго ай.

Ахир цояй ясалъул
ГIадалъе рукIкIен чIвала,
ЧIвалилан хIинкъиги кьун
Инсуда бицанани.

Бекараб рукIкIадул тIогь
Рагьуялда хIунчула,
Дагьдагь ккун жанибе цIан
Нахулъе унеб хIалалъ

Нилъер яс унтун йигин
Пашманаб ххвел гьабула,
Гьелъий дару-сабабин
Йорта-хъетун лъугьуна.

Гьедин анкь сверилалде
Суна ясалъул гIумру,
«ГIилла лъачIеб» гIажалалъ
Арай юкъула хабалъ.

Бицинеги кIвечIого,
РакIги бекун гIодулей
ГIазабалда йикIуна
Ясалъул гьитIинай яц.

Цо гIанхвара букъанин
Лъиданиги лъачIого,
Бидулай, гьайги чIвазе,
Ургъула моцIидаса…

КIиабилей ясальги
Унтунилан абидал,
Инсул сабурал бералъ
МагIил гарал хурхана.

«Щиб, дир яс, дуй лъугьараб
Кин дур бетIер унтулеб?» –
Эмен живго жувала
Гьелъий сабаб ургъизе.

**«Вай лъаларо, лъаларо,**
**Унтулеб буго бетIер;**
**Яцалда хадуй дунги**
**Хвезехъин йиго, дада…»**

**Гъабизе жо тIагIарас**
**Нус рекIине гъабула,**
**«БетIер кIкIвала, дадал яс,**
**Дару гъабизе дуйго.**

**БацIцIадаб найил гьоцIо**
**ЧIвала нилъеца гьелда,**
**Цинги чан кинигин мун**
**Лъугьуней дадал бурутI».**

**БетIер кIкIвазе инсуца**
** Яс аскIой ахIарайго,**
**Гьасул лъади рокъоса**
**КъватIие лъугьун ана…**

**Ясалъе ракI-макI гъабун,**
**Гьимулев вуго эмен,**
**РекIараб нусалъ расал**
**РукIана росун унел.**

**БитIун гIадал нахуда**
**ТIаде щвараб мехалда,**
**Щибалиго жоялда**
**Бан хутIана инсул нус.**

**Нахъе босун нусгин гьас**
**БотIрода квер квашула,**
**РукIкIада бер кIутIигун**
**Гъурмал кьер хисун уна.**

**Бахъун инсуца рукIкIен**
**Цебе ккураб мехалда,**
**РакI бекун гIекиялда**
**ГIодун биччана ясалъ:**

**Дада, ниж хIинкъанилан,**
**КIвечIин гьеб бицинеян,**
**КIудияй яцалъулги**
**Къисмат гьедин кканилан.**

**Ццин бахъиялъ, тату хун**
**Тушман чIвазе вортула,**
**Амма кватIун букIана,**
**Кинго гьей кодой щвечIо.**

**Абула, росуги тун,**
**Рохьой тIерхьанин гьейин,**
**ТIокIай гьей йихьанилан**
**Бицунев чи рагIичIо.**

**Йихьун, лъиениги гьей**
**Гьанже хIажат йикIинчIо,**
**НагIана, рагIанщинас**
**БукIана гьелъий кьолеб.**

**ХIакъаб жо рецIел гьелъий**
**Рекъараб щун батила,**
**Балагьалъул гьороца**
**Гьалаг гьаюн ятила.**



# Проза

**ПатІимат**
**ГІАБДУРАХІМАНОВА**



## РИКІКІАДА ХУТІАРАБ ХИРИЯБ АВГУСТ

***(хабар)***

Ниж гьудулзабилъун лъугьана лъай-хъвай ккараб къоялдаса нахъего. Гьарураб къоялдасаго цоцада лъалел рукІаралгІанги гІагаралльун лъугьана Лейлаги дунги цоцазе. Дица лъугІизабуна нилъерго тахшагьаралда политехникияб институт, Лейла абуни цІалана Москваялъул маххул нухазул институталда. Ниж цадахъго гІадин лъугьана гьаб хІалтІудеги. ГІодор чІун рукІана батІи-батІиял кабинетазда, амма щибаб къоялъ цадахъ унаан ниж къаде кваназе подвалалда бугеб столоваялдеги, цадахъ лъугьунаан хІалтІудаса къватІиреги, цинги цо бащдаб сагІаталъ тира-сверулаан, хадур унаан ниже-нижер нух ккун, метер рихьизелъун.

ГІодоркъоязги ниж данделъулаан: тІоцебесеб шамат къоялъ дун Лейлал дое унаан, гьезул гІадатияб хъизан дида диралдаго релълъун бихьулаан, бачІинахъего дунги гьезие жидерайлъунго лъугьана. Гьел дун ячІиналъухъ ралагьунцин ратулаан. ХІалтІулелги Лейлал эбел-эмен рукІана маххул нухлул ишазда, ясалда аскІор управлениялда гурел, шагьаралъул цояб рахъалда.

Лейлал букІана берцинаб лага-черх. Дун цІакъго хІалакъай йикІана. Гьей абуни, цодагьай жаний цІурай, гІазухъахІаб гвангъараб гьумералъул, канчІаб гъажилде щолеб расалъул, сабураб ва хІеренаб гьумералъул гІолилай йикІана. Эбел-инсул цо йигей яс йикІиндалги ятилаха кидаго лъикІго ретІа-къанги йикІунаан. РоцІараб зодил кескал гІадал, цІахІилал гьелъул берал, гьей гьимулейщинахъе, цадахъго гьимулел рукІунаан. Гьей киназего хирияйги йикІана.

БитІахъе бицани, дун Лейлада цо-цо мехалъ урхъулаан: гьале гьелъул эбел-эменги, кІудада, кІодоэбелги киналго руго гьанир шагьаралда, аскІорго, щибаб къоялъ рихьула цоцада, щола тІаде-гъоркье. Дир эбелги эменги гІумру гьабулел рукІана росулъ. Каникулал тІаде щваралгоги байрамкъояздаги дун,

цо лахIзаталъ лъалхъичIого, гIедегIулаан гьезухъе щвезе гIагараб росулъе. Амма цо-цо мехалъ Лейла дидаги урхъулаан. Дица гьелда бицунаан нижер росдада цебе бугеб берцинаб рохьалъулги, гьенир рижулелщинал рохьил нигIматазулги, магъилъ ругел цIорорал иццазулги, кьер-кьерал тIугьдузулги, тIагIамал пихъазул ахазулги бицунеб мехалъ.

Гьанжего гьанже цIалиги лъугIун хIалтIизе байбихьарал нижеда ракIалде кколаан тIубараб гIумруги бугин жеги цебе, гьелъул ихтиярги бугин нижеда кодоб, талихIги бугин нижехъ балагьун чIун...

* * *

– БитIараб бице, мун щуго соналъ цIалана Москваялда, вукIинчIевищха цониги дуе рекIее гIолев васго гьенив? Цониги?..

– ВукIаравха, – ян аваданго елъанхъана гьей, дихьги ялагьун, – гьев вукIана сопроматалъул преподаватель, Сергей Михайлович, жугьутI вукIанин ккола… Абизе ккола, дир балъгояб рокьул хIакъалъулъ гьесда, талихIалъ, щибго лъачIилан. Цо бугони гьев киданиги дихъ валагьулевцин вукIинчIо, кIиабизеги гьев кватIичIого туснахъалъув тIамуна.

– Туснахъалъув?! – абун гIажаиблъана дун.

–У. Гьесул балъгояб лабаратория букIун буго. Гьенир гьес гьарулел рукIун руго гьукъарал жал. Гьелдалъун гьесие лъакIаланго гIарацги щолеб букIун буго. Цинги гьев жиндирго хьантIиялъул къорикье ккун вуго: цадахъ хIалтIулев жиндирго кумекчиги махсароде ккун, гьесие цIакъго дагьаб гIарац кьолеб букIун, дос гьесда тIасан гIарзагиги хъван бугоха кколелъубе. Гьеле гьединаб къисмат ккана дир тIоцебесеб рокьиялъул, – гьей нахъеги ургъел гьечIого елъанхъана.

Дида гьанжеги гIемер ракIалде щола доб аваданаб, сундулниги ургъел гьечIеб, ургъел гьабизе эбел-эменги ругеб, жеги лъицаниги квешлъиялъул квачI кьабгIичIел, пашманлъиялъул рагIад рехичIеб, гIолилаб заман.

* * *

Гьеб букIана август моцI. Цо къоялъ къаде кваналаго, Лейлаца абуна:

– Дие бокьун буго Болгариялде туристазул цо къукъаялда цадахъ ине. Гьеб буго дир цебегосеб анищ. Эбел-инсуца изнуги кьолеб буго. Мун йилълъинарищ цадахъ? – гьей дихъ ялагьун чIана.

– Дир данде кколаро, Лейла. Росулъ цо параялъ тIибитIила хабарги дун къватIисеб улкаялде уней рагIулилан. Доба гьединаб хабар батIайиса къабул гьабула. Гьаниб абуни гьеб ккола гIадатияб иш. Дир инсуе гьеб рекIее гIезе гьечIо. Гьаб нухалда мун а, дун духъ ялагьун чIела. Щиб лъалеб, тIасияб нухалда Аллагьас хъван батани, нилъ цадахъ рилълъинеги бегьула гьенире...

ТIаде щвана Лейла Болгариялде унеб къо. Дица гьелъие нух битIизеян чвантиниб къазабуна кIикъоялда анцIго гъурущ. Гьеб букIана битIахъе дир харжалъул бащдаб. Дица гьелде ишанги гьабун, бичIчIизабуна, босичIони дун барщизе йикIин. Гьей рази гьечIого дихъ ялагьана, цинги гьимана:

– Дица дуе цо кинаб букIаниги сайигьат босила гьалде…

КIохIалго цоялда хадур цоял унел рукIана августалъул бухIараб бакъул къоял. ГIадамал радалиса бакъаниде щвезегIан къукъаби-къукъаби гьарун ралъдал рагIалдехун ралагьун унел рукIунаан. Дир киданиги гьира букIунароан гьениехун ине. Лъаларо щай гьеб гьедин букIарабали. Гьенир

салуда тIадги регун бакъул чIораз черх боркьизабулел гIадамазда дун гIажаиблъулаан. Дида кколаан кинаб лазатгIаги гьазие щолеб бакъукье черхги рехун, толо-хIочон тIаса ретIелги бахъунилан. Гьеб гьедин кколеб букIун батилаха дун росулъ гIурай йикIиндалгIаги. Дие бокьула рохьги, гъутIбузда гьоркьосан унеб тIеренаб сухъмахъги, квегIаб рахъалдаги кваранаб рахъалдаги щурщудулел рорхатал гъутIбиги, хъахIилаб роцIараб зобги. Рохьил хIанчIазул берцинал бакънялги, чIахI-хералъул ва хIутI-хъумуралъул жидеего хасиятаб гIумру-яшавги. Рокьула рорхатал кьурабиги, гъваридал кIкIалалги, гъотIол ахадаса яги ганчIида гъоркьа чилчилиялда чвахулел цIорорал иццалги. Гьаб рагIа-ракьан гьечIеб ралъдал берцинлъи дида кинго бичIчIуларо.

* * *

Дун Лейла ячIиналъухъ балагьун йикIана. Лъидехунго ракIгъолеб букIинчIо дир гьей гьечIого. Ине бакI камунги, щвезе гIагарлъи гьечIого-ги гуро дун йикIарай. РакIалъ киего цIалей йикIинчIо. ХIалтIудаса рокьое щварайго, босулаан кодобе бокьулеб тIехьги, цинги къаси кватIизегIан гьеб цIалулей хутIулаан.

Гьале ана анцIго къо. ЯчIана Болгариялдаса Лейлаги. Гьелъ дие сайи-гьаталъе босун бачIана чIухIараб джинсалъул юбкаги. ЦIакъ рекъон ккун букIана дида гьеб. Дир рохалие гIорхъи букIинчIо. ХIалтIул къо бакъаниде щварабго, ниж кIиялго паркалдехун тира-сверизе ана.

– Гьа, Лейла, хирияй, бицеха гьанже кинабго мухIканго. Кин ккараб са-пар? Щив бихьараб? Щал лъарал? – ан, суалазул цIад базабуна дица, гьелде берги къинкIулаго.

– Кинабго лъикI ккана. Пайда щибха мун цадахъ йикIинчIелъул, – ан угьун хIохьел биччана гьелъ.

– Цо кида бугониги диеги щвелеб батилаха гьение ине, – ян жаваб кьуна дица гьелъие, амма дир расги ракIбухIун букIинчIо Болгариялде инчIогой-илан.

– Нижер группаялда рукIана кIиго гIолохъанчи – кIиго гьудул. Ниж ки-са-кирего цадахъ рукIана. Гьезул цоясин абуни, дица хIисаб гьабураб ме-халда, кколелдаса дагьалъ цIикIкIун кIвар кьолеб букIана диде. Дие гьевги рекIее гIуна. Дида ккун букIана гьев ватилин чIужуги ячарав чийилан, амма гьес дир рукъалъул телефоналъул номер тIалаб гьабуна, жиндирабго дихъе-ги кьуна. Лъаларо, щиб гьесда ракIалда бугебали, – Лейла, дое рикIкIадеги ялагьун, цо лахIзаталъ юцIцIухIун чIана.

– Гьедин байбихьула, дир хирияй, рокьул накъит, – ян махсара гьабуна дица. – Гьесул гьудуласе йикIинчIейищ нужер группаялда гьудуллъи гьаби-зе гIадай ясго?

– Гьудулги вукIана борхатаб лагаялъул, цIудул гIадаб мегIералъул, амма цIакъ живго жиндасаго чIухIарав гIолилав. Гьев гIемер кIалъалевги вукIин-чIо…

Гьелдаса ана чанго къо.

Цо къоялъ цадахъ хIалтIудаса къватIире лъугьунаго Лейлаца дида гьикъ-ана:

– Мун гьаб бачIунеб шамат къоялъ эркенго йигищ?

– Лъаларо, йигин ккола. Дуе щиб бокьун букIараб? – ан абуна дица.

– Дихъе Муслимица ахIун бачIана нолъ, гIодоркъоялъ дандчIвазе рачIаян вуго абулев. Дица абунаха цадахъ мунги ячинилан. Йилълъинарищ мун?

– ТӀоцебесеб нухалда гӀолилавгун дандчӀвазе унеи мун цохӀо мунго йиччазе бегьилищха. Нилъеда лъаларелъул щив чи гьевали, кинал къасдал гьесул ругелали. Узухъда, дун йилълъина дуда цадахъ, – ян чӀванкъотӀун жаваб кьуна дицаги.

* * *

Гьеб август моцӀалъул шамат къо букӀана цӀакъго бакъул бухӀиялъ борхьараб. Гьудулгун цадахъ дандчӀвазе ине хӀадурлъулей дида ракӀалде кколеб букӀана ралъдахъе инарел ратилин гьел, гьаб бухӀи жакъа дида хӀехьезе кӀоларилан. Амма ралъдал рагӀалда дандчӀвазе гьабураб къотӀиялдасанго бихьулеб букӀана гьенирго хутӀизе ругеблъи.

Дир ботӀролъ киналгӀаги пикраби рукӀинчӀо. БукӀана цого цо гъира дир гьудул Лейлае рекӀее гӀурав васасда берчӀвазе.

Дун цодагьалъ кватӀун ана гьение. Бокьун букӀинчӀо гьездаса цее ккезе. РикӀкӀадсанго бихьана Лейлал багӀараб гурдеги, цинги хадур берчӀвана гьелда аскӀор паркалда бугеб скамейкаялда гӀодов чӀарав кӀиго гӀолиласдеги.

– РорчӀами! – ян салам кьуна дица гьезие, аскӀоегӀан щолаго.

– ЙорчӀами! – ян тӀаде рахъана кӀиявго гӀолилав. Гьел цо лахӀазаталъ дихъ ралагьун хутӀана.

– Хатимат, лъай-хъвай гьабеха гьазулгун, – ян гьимана Лейла, – гьав вуго Муслим, дица дуда гьасул хӀакъалъулъ бицун букӀана, гьале гьасул гьудул ГӀабдулаги.

Муслим вукӀана хӀалакъараб гьоркьохъеб лага-черхалъул, канчӀал, кӀургӀарал расазул гӀолохъанчи. Гьев цин дихъ, цин Лейлахъ валагьана. Цинги ниж руцӀцӀун чӀедал, живго кӀалъана:

– Кире рилълъинел? Нужее бокьараб гьабизе буго, гьелда нижги разиял руго.

– Рилълъаха чвердезе ралъдахъе, гьаб бухӀараб бакъукь цоги кире инел, – ан нижги кӀалъазе течӀого жаваб кьуна ГӀабдулаца.

Дие гьев, битӀахъе бицани, бачӀинахъего рекӀее гӀечӀо. Гьесул беричаб, борхатаб лагаялъги, чӀухӀун борхун ккураб бетӀералъги, тӀаса гъоркье нижехъ ралагьарал беразги бицунеб букӀана гьесие нижер цо кинабгӀаги кӀварги тӀалабги гьечӀеблъи. Дие бокьана гьесда хӀунсун рагӀи абизе.

– Дун цо сагӀаталъ гурони йикӀине гьечӀо гьаний. Дир цоги гьаризесел ишалги руго. Нужедаго лъалаха кин лъикӀали, – ян абуна дица цонигиясухъги ялагьичӀого, дие гьезул цо гьитӀинабниги кӀвар гьечӀеблъиги бичӀчӀизабулаго.

Салуда тӀад тӀамураб полотенцаялда тӀад гӀодой чӀарай дида ракӀалдацин букӀинчӀо тӀаса ретӀелги бахъун чвердезе ине, ракӀчӀун гьеб лъарай дица цадахъ купальникги босун букӀинчӀо. Лейлаги кӀиявго гӀолохъанчиги, тӀаса бахъун дида аскӀоб ретӀелги тун карачелазулъе лъугьун ана.

Дун тӀубараб къоялъ юцӀцӀухӀун чӀун йикӀана гьез бицунелъухъги гӀенеккун. КӀиго нухалда, цин-цияв ун, мороженоеги цӀорораб лимонадги босун бачӀана нижее гьез.

Къо бакъанидехун гирулеб букӀана. Заман щвана рокъоре ине. Гьел лъабалго цо рахъалдехун ине кколаан, дун абуни цогидаб рахъалде. Дун гьезие къо-мехги лъикӀ гьабун, цонигиясухъги ялагьичӀого, дирго автобус чӀолеб бакӀалдехун йилълъана.

Рокъое щварайгоги нахъисеб къоялъги дида цониги нухалъ ГIабдула ракIалдецин щвечIо. Гьединал жалго жидедасагоги жидерго берцинлъиял-дасаги чIухIарал шагьаралъул пижонал дие киданиги рекIее гIолел рукIин-чIо.

Цо къоялъ Лейлаца дица абуна:

– Бице дида, дуе ГIабдула рекIее гIунищ? Дида ракIалде кковухъе, гьев дуда рекIелъ восичIин ккола дида?

– Лейла, ниж цIакъго батIи-батIиял чагIи ругин ккола дида. Гьаруураб бакIги, гIейги, гIумруги, яшавги, пикрабиги. Гьев цIакъ живго жиндасаго чIухIарав гIолилав вихьула. Йохъ, гIечIо гьев дие рекIее.

Лейла цодагьалъ юцIцIухIун чIана, цинги цо сундаялиго ургъулаго абуна:

– Лъаларо хадуб щиб ккелебали, амма нижер иш лъикI буго. Къасиги къадги ятула дун Муслимил пикрабазда. Досги гьебго жо абулеб буго… ГIе-неккея дихъ, мун ГIабдулае кутакалда рекIее гIун йиго. Гьес дида гьарана мун жиндехун юссине бажараб жо гьабейилан. Щиб дуца абулеб? Бегьулеб батани, рачIа мун цоги нухалда гьевгун дандчIвазе, кIалъа-ралъазе. Щиб лъ-алеб…Щиб лъалеб гьев дур къисмат ватизеги бегьула гури… Мун гIедегIуге гьев нахъчIвазе. Квешав вас ватилин кколаро дида гьев. Квешав вукIаравани Муслимица гьесулгун гьудуллъи кквезе рес букIинчIо…

Гьел рагIабаздаса хадуй дун тIубанго пикрабалъ тIерхьана. Ургъана Лай-лал рагIабазда тIад. Нахъойги ракIалде щвана доб ралъдал рагIалда араб къо. «ВахI, цониги нухалъ дихъ валагьулевцин вихьичIогури дида гьев. Шагьаралда ругелщинал берциналги чIухIаралги ясалги рихьулел ратила гьесда, дунни щай гьесие къваригIарай? Дун, я гьимичIо гьесие, я хIал лъазе биччачIо щибниги: рекIее гIуравищ гьев дие яги гIечIевищали…»

Кин букIаниги, цо чанго къойидасан ниж нахъойги ункъалго данделъана. КъотIи ккана цадахъ киноялде ине. Гьебги лъугIун къотIноре щваралго, дун рокъое гIедегIана:

– Баркала киназего, къо-мех лъикI, – ян абуна дица.

– Дица щвезайила мун рукъалъул кIалтIе, – ян абуна ГIабдулаца. Гье-дин абулаго гьесул гьурмаде лъалеб багIарлъи рехана. Дида чанги нухалда бихьун букIана цо щибалиго абулелъул гьев багIарлъулев вукIин. «Нич-на-мусги тIубанго билун гьечIин ккола гьасул, гьебгIаги лъикI», – ан пикруги гьабулаго дунго диего гьимана.

* * *

Гьеб къоялдаса нахъе ниж къойилго рихьулел рукIана. ХIалтIиги лъугIун дун рокъое унелъул гьев дихъ валагьун остановкаялда чIун ватулаан. Ниж унаан тира-сверизе. Унаан киноялде. Дун гIемерисеб мехалъ щиб бицинеб лъаларого, бицарабги гьесие рекIее гIелебищали ракIчIейги гьечIого, юцI-цIухIун йикIунаан гьесухъ гIенеккун. Дида кIолел рукIинчIо гьесие суалал кьезецин.

Дун дагь-дагьккун ругьунлъана гьев дихъ валагьун щибаб къоялъ чIун ватиялде. Цо къоялъ гьев вачIинчIого хутIани дида ракIалде кколаан, гьев тIокIалъ вачIинарин, цойги чIухIарай ва жиндаго ракIчIарай ясги

данделъун, гьейгун ватилилан. Цо рахъалъ гьеб пикруялъ дир ракI гIодобе биччазабулаан, гьединги лъикIин, щайгурелъул, ниж цоцаде ругьунлъун гьелъул кколеб хIасилги букIинарин. Амма цоги рахъалъ дида кколаан гьев тIокIалъ вачIинчIони, дие гьеб цIакъ захIмалъилилан.

ГIабдулал эбелги эменги церего ратIалъун рукIана. Эмен цоги чIужуги ячун Москваялда гIумру гьабулев вукIана. ИчIго-анцIго сон букIана васасда эмен вихьичIого, кинабгIаги кумекги гьесдаса васасе букIинчIо.

ГIабдула хIалтIулев вукIана ретIел букъулеб шагьаралдаго лъалеб ательеялда. Гьес бицунеб букIана бокьа-бокьарал чагIазе ретIел букъуларин, цохIого цо бечадазе ва цIар рагIаразе гурони. Балагьухъе, бихьулеб букIана гьесие лъикIаб харжги щолеб букIин ва гьев жиндирго хIалтIудаса разиго вукIинги.

* * *

Дида чанги рагIунги, рихьунги, тIахьазда цIалунги, кинобазда бихьунги лъалеб букIана дунялалдаги гIадамазул гIумруялдаги кколелщинал лъугьа-бахъиназул. ГьитIинаб къоялдаса нахъего рихьана мадугьалихъги гIагаразулъги лъале-хъвалезулъги талихIкъарал руччабиги, рихзарал хъизаналги, бесдал хутIарал лъималги. Жеги школалда цIалулей гьитIинай жо йикIаго, дица чанги хIисаб гьабулаан щайдай гIадамал гIемерисел къисмат битIичIел, талихI кьечIел, янгъизаллъун ругелилан. Ургъараб мехалда, дида ракIалде кколаан, гьез цо щиб гьабунги, кин гьабунги мекъи гIумру гьабулеб бугин, цоял цоязда рагIичIого, ричIчIичIого, тIасалъугьун течIого, хIеренлъиги сабруги гIоларого. Гьединлъидал ругин гьалгощинал къисмат бекарал гIадамалги. Узухъда, дир кидаго ракIчIун букIана дида гьеб хъвазе гьечIилан, ракIчIун букIана дир гIумру батIияб букIиналда.

Дун талихIай йикIана гьел къояз. Сверухълъи паркъолеб букIана батIи-батIиял кьераз. Бокьулареб ралъадги бокьана, щайгурелъул ГIабдулае гьеб рухIгIан хирияб букIана. Цо къоялъ ралъдал рагIалда цо кIудияб ганчIида гIодорги чIун, карачелазухъ ралагьун рукIана ниж.

– Балагье гъоб подъемный краналъухъ, гьолъул залимлъи! – ян абуна ГIабдулаца порталда хIалтIулеб, кирпичалги цементги добехун гьанибехун лъолеб краналъухъги валагьун.

Дун гьес килищ битIараб рахъалдехун ялагьана. Дида ккана гьабсагIат ракьалда тIад гьелдаса берцинаб сурат батиларилан. Дун хIикмалъун хутIана гьелъухъ балагьун. Киданиги ракIалде кколароан дида подъемный кран берцин бихьилилан. Цинги бичIчIана дида гьеб. Сверухълъи гуро гьединаб гьайбатаб букIараб, гьеб гьайбатаблъун лъугьунеб букIана нижер талихIалъ, ниж цого бераздалъун цадахъ гьелъулъ ралагьулел ва рохулел рукIиналъ…

Цебехун бихьулеб букIинчIеб бихьана, рагIулеб букIинчIеб рагIана, лъалеб букIинчIеб лъана. БатIаго цIикIкIараб къиматаблъун лъугьана кина-щинабго: гIадамалги, тIабигIатги, заманги. БатIаго берцинго тIегьана гьеб соналъ гъутIбиги, чвахана ихдалилал цIадалги, гIурччинлъана сверухълъиги. Гучал карачелазда, цIакъго бохун, шавкъалда гьелчана ралъадги. Бокьун букIана киназего цо щиб букIаниги лъикIлъи гьабизе, гьезие гьимизе, салам кьезе. Боржине къачIараб хIанчIил гIадин пархолел рукIана дир талихIалъул куркьбал.

Цо-цо мехалда цо кинабалиго щакдарги бачIунаан рекIелъе: цIакъго бигьаго, кIал гьикъичIого, къо бихьичIого, гIазаб хIехьечIого, магIу тIечIого щвана гури дие гьаб талихI?.. Унго, щибдай нижер ккела? Кидаго гьадин букIинадай? КIвеладай ГIабдулада дир ракI кIихIи къотIизе?..

* * *

– Лейла, эбелалъул кагъат бачIана сон…

– Цинги?

– Эбелалъ гьикъулеб буго кида отпускалъ ячIунейин. Гьарун чагIи рачIунел ругила, квешал бакIалги гьечIила. Дида гьикъичIого кинаб жаваб гьезие кьелебали жидедаги лъалеб гьечIила. Эменги вугила зигардулев, институт лъугIарай ясалъе заман щун бугин рос-рукъалде инеян.

– Щиб гьабизеха дуда ракIалда бугеб?

– Гьеб кагъат цIаларабго дида ккана ургьибе цо цIадул хIенехI бортанилан. Щай дун гьедигIан цIакъ хIинкъараяли лъаларо, дие бокьичеб жо гьабулел чагIиги дир эбел-эмен гуро. КватIичIого дун хвезе йигилан абураб гIадин, пашманлъиги янгъизлъиги бачIана рекIелъе кIанцIун…

– Бицинебищ дуца гьезда ГIабдулал хIакъалъулъ?

– Лъалаго… Дун цин ГIабдулагун кIалъала. Кинал къасдал гьесул ругелали хIалбихьила. Цинги балагьилаха…

«Отпускги босун дун магIарухъе иналде цебе ГIабдулаца цо мухIканаб хабар бицине батила дида. Гьеб мехалда ракIчIун, ургъел гьечIого бицина дица эбел-инсуда гьесул хIакъалъулъ. ГьанжелъизегIан жеги букIинеселъул хабар ккун букIинчIо нижер… КIиялго нечолел рукIана гьелъул хIакъалъул бицине, тун букIана жеги заман гIемераб бугилан, тIубараб гIумру бугелъулха цебехун жеги…»

Дица хIукму гьабуна нахъбахъичIого ГIабдулалгун гьеб хабар дандбазе. «Щиб лъалеб, вукIаниги щиб гьев бихьинчи, эменги гьечIого къоролалъ гIезавурав вас вугелъул, нечон ватизеги бегьулагури гьелъул бицине. Дица байбихьани батIаго рогьо бугеб жойищ гьеб бугеб?»

* * *

Амма гьеб гьедигIан бигьаяб иш батичIо. Чанго къо ана кин байбихьилебали лъаларого, васвасдилаго, цин нечон, цин сундаса лъаларого хIинкъун. РакIалдаго гьечIого гьев живго вачIана дие кумекалъе:

– Муслимие бокьун буго исана Лейлалгун бертин гьабизе. Дуда гьелъ щибниги абунищ? РекIее гIурай ясги дандчIван йигелъул, эбел-инсуцаги квербакъулеб мехалда, щай нахъбахъун тезеян вуго гьев сон дида абулев. Нилъги кьурдилаха гьезулъ берталъ, – ан гьимана гьев дир бадивеги валагьун, сунданиги щаклъиги гьечIого.

– Дида бицана Лейлаца. Кьуридиларищха нилъги гьезул берталъ…

– Дур гьаракьалъулъ пашманлъи бугогури. Яги дун мекъийищ вугев? Щиб ккараб жо?

– ГIабдула, – ян абуна дица бугеб-гьечIеб къуватги бакIарун, – росулъа кагъат бачIун буго, эбел-эменги дир ургъалилъ руго, росасе ине гIурай яс шагьаралда цохIо жийго тезе лъикIги гьечIин, гьаризе чагIиги рачIунел ругилан…

– Дуца кинаб жавабха данде хъвараб?

– Дица хъвана гьезухъе кватIичIого отпусги босун росулъе ячIинин, цинги гьеб мехалъ гьелъул хабарги бицинин.

– Мун дир йиго. Лъиениги кьезеги гьечIо. Дица тIолабго гIумруялъ ялагьулей йикIана мун гIадай яс. Мун цогидал гIадай гьечIо, батIияй йиго. КигIан талихIав чи дун вукIине кколев мун дандечIварав. Йохъ, дие цойгияй къваригIун гьечIо. Дунги вачIина дуда цадахъ мунги гьаризе, дур эбел-эменги рихьизе, дур лъимерлъи жаниб араб росуги бихьизе. ЛъугIана хабар, – гьес дир квералда хIеренго убач гьабуна.

* * *

– Дие бокьун буго эбелалъулгун дур лъай-хъвай гьабизе, заман щвана гьанже нуж цоцада рихьизеги лъазеги – ян абуна ГIабдулаца цо къоялъ, рикIкIадасанго гьимулаго, данде вачIунаго. – ХIадуреха, воре, дир эбелалъе рекIее гIечIони, хвана иш, – ян махсароги гьабулаго, ракIа-ракIалъ велъанхъана гьев.

Дида нахъалъагIан макьу щолеб букIинчIо гьеб сордоялъ. Цин цояб ретIун гурде, гьеб рекIее гIечIого цинги цогияб ретIун, гьебги рекIее гIечIого юбкаги кофтаги ретIун, гъугъараб гIор гIадал, тIокIкIин гьечIел пикрабаз бетIерги унтизабун, рогьалилъ ккана кьижун.

Бакъанида хIалтIул къоги лъугIун, гIедерго кIутIулаго ракIгун, остановкаялъухъе щварай дида, кидаго дихъ валагьун гьенив эхетун вукIунев ГIабдула, гьеб къоялъ ватичIо. Гьале ана щуго минут, хадуб анцIго, цинги ана бащдаб сагIат… Цоязда хадур гъун цоял, цояз цогидал хисун, унел рачIунел автобусалги рукIана, хаган дихъги ралагьулаго аскIосан унел бихьиналги цIуялги рукIана. РукIкIунеб букIана хинаб риидалил къоги, вачIуневго вукIинчIо ГIабдулаги…

Дида бичIчIана цо жо ккараблъи. Гьев вачIинчIого чIезе рес букIинчIо. Лъида гьикъилеб? АхIизе телефонги гьесул рокъоб букIинчIо. «Метер Лейлаца бицина кинабго. Гьелда Муслимица бицина гури…» – цо ричIчIуларел ва рекIее гIоларел рахIатхварал пикрабигун, дун гьаюгьинан рокъоехун ялагьун йилълъана.

Нахъисеб къоялъ хIалтIудеги гьапуллъун дирго кабинеталда столалда нахъ гIодой чIарай дида, нуцIихъанги яккун, аскIосан уней йикIарай бухгалтералъ абуна:

– Хатимат, дова къватIив чIун вугев цо берцинав васас гьарана дида мун жиндихъе ахIейилан, – гьелъ дихъги ялагьун сихIирго беркъинкIана. – Берцинал васазул гьари тIубазабизе ккеларищха, екере, а досухъе хехго, цогиялъ хъамун ине гурин гьев, – ан тIадеги жубана гьелъ.

НуцIил кIалтIа, болъодухъ вахъун чIун вукIана ГIабдула. Дун йихьарайго гьев цодагьав багIарлъана, довехун валагьана, цо лъиданиги жив вихьулев вугищали хIинкъарав гIадин, гьанивехун валагьана.

– ЙорчIами, – ян хIалицаго гIадин гьимана гьев дун йихьидал.

– Сон духъ рахIатхун букIана дир, щибгIаги ккечIого гьечIодаян…

– Эбелги дунги росулъе ине ккана, имгIал хун. Эбел лъояго тана, дун нахъвуссана, – ян абуна гьес.

* * *

Дун отпускги босун магIарухъе ана. Росулъ шагьаралда гIадинаб багIари букIинчIо. Гьеб букIана бищун дие бокьулеб пихъал барщулеб заман. Инсуе дагь-дагьккун мадар лъугьана. Дица гьесие бажарарабщинаб гьабуна: дараби кьуна гьекъезе, уколал гьаруна, кваназе тIамулаан хIалицаго гIадин, щибаб къоялъ рада-радал ахикьги лъарал рагIалккунги свердизе тIамуна.

ГIачиязул рохьдода ине ирга тIаде щведал, гьебги тIубана, цо анкьалъ гIиядаги ана. Рохьое ун цIулги къотIана ва хIамица рокъобе баччана хасалие гIезегIанасеб жо. Хурзалги рецана. ХарибакIалги рацIцад гьаруна. Ахикьа пихъги бакIарун рокъобе щвезабуна. Гьанже цохIо картошка хутIулеб букIана.

Дица, эбел-инсул бадие ялагьанщинахъе, цIалулеб букIана гьезул гьурмалъ, цебего гьезие кьезе бокьараб суал. ГьанжелъизегIан гьезул таваккал гIун букIинчIо гьелъул хIакъалъулъ кIалъай гьабизе.

ЦIадги балеб, ах-хуриеги ине рес кколареб къо букIана. Ниж хабаркIалалда рукIана рокъор.

– Дир яс, – ян абуна инсуца дихъги валагьун. – Кинха дур хIалтIи-иш кколеб бугеб шагьаралда? Цадахъ хIалтIулел чагIи лъикIал ругищ? ХIалтIи захIматаб бугищ?

– ГьечIо, дада. ХIалтIиги дие рекIее гIолеб буго, цадахъ хIалтIулелги лъикIал, иман бугел гIадамал руго…

– Замана цIакъ хехго унеб жо буго, дир яс, заман щвана дуе хъизанлъималазде ургъизеги.

– Мун гьарун чагIи рачIунел руго, – ян тIаде жубана, гьанжелъизегIан юцIцIухIун чIун йикIарай эбелалъги. – Нилъерго росулъаги руго, мадугьалихъ росулъаги руго. Квешал бакIалги гьечIо. Ниж мун ячIиналъухъ ралагьун рукIана, щибдай дуца абилаян?

Инсуца рицана цIарал дун гьаризе рачIунел чагIазул. Дида гьел киналго лъалел рукIана. Дун мадугьалихъ росулъ бугеб школалда цIалана чанго соналъ. Эбел-инсул ракIхвезабизеги бокьичIого, дун ургъулей йикIана кинаб жавабдай гьезие кьелаян.

– Дида лъаларо кинаб жаваб гьабсагIат нужее кьелебали, – ян байбихьана дица, гIодобе къулизе бетIерги биччан, – изну кьолищ нужеца дие цодагьалъ ургъизе? Цо моцIидасан дун нахъойги щвела нужехъе, гьеб мехалда кьела дица нужее чIванкъотIараб жаваб…

– Ургъеха, дир яс, – ан абуна инсуца, угьун хIухьелги цIалаго, – нижги кидаго рукIунел чагIи гурелъулха, Аллагьас рикIкIун кьурал къоял лъугIулел руго… Мунги росасе кьун, парахат рукIине бокьун буго нижееги. БокьичIеб бакIалде хIалица мун лъицаго кьолей гьечIо. Мун гьанже гьитIинаб лъимерги гурелъул, цIали лъугIизегIанги тана...

Гьелдалъун лъугIизе тана, халат бахъун пайда гьечIилан гьеб хабар.

ТIаде щвана эбел-инсулгун къо-лъикI гьабулеб къо.

– Эбел, вореги дуца гьаб картошкаялда квер хъваге, дун ячIина цо моцIидасан гьаб бакIаризе. БичIчIанищ дуда? – абун мухIкан гьабулеб букIана дица гьелъул рахIат гьечIеб гIамал-хасиятги лъан. – Воре, мун сабру гьабун чIа дун ячIиналъухъ ялагьун. Мун кидаго гIедегIуна, дудаго къобихьизабула, – дица хIеренго гьелда къвал бана. – Гьале лъугIана дир отпускги, тIурана киналго хIалтIабиги. Дуца, эбел, гьанже мунгоги эменги цIуне. Нужеего хIалхьиги рахIатги гьабе. Дир ургъел гьабуге.

* * *

Бакъанида щвана дун шагьаралде. Свакарай ва машинаялъул рагьараб гордухъан жанибе бачIунеб букIараб хIур-кIучалъ чорок гьаюрай дун, хIалицаго баччулаго, эбелалъ кина-щинабго жо жаниб къазабураб бакIаб сумкагун, дирго рукъалъул кIалтIа эхетана. ТIубараб моцIалъ дунги гьечIого, лъицаниги кверги бахичIого, янгъизго дихъ балагьун бугоан дир рукъ. НуцIихъ къазабун батана гьитIинабго кагътил кесек. Гьениб Лейлал кводалъ хъван букIана: «Хирияй дир гьудул, мун жакъа ячIине кколеблъи лъала дида. ГьатIан къоялъ сагIат кIигоялда нилъ ахIун руго берталъе, Саида Мурадовналъ яс росасе кьолей йиго. Гьелъ тIадчIун гьарана дудеги хабар щвезабеян. Берталъ рихьилаха. Дун духъ балагьун чIезе йиго. Лейла».

Саида Мурадовна йикIана нижер отделалъул заведующая. Гьей йикIана кутакалда киназго хирияй, гIадамасе кин гьабунги лъикIлъи гьабизе бокьулей, чIухIи-ханлъи чорхоль гьечIей гьоркьохъеб ригьалъул, гIадатияй чIужугIадан. Гьелъул яс, гьанжего гьанже цIалиги лъугIарай, юристалъул дипломги щварай Аида нижеда цIакъ лъикI лъалаан. «Рокьулароха дие гьал бертаби, амма инчIого гIелароха. ТIубараб коллектив унеб мехалда гьоркьоса яхъун чIани, гьел барщилаха дидаса….».

Дица нахъеги нуцIихъе бер рехана, цойги кагъат балагьулаго. Амма ГIабдулал лъалкI гьаниб букIинчIо. Дир рекIелъе цо гIажаибаб, цебехун букIинчIеб чIобоголъиги янгъизлъиги рещтIана…

Дица мадугьалалъул нуцIида кIутIана. Гьеб гьебсагIатго рагьун ана.

– Щварайищха, дир месед! КигIан лъикIха. Мунги гьечIого ракIги гъоларого йикIанин дунги. Гьа, сахлъаравищ эмен? Кин йигей эбел?

Дица гьелъухъе эбелалъ битIараб сайигъат-салам бегьана. Цинги дир гIумруялъул рохел талихIги гьелъул жавабалда бараб бугеб гIадин, ракI хIалакун гьикъана:

– Рукъият-кIодо, киналго сах-саламаталда руго. Дуде саламги битIана. Дун лъицаниги гьикъулей йикIанищ?..

– Лейла ячIун йикIана жакъа радал, дир яс, – ан мухIканго абуна гьелъ, – мун берталъе ахIизе ячIун йикIанилан абунаха долъ, дуда кагъат батанищ нуцIихъ? ТIокIав щивниги дида вихьичIо.

– Кагъат батана, баркала…

* * *

Бертин квешаб букIинчIо. ГIадатияб, киналго бертаби гIадаб. Кванан-гьекъана, цоял кьурдана, цогидаз гьезие хъат кьабуна. Кидаго гIадин тамадаяс рагIи кьолеб букIана иргадал бахIаралъул эбел-инсуе, цинги гIагарлъиялъе, гьобол-гьудулзабазе: «…баркала нужее, эбел-эмен, нужеца гIезаюн йиго унго-унгояй иман-асги бугей, магIна-гIорхъиги бугей, жийгоги лъидасаго берцинай яс. РачIаха гьанже борхизин нилъеца гьаб бокал бахIарасеги бахIаралъеги талихIги халатаб гIумруги гьарун. Гьареги гьезие жалго гIадал лебалал ва берцинал лъималги…»

Дица цо лахIзаталъ цебечIезабуна ГIабдулал бертин. Гьесда аскIой бахIаралъул ретIелги ретIун дунги цеечIезайизе кинго бачIунеб букIинчIо. Билун, щущан, паркъун унеб букIана дир сипат. Амма цойгияй гьесда аскIой цеечIезайизеги дида кIолеб букIинчIо. Гьединаб пикруялъ цIакъго

ракI лъукъулеб букIана. Дун хIинкъана гъесда аскIой цогидай йикIине бегъулагурийан дир ботIролъе бачIараб пикруялдасацин. «Йохъ, гьебни букIине бегьулеб жо гуро. Дида кIвеларо гьебги хIехьон хадусеб гIумру гьабизе. Гьеб бегьулеб жойищ… Цойгияй… Жакъа гIодоркъоги буго щибулевдай дов вугев? Унго лъазе бокьилаан кинал пикрабаз гьесул керен цIун бугебали. Щивгун гьев гьабсагIат вугевали… »

Дие сундулго кеп букIинчIо…

Мех-мехалда гъоркьанго дихъ бер речIчIизабулей йихьулаан Лейлаги. Гьелъулги рахIатхун бугин ккола цо сунцаялиго. Гьей гIемер кIалъалейго йикIинчIо жакъа. Цониги нухалда кьурдизе яхъарайги йихьичIо дида гьей. Дидани кьурдизецин лъаларо, амма Лейла, унго гьей лъедолей берцинго горсвериялда, ракьалдаго хъваларин ккола гьелъул тIадагьал бохдул. ЦохIого цо гьей кьурдулеб куцалъухъ балагьун ккезе бегьила гьелъухъ рокьи. Чан нухалда гьелъ хIалбихьараб дунги ругьун гьайизе.

– Лейла, гьеб гьунар БетIергьанас дие кьураб жо гуро, гьунарал рикьулеб мехалда, дун гьоркьой тун ятила, – ян махсаро гьабулаан дица.

Бакъаниде гIагарлъулеб букIана къо. Цо-цоккун ине лъугьана берталъа чагIи.

Дун Лейлахъ ялагьун чIана. Гьелда бичIчIанин ккола дир пикру:

– Рилълъа гьанже гьаниса нилъги, – ян щурана гьей дида, гIиндеги къулун. – Цодагьалъ тира-сверила, цинги рокъо-рокъоре ина. Мун рази йигищ?

– Йиго. Рилълъа.

Ниж къотIноре щвараб мехалда бакъ щинкIулеб букIана магIарде нахъе. Радал роцIун, гвангъун букIараб дуниял гьанже кисахун рачIаралали лъачIого, цо добасан бахъун, цояб гьанисан боржун, чIегIералги хъахIалги журарал накIкIаз цIуна.

– ЦIад базехъин бугин ккола. КигIанги лъикI, – ян абуна Лейлаца. – Цодагьаб гьогьомиги рехила, ракьги биччила. Дие кутакалда бокьула риидалил цIад. Дуе бокьулищ, Хатимат?

– Бокьула…

– Кин араб дур отпуск? Эбел-эмен кин ругел? Дуца гьезда дир салам бицарабищ?

– Узухъда, бицана. Квеш гьечIо. Инсулги мадар буго, эбелалъе кумекги гьабуна.

Гьелда лъан букIана кинаб суал гьелъие кьезе дие бокьун бугебали. Кир ва лъида аскIор дир пикраби женжедулел ругелали. Гьединлъидалги батилаха, гьей зама-заманалда дихъги ялагьун, юцIцIухIун чIолей йикIана.

– Дуда Муслимица щиб бугониги абунищ ГIабдулал хIакъалъулъ?

Гьелъ жаваб кьолеб букIинчIо. Цинги кIваркьун нахъеги дихъги ялагьун, цо кинабалиго рекIелъ бугеб васвасдиги бахчулаго, гьелъ абуна:

– ГIабдула Каспийскиялде вахъун вуго. Гьениб живго бетIергьанаб ательеги рагьун буго. Гьанже гьев гьенивго вукIунин, цо-цо гьанивеги вачIунин эбелалъухъе щвезеян абуна Муслимица.

Дун гьалгъан, щиб абилеб лъаларого хутIана.

– Тамашалъи, ГIабдулаца дида щибниги бицинчIо, – иланги абун, циндаго юцIцIухIун чIана, щокърор къан хутIана магIил гарал. «Щайдай гьеб дидаса гьес бахчараб?..»

Дие бокьун букIинчIо тIокIалъ тира-сверизе. Хехго рокъое щвезе бокьун

букIана. Метер рихьилилан Лейлада убачги гьабун, дун автобус чIолеб рахъалдехун гIедегIана. Гьеб букIана ГIабдулал рукъ бугеб къватI. Гьес бицун букIана щиб рахъалда гIумру гьабун жив вугевали.

Дуниял рукIкIана. Цо заманаялъ квешаб гьаракьги гьабун гъугъадана зоб, къалъизе сверухълъиги гьабун пирхана пириги. ЧIахIиял цIадал тIираби тIинкIана ракьалде.

Автобус бачIунеб рахъалдехун ялагьун чIарай дида, циндаго бихьана, дун йигеб рахъалдехун вачIунев ГIабдула. Дун кутакалда йохана гьев вихьидал. Амма гьев цохIо живго вукIинчIо. Кваранаб рахъалъан гьесул рукьги ккун, шавкъалда гьесие цо жоги бицунаго, ячIуней йикIана цо гIолохъанай гIадан. Гьесул гъажилда бан букIана гьелъул сумкаги. Гьев цIакъ машгъуллъун вукIана гьелъ бицунеб жоялъухъги гIенеккун. Циндаго гьесда дун йихьана. Гьев гIодове къулана, цинги нахъойги дихъ валагьана. Щаялиго гьесул гьурмал кьер хисанин ккола. Дун, щибго бичIчIуларого, гьимулаго гьесухъ ялагьун чIана. Дида ракIалде ккана гьей ятилин гьесул гIагарай чIужу, гьоболъухъ ячIарай, ва кватIараб заман букIиндал гьес рокъое щвезаюлей. Гьале, гьев дида аскIове щвана. Цинги ана… аскIосан. Гьес дун йихьичIеб ххвел гьабуна. Дун гьалгъан хутIана. Цин гьесана гьесда хадуй екеризе ва «ГIабдула, ГIабдула! Дуда дун лъалейищ гьечIей? Гьай дун йигин!» ахIизе. Амма бохдул рагъаризаризе кIвечIо. Гьел асфальталдехун рекIун чIун рукIана. Базе лъугьана чвахун цIад. Дун йиччулей йикIана, амма дие гьелъул кинабгIаги кIварцин букIинчIо. РачIунел унел рукIана автобусал. Дида кIвечIо цонигиялда рекIине. Къуват гIечIо. Цинги автобусал тIокIалъ рачIинчIо. Заман кватIараб букIана. Дун, хIалицаго галабиги тIамулаго, цеехун йилълъана. Дида аскIосан, доба-гьаниб речIчIизабун риччелгун, роржунел рукIана машинаби. Гьеб лахIзаталъ дидаго дунго йихьана дунялалда тIадго бищун янгъизай гIаданлъун. ГIодизецин кIолеб букIинчIо, магIу бакъван букIана. «Баче машина дитIе, баче машина дитIе…», – ян щурулеб букIан дица аскIосан унеб машинаялъул гьаракь рагIанщинахъе. Дирго тавакал гIолеб букIинчIо цее кIанцIизе…

* * *

Гьеб сордоялъ дуниял рогьинегIан бер къанщичIо дица. Дида бичIчIана ГIабдула дие хиянатлъаравлъи. Гьес цойгидай тIаса йищарайлъи. БухIулеб, гIодулеб букIана ургьиб ракI. ТIоцебе, къоло лъабго сон бараб дир гIумруялда жаниб лъана дида щиб жо хиянатлъияли. Дунялалда къанагIатги ватиларо инсан, бечедавги, цIар рагIаравги, берцинавги, чIухIаравги хиянатлъи лъачIев, гьелъул кьогIаб лълъар гьекъечIев. Гьекъана гьеб тIоцебе гьеб сордоялъ дицаги. ЦIакъго захIматаб жо батана гьеб хIехьезе. Узухъда, хадубги чанги лъана дида гьелъул цIамхIалаб тIагIам…

Амма доб сордо… Доб сордо кидаго ракIалдаса унаро дида... РакIалдаго гьечIого свинабуна дир рекIелъ рекIараб гвангъараб чирахъ. Дун хутIана бецIаб сардилъ…

ЦIакъго хIинцго къокъунел рукIана къоял. Дир хьул букIана кида вачIунги ГIабдула вачIинин, цинги гьес абилин «тIаса лъугьа, дир бетIер сверун батана ва дун кутакалда рекIекълъанаян». Радал хIалтIуде гIедегIулаан дун жакъа гурев жакъа гьев ватилин гьенив дихъ валагьунан. Цинги бакъанида рокъое гIедегIулаан, щиб лъалеб, хIалтIуде вачIинеги нечон, дир рукъалда аскIов вукIинеги бегьулин гьев дихъ валагьун чIунилан. Хасго захIмат букIана байрамкъояз. ГIакълуялъ абулеб букIана тIокIалъ гьев вачIунарин, гьес

жиндирго къисматалъул нух тӀаса бищанин, амма ракӀ, ракӀ мукӀурлъулеб букӀинчӀо хьулазул кутаклъиялъ.

Лейлаги йикӀана дида ракӀгурхӀун, кин дие ракӀ-макӀ гьабилебали лъаларого. Цо къоялъ гьей цӀакъго кьербосун йихьидал, дир рахӀатхвана.

– ХӀалтӀи лъугӀарабго тира-сверизе рилълъинагури? – ян абуна гьелъ дида.

– Узухъда…

Ниж ралъдал рагӀалда салуда тӀад гӀодор чӀана. Циндаго гьелъ сумкаялъусаги бахъун цо кӀисукӀараб кагъат кьуна дихъе.

– Дуда кинабго лъазе ккола, дие бокьун гьечӀо гьаб дудаса бахчизе, – ян абуна гьелъ сасараб гьаракьалъ.

Гьеб букӀана ГӀабдулал квералъ хъвараб кагъат.

Дица гьеб цӀалана.

«ТӀасалъугьаян дуда гьаризе дица батӀаго квешлъиги гьабичӀо дуе, гьединлъидал цӀакъго гӀайибиявлъун дицаго дунго рикӀкӀунаро. Мун лъикӀай яс йиго: хӀеренай, хӀалимай, сабурай ва цӀакъго гӀодое йиччарай. Нилъ батӀи-батӀиял руго. ТӀоцересел къояз дун талихӀав вукӀана мунгун, цинги дида бичӀчӀана дие цо щибалго гӀолеб гьечӀолъи. Хадуб дида бичӀчӀана, дие къваригӀун йикӀин батӀияб гӀамалалъул гӀадан: гьагай, гӀанчӀай, дир кӀал буцӀцӀинабулей, цодагьай хъачӀай… РакӀалде ккола, дудаги дандчӀвалин дурго гӀадаб гӀамалалъул васги ва нужги талихӀал рукӀинин… Дица ракӀ-ракӀалъ дуе гьарула талихӀ. ГӀабдула».

Гьелчолел рукӀана ралъдал карачелаби. Дир гӀадалъ рагъулел рукӀана ГӀабдулал рагӀаби: «…мун цӀакъго сабурай ва гӀодое йиччарай йиго… Дие къваригӀуна батӀияб гӀамалалъул гӀадан…» Гьел рагӀаби цӀакъго хӀакъиралллъун рихьана дида. ЦӀакъго хӀунсана гьел дир рекӀелъ. Дида лъалеб букӀана гьагайги, гӀанчӀайги дун киданиги йикӀине гьечӀейлъи. Дун батӀияй йикӀана…

– Ина заманги, рекӀекълъила гьевги, мун абуни разиго йикӀина гьадин кканилан, – ан кӀалъана Лейла. – Щиб лъалеб жибго къисматалъ нахъе вачахъун ватизе бегьулагури гьев дудаса. Дур гӀайиб кколеб бугоха мун лъикӀай яс йикӀин?! Тамаша! Заманаялъ кинабго жинди-жиндир рахънибе ккезабила. Гьесул инсуцаги рехун тун буго хъизан. Гьабун буго хиянатлъи. Гьале гьанже гьесги. Гьанже гьабичӀониги, сонал ун хадусаги, гьабизе букӀана гьес гьеб. Гьеб мехалда кигӀанги захӀматго дуе букӀинаан…

– Лейла, щийгӀаги дой гӀадан? Дуда йихьанищ, лъалищ дой? – абун гьикъана дица гьудулалда свараб гьаракьалъ.

– Лъала. РакӀалда бугищ дун Болгариялде араб заман, доб мехалъ нижеда цадахъ йикӀана гьейги. Росасдасаги ятӀалъарай лъимерги бугей, Каспийскиялда гӀумру гьабулей чӀужу. Дой дояги йикӀана гьесда тӀадчӀун, рекӀун, киве гьев аниги, гьесда хаду-хадуй йортанхъилей. Дида ракӀалде ккола дол гьанирги рихьулел рукӀанилан… Дун гьелда щакдарулей йикӀана, амма ракӀчӀун лъалеб букӀинчӀо.

– ВахӀ, щибго лъаларей дунгиха… ТӀубараб лъагӀелалъ бахчизе кӀвана гьесда гьеб дидаса… Гьединал рокьулел рукӀун ругоха бихьиназе…

Борхатаб кьурдаса гъоркье, гъоре гъваридал кӀкӀалахъе ортулаго, тӀиналдеги щвечӀого, дора-гьанирги речӀчӀун, щущан ана дир анищал. Пашманлъиялъ цӀуна керен.

Дида ракӀчӀун лъалаан цо киданиги букӀаниги ругъунги сахлъилеблъи, гьаб бакӀлъиялдаса ракӀги эркенлъилеблъи. ВукӀаян абе гьев гьей гӀадангун талихӀав…

* * *

Сверана цоги лъагӀел. Август букӀана дир моцӀ. Дун отпускги босун Пушкинил «Евгений Онегин» поэма ва Лермонтовасул сонеталги росун росулъе гӀедегӀана.

Къоялъ хӀалтӀизеги хӀалтӀун, къаси рокъое щварай дун гӀемер кватӀичӀого кьижун кколаан, гьелда-долда ургъизе заман букӀунароан.

Кидаго гӀадин рецана хурзалги, магъилъа гьоробе баччана бакъвараб херги. Чурана, хулана, рукъ рукӀалиде ккезабуна. Херал эбел-инсул квер киса-кибего щолеб букӀинчӀелъул.

Ана рохьдодаги, гӀияздаги, бачаздаги. Кьер-кьерал тӀугьдузул цӀурал байдабазда щущан, кваналеб бугеб боцӀуде берги щвезабулаго, кодоб ккун «Евгений Онегингун» ана таманал къоял. Дица гӀиязеги, гӀачиязеги, бачазеги, махӀ берцинал тӀугьдузеги цӀалана Онегинихъе хъвараб Татьянал кагъат: «Дица духъе буго гьаб кагъат хъвалеб…». Гьел дихъ, гӀодоре бутӀрулги къулун, цӀакъ хӀикмалъун гӀенеккана. Гьезул бадиса цо-цо магӀил гаралцин гиранин ккола. Дица гьезда квер бахъана ва баркала кьуна дихъ гӀенеккаралъухъ. Дунги гӀодана гьезда цадахъ. МагӀуялъ бацӀцӀад гьабуна ракӀги, пикрабиги, анищалги, хвасар гьаюна щокърoб къараб ганчӀидасаги, цӀад бан хадуса роцӀунеб зоб гӀадин, чӀаголъун бачӀана черхги. Цинги эбелалъ лъураб квен жаниб бугеб таргьаги рагьун иццухъ гӀодойги йикӀун кванана.

Эбел-эменги ралагьун рукӀана дир чӀванкъотӀараб жавабалъухъ. Дида гьеб бихьулеб букӀана. Дир хӀукму ккана шагьаралде иналде цебесеб къоялъ кьелин дица гьезие жавабан.

– Дада, дун разияй йиго нужее бокьаралъуе ине. Дун гьарун вачӀарасе кье диррагӀи. Дун божарай йиго, нужеца дие квешав вастӀасавищиларевлъиялда…

* * *

Гьабуна Лейлалги Муслимилги бертинги. Бертин гьабун цо анкь иналдего гьел хӀохь бахъизе Югославиялде ана. ТалихӀал гьезухъ балагьун, дида бичӀчӀана гӀумруялда жаниб хиянатго гӀадин талихӀги бугеблъи, гӀадамалги батӀи-батӀиял рукӀунеллъи. КватӀичӀого дирги букӀине кколаан бертин, амма Лейлаца рикӀкӀаде сапаралъ унаго, лъазабуна:

– Ворегиха, дир хирияй гьудул, ниж тӀадруссун щвечӀого, мун росасе ине гурин!

– Нужги гьечӀого кинаб бертинха дир букӀунеб, дуцаги абунаха, – абун разиго гьимана дун.

Доб цо кидаялиго бецӀаб сардилъ, чвахун балеб цӀадукь, каранда свинабураб чирахъ, дагь-дагьккун канлъулеб букӀана.

* * *

Гьелдаса нахъе ана анцӀила щуго сон. Дун цо гьитӀинаб идараялда кӀудияй бухгалтерлъун хӀалтӀулей йикӀана.

Гьеб букӀана март моцӀ. Радалидаса нахъе чанго нухалда хисана гьава-бакъалъул хӀал, цин цӀад щенолеб букӀана, хадуб гьеб гӀазуде сверулеб букӀана. Циндаго кинабго къотӀун ун бакъ баккулеб букӀана, ва нахъойги гьури пулеб букӀана. Дун дирго кабинеталда столалда нахъа гӀодойги чӀун,

кIиябго квералъ бетIерги ккун, бухгалтеразул цIияб программаялъухъ балагьун йикIана.

Циндаго нуцIида кIутIана ва нуцIихъа жанибе баккун бачIана нижер гIолохъанав хъаравул Халидил бетIер.

– Хатимат МухIамадовна, мун къватIие ахIулей йиго.

– Дир заман гьечIо, дуца дихъе жаниве виччай гьев дун къваригIарав чи.

– Дица виччалев вукIана, амма гьес инкар гьабулеб буго…

НуцIаги рагьун къватIие яккарай дида азбаралда щивниги чи вихьичIо. Доехун ялагьана, гьаниехун ялагьана, циндаго азбаралда рукIарал нижер хIалтIухъабазул машинабазда аскIоб чIун букIараб цо кIудияб чIегIераб джипалъул нуцIа рагьана ва:

– Хатимат!.. – ан цо лъицаялиго ахIана.

Дун гьесухъ ялагьун хутIана. Бащдаб хIулараб бетIералъул, борхатаб лага-черхалъул, гьоркьохъеб ригьалъул бихьинчи вугоан гьев. Цо кидаялиго кивали дида гьев вихьун вукIанин ккола. Амма ракIалде щолев вукIинчIо кив вихьаравали. Гьев дида аскIове вачIана. Цинги лъана гьев дида…

– ВорчIами, ГIабдула, – ян абуна дица гIодое йиччан, я рекIел кIутIи хехлъичIо, яги гьурмал кьер хисичIо дир гьеб лахIзаталъ. Дида ахираб заманаялда тIубанго кIочон вукIана гьев.

– Мун йихьизе бокьун букIана… КIалъазе заман бугищ дур? Рилълъа машинаялъул гIодор чIезе, гьанир риччизехъин ругин нилъ.

АскIобго азбаралда букIана нижер хIалтIухъаби къаде кваназе унеб гьитIинабго кафе.

– Рилълъа, гьанире, кофе гьекъезе, – ян абуна дица, кафе бугеб рахъалдехун бетIерги гьанкIизабун.

Ниж горда аскIоб бугеб столалда нахъа гIодор чIана.

– Щиб кваназе бугеб?..

– Дун якъун гьечIо, кофе гьекъезе бегьила…

Гьанже дида дандвитIун гIодов чIарав ГIабдулал гьурмахъ мухIканго ялагьулей йикIана дун. «Унго, хисун вугеб куц. Дов гIолиласул хутIараб жого гьечIин ккола… Дол берцинал беразул нур ссун буго ва гьезулъ кIудияб пашманлъи рещтIун буго. Кидаго борхун, чIухIун ккун букIараб бетIер гIодобе къулун буго. Чанго соналда жанив гьадигIан цIакъ хисизе ккани инсан…»

– Бице, Хатимат, дурго гIумруялъул, хъизан-рукъалъул.

– Дуца байбихье, ГIабдула…

– Дун Москваялда вуго. Щибаб соналъ вачIуна гьаниве. Эбелги цеего хвана. Дир ясалъе анцIила ункъо сон буго. ЧIужугун цевего ватIалъана. Мун таралдаса къисматалъ гIураб гIазаб кьуна дие. Цо къо букIинчIин абизе бегьила талихIаб. ЧIужуялъул гьаниб букIараб рукъги бичун Москваялда нижерго бизнес рагьана. Цинги рукъ босана. Амма рокъоб жужахI букIана. Щибаб къоялъ щакдариял, бадирчIваял. ЧIужуялъ къойилго бадиб речIчIулеб букIана кинабго жо жиндица гьабураб бугин, жиндир рукъ бичун щвараб бугин. Къойидаса къойиде нижеда гьоркьоб кьватIел кIодолъулеб, гIатIилъулеб букIана. Ахирги дир гIумру гьелда аскIоб гIехьезе кIолареблъун лъугьана гьелъул хьандеязги тIубанго гIорхъолъа рорчIарал щакдарабазги. Дида бичIчIана дица гьабураб кIудияб гъалатI. Гьанже щибаб сордоялъ мун макьилъ йихьулей йикIана. Сунцаго рохел кьолеб букIинчIо. Чанги

нухалда щвана дур рукъалъул горда гъоркье, гIемерал сагIтал рана гьенир, сихIкъотIараб, къаси кватIараб сардилъ, духъ гIащикълъун. Амма кинго кIвечIо, радал хIалтIуде уней мун йихьаниги, аскIове вачIине. ГIумруялъул цого-цо рохел хутIана, доб талихIаб мунгун дандчIвараб соналъул ракIалдещвеял: дур роцIараб бацIцIадаб гьимиги, сихIирлъи гъорлъ гьечIеб берзул балагьиги, дур пашманлъиги, юцIцIухIунчIейги… Унго, гьел рукIун ругел талихIал лахIзатал…

Циндаго гьев вуцIцIухIун чIана. Жанир рохел сварал бераз, гордухъа къватIиве, цо кивеялиго валагьун чIана. Цинги гьев дидехун вуссана, амма бадиве валагьичIо.

– Тамашаяб жо букIун буго гIумру. Пайда щибха бегьулеб ани цIидасан байбихьизе… Дица щиб бокьаниги кьелаан дол лахIзатал такрарлъизе бегьулебани...

ГурхIелги цо кинабалиго рокьукълъиги жубараб асар лъугьунеб букIана дир рекIелъе ГIабдулахь ялагьун. Цо кидаялиго дир гIумруги, талихIги, анищалги гьав дида цеве гIодов чIарав, гьанже дие чияравлъун лъугьарав, инсанасул ихтиаралда рукIана… Гьанжейин абуни, кигIан балагьаниги, кинабгIаги хинаб асар гьесдехун батулеб букIинчIо рекIелъ. Цо къатIрацин. Дие бокьун букIинчIо тIокIалъ гьевгун йикIине ва тIокIалъ киданиги гьев вихьизеги. Дица абуна:

– ГIабдула, гIайиб гьабуге, дун хIалтIуде тIадюссине ккола. Заман гьечIо, отчетал хIадуризе ккола…

НуцIаги рагьун жание инехъин йикIарай дида гьес абуна:

– Дуца щибниги бицинчIоха дурго гIумруялъул. Дур къисмат кин ккараб? Мун талихIай йигищ?..

– ГIабдула, мун дие цевего чияравлъун лъугьана ва цевего дида кIочон тана. Гьанже чияр чиясда дирго къисматалъул бицине диеги щайха, – ян абуна дица, унго-унголъунги тIоцеве вихьулев чиясухъ гIадин, хIалицаго гьимулаго, гьесухъги ялагьун.

Цо лахIзаталъ паркъана ботIролъ суал: «ЦIакъго вахIщигоцин кIалъачIищ дун гъосда?» – ян абун. Амма гьелъие жаваб кьезегIан хутIичIо талихIалъ дун.

Зваргъолеб телефоналъул гьаракьалъ цIезабуна кабинет. Дица гIедегIун трубка кодобе босана…



**МухIамад АХIМАДОВ**



## ЛАХIЗАТАЛ АЛФАЗАЛ

* * *

Заманаялъ гIадамал ратIа гьаруларо, гIуруца тIанхал гIадин, росун уна гьелъ лъикIалги квешалги, бечедалги мискиналги. Хвалица киналго ращад гьарула. Гьеб лъалел гIадамал тIубараб гIумруялъ цоцалъ къацандилел, жахIта-хIусудалъул хIурулъ тIерхьун рукIуна.

* * *

КIудияв шагIирас киданиги гIарзаби хъваларо, гIадамал какуларо, чияде гIайиб рехуларо. Гьес тIоцебе жиндаго гьабула гIайиб, гьес жинцаго рагьула жиндирго мунагьал, гьесул гьунаралда аскIоб кидаго рекIел бацIцIалъиги роцIараб пикруги букIуна.

* * *

Дуца кьуралда рекъараб кьола дуе Аллагьасги халкъалъги.

* * *

РикIкIада ругел рукIунаро рекIее гIагарлъани, гIагарда ругел рикIкIалъула рекIедаса тIунани.

* * *

БетIергьанас бихьинчиясул хIал бихьизе кьурал руго чIужугIаданги гIарацги.

* * *

ЛъикIлъи, квешлъиялдаса къуватаб букIаниги, къураб гIадин гIенеккун чIун букIуна.

* * *

Квешлъиялде рагIуде ракь хъвалаго, бекьула лъикIлъи.

* * *

ЧIужугIаданалъ гIакъилги гIадаллъизе гьавула.

* * *

Квешлъи гьабуларев квешлъиялъул тушман вуго.

* * *

ГIолохъанал соназ бакIарула херлъиялъе гьоцIо.

* * *

КIудияб къаркъалаялдаса гьитIинаб ракI бергьуна.

* * *

ХъантIаравги къарумавги чи киданиги талихIав вукIунаро.

* * *

ГIакъилаб рагIи бахчун букIуна гIадатияв чиясул рекIелъ.

* * *

ТIехьалъул тIанчал чаран гьецIоялдаса къвакIарал руго.

* * *

ЦIакъго рикIкIаде валагьизе лъугьани, гьениб рукIкIараб дунял бихьула, аскIоб бугеб бакъул канлъи бихьичIого хутIула.

* * *

Квешлъи гьабурасе лъикIлъи гьабизе кIвей – кIудияб бахIарчилъиги чилъи цIуниги буго.

* * *

ГIаданлъун вукIинчIого араб тIубараб гIумруялдаса, гIаданлъун вукIараб цо лахIзатго лъикI.

* * *

ГIетI тIун гьабулеб хIалтIиялъ хIалхьи кьела рекIее.

* * *

БитIараб бицунесул цIар, кицилъун, гIумруялда хутIула.

* * *

Нилъехъго балагьун бихьула нилъерго заман.

* * *

Баккулелъулги тIерхьунелъулги цого бакъул берцинлъи букIуна.

* * *

Рокьукълъи къезабизе рокьи къваригIуна, рокьи рокьукълъиялда къезабизе кIоларо.

* * *

Дир кIудияй эбелалъ абулаан: «СахлъигIан лъикIаб гъудулги, унтигIан квешав тушманги гьечIилан».

* * *

Пайда гьечIеб чIандаялдаса, чIагояб цо рагIи лъикI!

* * *

ГIумру араб мехалъ бичIчIула, гIумру талихI букIараблъи.

* * *

Цо–цо кочIол мухъ кIудияб къисаялъул багьаяб букIуна.

* * *

ГIумруялъул багьадур буго сабур.

* * *

Берцинлъи херлъуларо ва холаро.

* * *

Замана лъай – мунго лъай буго.

* * *

Кицабаз борцуна халкъалъул гIакълу.

* * *

Зарул зарал – дагьаб, рагIул зарал – цIикIкIараб.

* * *

КIудияб букIанаги, гьитIинаб букIаниги батIалъи гьечIо квешлъиялъул.

* * *

Махщел – щулалъи буго, тушбабаз бахъулареб.

* * *

ЧIагоял хвараб мехалъ, хварал чIаголъула.

* * *

ЦIияб гьунаралъ цIияб лъалкI тезе ккола.

* * *

Пикру рагьуларел рагIаби гIадада хола.

* * *

ГIабдал вукIуна гIадамазда лъазе бокьун, гIакъил вукIуна гIадамал лъазе бокьун.

* * *

ГъалатIал ритIизарулаго гъалтIал гьарулел гIемерлъун руго.

* * *

Пикраби лъикIлъанагIан гIумруги лъикIлъула.

* * *

РакI гIатIилъанагIан бакIги гIатIилъула.

* * *

ЛъикIаб нух лъикIаб гIамалалдаса байбихьула.

* * *

Законал гIемерлъанагIан гIадамазул гIадлу хола.

* * *

РитIухълъи кидаго гIадатаб ратIлилъ хьвадула, гьерсица даим хирияб ретIел ретIуна.

* * *

ХIур гIемераб гIумрудул нухда нур букIунаро.

* * *

Гьанже шигIрабазул къокъал мухъазде
Къокълъун унеб гIумру сверулеб буго.
Сверул рагIаллъуде щолеб дуниял
Дир кочIол мухъазулъ лъалхъулеб буго.

* * *

ГIабдал хIакимлъун ккедал, хIукумат биххун уна.

* * *

Вакъарасе чед хисулеб рагIи гIицIго цIакъго тIадегIанаб гьунаралъул шагIирзабазул букIуна.

* * *

ЦIияб къагIидаялъ абураб рагIи кидаго цIияб букIуна, цIияб заманаялъул пикруялъ гьелъие батIияб кунчIи кьола.

* * *

Аллагьас цIунаги сурараб херлъиялдаса, херлъи берцинаб букIин кIудияб талихI буго.

* * *

ШигIрабазул бакIалде ахирисел гIарзабиги хъван арав шагIир гIазабалда вукIине арав вуго довеги.

* * *

РитIухълъидулги бицун жидерго хIаял гьарулел хIалихьатал чагIи гIемерлъун руго, къеркьеялде ахIун ахIи-хIур балел ахIмакъзабаз буго гьаб дуниял цIун. ЦIуне дун, БетIергьан, гьеб къавмалдаса, къадарлъи гурони къисматалъ кьечIеб.

* * *

Хун хадур ххвалие реццула, жидедаго релълъарал, гьаб ракьалда ххвалие гIумру гьабун рукIарал, ракIалдаса гьел уна, ун анкь баледде.

* * *

ШагIирзабазул квераз киданиги шагIирзаби какарал гIарзаби хъвазе рес гьечIо, гьединал гIарзаби хъвалел чагIи шагIирзаби гуро. Гьел руго талихI къарал, къобухIарал чагIи. Щиб гьабунги жидерго цIар рагIизе бокьарал, гьунар бугел шагIирзаби какун, «бахIарчилъи» босизе хиял лъурал хIалихьатал хIамабагьадурзаби. Гьезие дица жаваб кьоларо, тузеги тун, тола, турараб ракI буго гьезул. Дун гьезда гурхIула.

* * *

ГьитIинаб росулъ вижарав кIудияв шагIирас кIудияб дуняллъун гьабула росуги, ракьги, ватIанги, халкъги.

* * *

Эркенлъи каранлъ бугес киданиги цогидав чи хIакъир гьавуларо. Эркенлъиялъ эркен гьарула хIажат гьечIебщиналдаса, гьелъ къуват кьола къуват гьечIесеги. Эркенлъи намусалъул гIорхъода буго, ияхIалъул борхалъуда буго, чилъилъул тIогьиб буго, тIадегIанлъиялъул зодоб буго. Эркенлъиялъ гIадамасул гIумруялъе магIна кьола. МагIна гьечIеб, бокьа-бокьараб гьабулеб эркенлъиялъ улкаги инсанги кинабго рахъалъ хвезарула, халкъалде балагь бачуна.

* * *

ЖахIта жужахIалъул дандерижи буго.

* * *

ЛъикIав шагIирасул къисмат къваридаб букIуна, квешав шагIирасда къисмат щиб жоялицин лъаларо.

* * *

Пашманал кучIдул цIалулаго гIодулел цо-цо гIадамал, гIадамазул пашманлъиялда тIад релъанхъула.

* * *

Катил мимиди рагIидал гьеб хвасар гьабизе рекерулел, гIадамасул гIоди рагIидал аскIосан уна. ГIажаибаб заман: хIайванал хирияб, гIадамал рихараб.

* * *

ГIемер дандчIванагIан чIанда гIемерлъула бицунеб хабаралъулъ.

* * *

ГIемерал гьудулзаби ругесул унго-унгоял гьудулзаби рукIунаро.

* * *

Гьудуллъиялъул аслу буго гьудуласул гьари гьес гьарилалдего бичIчIи.

* * *

КъватIул хабаразда хадув лъугьарав живго къватIулъа жолъун лъугьуна.

* * *

Хиял букIаго тезе ккола хиял.

* * *

РагIи кколарес гIумру ккоаро.

* * *

ШагIирас гьечIеб бугеблъун гьабула.

* * *

Намусалъ, носоца гIадин, къотIула къваригIел гьечIебщинаб.

* * *

РакIалъ дугIа гьабулеб бугони, дунял бигьалъула.

* * *

Мун, вокьуларезда тIаса лъугьиндал, тIаса гьир рехараб гIадаб, тIадагьлъи лъугьуна черхалъе, халалъизе тезе бегьуларо ццин.

* * *

Балагьазулги балагь буго Аллагь рекIелъ гьечIесухъе бачIараб херлъи.

* * *

Херлъи берцинаб букIуна, берцинго гIумру арав чиясул.

* * *

Дуе хилиплъаразеги хилиплъизе бегьуларо, бигьаяб жо гуро ритIухъавлъун вукIине кIвей.

* * *

Квешасул лъикIлъиялдаса лъикIасул квешлъи бокьила.

* * *

Дуе квешлъи бокьичIониги, квешлъиялъ мун толаро.

* * *

Дуца квешлъи гъабиялдаса, дуе квешлъи гъаби лъикI.

* * *

Киданиги вукIунаро кидаго талихIав чи.

* * *

Бищун кIудияб бечелъи бацIцIадаб намус буго.

* * *

Божа божилъиялда.

* * *

Мискинчиясде кинабго рахъалъ пула гъури, гIадамазда вихьуларев гьев балагьазда вихьула.

* * *

ГIемераб къали бухула къварилъиялъ рокьуе.

* * *

АбичIого гIолеб рагIи аби мунагь буго.

* * *

Кинабго бакIарулеб бакIвали буго замана.

* * *

МагIил гаразулъги букIуна талихI.

* * *

МацIалда кIулал рарав – кIудияв гIакъил вуго.

* * *

БацIцIадаб рокьи ккедал, роцIараб бижула кечI.

* * *

Руччаби россаллъун лъугьуна, россаз руччабазул гIамал босараб мехалъ.

* * *

ТалихIав вуго, чIагого хвелалде, хварав чи.

* * *

ГьитIинаб рагьдухъан байбихьула кIудияб нух.

* * *

Рокьуца кьола бахIарчилъи.

* * *

Бугоялда хадуб гьечIо бачIуна.

* * *

Цогидазул гIайибал валагьулев вукIуна живго гIайибазул цIун вугев.

* * *

Метералде тараб жакъаго хола.

* * *

ГIакъилас, бечелъанагIан, мискинлъиялъул пикру гьабула.

* * *

Хадув вачIунев гьечIони, чIалгIаде хола дур иш.

* * *

Квешал гIадамаз каки лъикIав чиясе рецц буго.

* * *

Цо–цо гIадаллъи гIадатлъун лъугьана.

* * *

Анищазул рекIелъ букIинесеб букIуна.

* * *

Дуца зар бихьизабидал, заманаялъ духъе квер бегьула.

* * *

Гьудулзаби гIемерлъанагIан гьудуллъи дагьлъула.

* * *

МагIу бакъвала, бакъ щвечIониги.

* * *

Хважаинасда релълъараб букIуна гьес хьихьараб гьвеги.

* * *

ГIумру лъанагIан гIакълу бечелъула.

* * *

ХIелхIеди хIалихьалъиялъул сурат буго.

* * *

Щивго гурев чиясухъа щибниги гьабун бажаруларо.

* * *

КIалъаравго лъала лъай бугев чи.

* * *

Мискинлъиялъул дарсал лъалареб бечелъи лъикIлъиялде буссунаро.

* * *

ГIемеразда лъаларо бечелъи гIарцулъ гуреб берцинаб гIамалалъулъ букIин.

* * *

БутIрул хисаралго хисулел хIукмабаз хIукумат цебе тIоларо.

* * *

Кьолбода гьоркьоб ккараб кьал кьалбал халатаб букIуна.

* * *

РукIуна гIадамал, жалго хваниги, гIумру холарел.

* * *

ЛъикIлъиялде данде квешлъиялъул рагъ, –
Ругъназул цIун буго тIолго дуниял.

* * *

Цеве вахъанщинасул цевехъан вахъунаро.

* * *

Хун хадуб къокъаб гIумру халалъулелги, халатаб гIумру къокълъулелги рукIуна гIадамал.

* * *

Чияр къварилъи къватIиб бугилан толесда, жиндирго къварилъи къватIибе гъезе бакI батуларо.

* * *

Пикрабазулъе бачIараб квешлъиялъ квешлъизабула ракI.

* * *

ГIадан хола, гIаданлъи холаро – халкъалъ гьедин абула.

* * *

ХIурматияв чияс хIурмат гьабураб мехалъ бохула ракI.

* * *

Мун вокьуларел рокьизе кIвей кIудияб къуват буго.

* * *

Квешав чиясул квешлъи бищун цебе гьесие жиндиего щола.

* * *

МагIна гьечIеб гIумруялъ гIемер гIазаб кьола.

* * *

РекIел сурат букIуна гьурмада.

* * *

ГIадлу гьечIел соназда хIалихьалъи цIикIкIуна.

* * *

Чияр ракьалда рокьиги чияраб букIуна.

* * *

ГIабдаласул ритIухълъиги гIадалаб букIуна.

* * *

РитIухълъи балагьулев Аллагьасда цадахъ вукIуна.

* * *

ГIадамал ричIчIиги, гIадамазда вичIчIиги – шагIирасе щолареб талихI буго.

* * *

Къарум кидаго къарумлъи какулев вукIуна.

* * *

БацIаз боцIи гъурула, мацIаз гIадамал чIвала.

* * *

Мун лъалевги дуда лъалевги чи ватизе цIакъ захIмат букIуна.

* * *

ЛъикIав чиясул хабарги лъикIаб букIуна.

* * *

Гьерсил рачIчI къокъаб букIаниги, хабар халатаб букIуна.

* * *

Квешлъи гьабизе ракIалда букIинги буго квешлъи.

* * *

ХIалихьат хваниги, хIалихьалъи хутIула.

* * *

ГIамал кIудияв кIодолъуларо.

* * *

Бищун лъай гьечIев чи вуго рокьи лъачIев чи.

* * *

ЖахIдаялъ цIурав чи вуго живго жинцаго жужухIалъуве рехулев чи.

* * *

Аралъул гъажалдеги вахун валагьани бихьула букIинесеб.

* * *

Халат гьабуни, хабар гуребги чIалгIуна.

* * *

ЛъикIав шагIирасул къагIидаялъ хъванилан лъикIал кучIдул лъугьунаро. Гьел дурго къагIидаялъ хъвазе ккола, жугьаялда къисматалъул мугъру букIине ккола.

* * *

Гьерсиде ругьунлъарас рагьараб кIал къаларо, гьес гьерсие гIологи бицуна гьереси.

* * *

Нухал – гIорал руго, гIумру рахъ-рахъалде хъамулел.

* * *

Намус буго кидаго рекIехъе лъазе кколеб кечI.

* * *

Мекъав хехго ццидахуна.

* * *

ГIабдаласул гIумру гIабдал вугеблъи лъазабулаго уна.

* * *

Инсуда букIараб жахIда васасдеги бачIуна.

* * *

ГIадамал гуро, гIарац буго багъулеб.

* * *

Кидаго хисуларо хIалихьатаб гIамал.

* * *

ГIамал кIудиясул гIумру гьитIинаб букIуна.

* * *

ГIемерисел хъурщун рахуна борхалъуде.

* * *

Бихьулареб бихьи буго гьунаралъул тIокIлъи.

* * *

Гьунар гьечIолъиялъул гьаби гьунаралде хIапдола.

* * *

Вакъарас месед гуреб, чед кванала.

* * *

Бечелъиялъул лъикIлъи букIарабани, лъикIал чагIазе кьелаан гьеб БетIергьанас.

* * *

Дуего кумекалъе мунго ватула, квалквал гьабизе гьудулзаби ратула.

* * *

ХIалихьатие нагIана кьей гIадада буго: нагIанаялъукьа хIинкъулев я нечолев вукIаравани, гьес хIалихьалъи гьабилароан.

* * *

МацIалда – загьру, рекIелъ – жахIта, гIумруялда жужахI буго мацIихъанасул, гьесул гIамал хисуларо, хабалъги мацIихъанлъун хутIула.

* * *

Бокьа–бокьараб гьабуни, бокьобе ккола гIумру.

* * *

Гьунаралъ гьунарцоял гьуинги гьарула цоцоязда¸ цадахъ мех банагIан кьогIги гьарула цоцазе.

* * *

Гьунаралъе къадруги къадруялъе гьунарги къваригIуна.

* * *

ГIумру бокьуларев гIумруялъеги вокьуларо.

* * *

Рокьул хIал бихьула хIалихьалъиялъ.

* * *

Жалго жидеего кIудиял гIадамал гIадамазе гьитIинал рукIуна.

* * *

Цогидал ричIчIизе кIвей – кIудияб гьунар буго.

* * *

Намусалъул носоца къотIун рехула инсанасул къадру холебщинаб.

* * *

Нилъ рокьулеб рокъоб гъасда цIа киданиги ссун батуларо.

* * *

Балъго гIодулесда гIадамал лъикI лъала.

* * *

ГIумру, гIадада биччазегIан, халатаб гьечIо.

* * *

ХIалихьалъиялъ хIалхьи толаро, хIалихьалъиялъеги хIалги толаро гьебгун къеркьолез.

* * *

Мискинчиясул гъалатIал киназдаго рихьула, бечедасул – лъиданиги рихьуларо.

* * *

ХIалихьатица, хIацIу гIадин, къулчIула рогьо.

* * *

Жалго рокьулел гIадамал гIемер гаргадула, гьезда гIенеккун чIезе лъаларо.

* * *

ГIакъилав чи чияр гIакълуялъухъги урхъун вукIуна, гьесие цо жиндирго гIакъиллъи гIоларо.

* * *

Къадру – гьунар буго, гIищкъу – шигIру буго, шавкъ – гIумру буго, къисмат – нух буго.

* * *

КIудияб гьунар гьабизе ккани, кIудияб анищ къваригIуна. Анищ – сундулго байбихьи буго.

* * *

Берцинлъиялдаги намус рекъола, сурукълъиги намусалъ берцин гьабула, намус буго сундуего канлъи кьолеб чирахъ.

* * *

Унго–унгояб кочIолъ киналго заманаби рукIуна.

* * *

РекIелъ гьечIеб рагIулъ букIунаро.

* * *

Налъи буго Аллагьасул малъи тIубай.

* * *

Рокьул кочIолъ киналго мухъал аслиял рукIуна.

* * *

Жиндирго гьитIинлъи арал умумузул кIодолъиялъ кIодо гьабулин ккарасда тIад гIадамал релъула.

* * *

Цо-цо чIужугIаданалъ рокьул бацIцIадаб гьацIулъе заманаялдасан загьру тIинкIизабула.

* * *

Эркенлъи буго гIумруялъул кьурулъ бижараб берцинаб тIегь, гьеб тIезе бокьарал гIемер рукIуна, амма, тIун хадуб, тIегь бечIала.

* * *

Берцинай чIужугIаданалда кидаго ракIалде кколаро гIумру унеб бугин, хаслихълъи щолеб бугин абун.

* * *

КIудияв хъвадарухъанасда аскIов вукIуна гьитIинав критик, гъваридал пикраби ричIчIуларев, кIудияв хъвадарухъан жиндаго релълъаравлъун гьавулев, гьитIинав критикасе гьитIинав хъвадарухъан вокьула.

* * *

Цо-цо таржамачияс шагIирасул кочIол гъотIодаса тIегь бетIула, тIад пихъ бижулареб хIалалъ.

* * *

Поэзиялъул ракI, шагIирасул къисмат къварилъанагIан, гIатIилъула.

* * *

Бищун талихIав шагIир вуго жиндирго заманги бичIчIарав, жиндир заманалдаги вичIчIарав шагIир.

* * *

ТIадчагIи хисула, халкъ хутIула.

* * *

Руччабазул гIамал, ихдалил къо гIадин, хисула.

* * *

Цо–цо тушбаби рукIуна Аллагьас тIаса росараб мехалъ гурони тIаса лъугьине бегьуларел.

* * *

Цо–цо шагIирзабазе гIадамал рокьула, цо–цоязе гIадамазе рокьизе бокьула.

* * *

Рокьи буго гІакълудал ахир.

* * *

Унго–унгояв устарасулги цо-цо лъугьинчІеб тІагІел камуларо.

* * *

ЯхI гьечIес яхI гъолеб, гIакълу гьечIес гIакълу кьолеб, къадру гьечIес къадру тIалаб гьабулеб, намус гьечIес намусалъул бицунеб, бицине захIматаб замана буго гьаб.

* * *

Заманаби хисула мунагьал хисуларо.

* * *

ГIумруялъул магIна нилъ рокьи ва нилъее рокьи буго.

* * *

ГIумру хвалил пикрабазда уна.

* * *

ЛъикIаб рагIи абизе кватIун, квешаб рагIи абизе хехлъун уна цо–цоязул гIумру.

* * *

КIвахI къезабула яхIалъ.

* * *

Бечелъи гIемерал гIумру мискинал гIадамазул цIун буго жакъасеб къо.

* * *

НагIанаялде ругьунлъарасе баркала хIажалъуларо.

* * *

ГIарцуца гIадаллъарав гIабдаллъун рикIкIунаро.

* * *

Критиказ шагIирзаби гIемер гьаруларо, шагIирзабаз критикал гIемер гьарула.

* * *

ШагIир чIагояб мехалъ гьезул квешал кучIдул ралагьула, хвараб мехалъ, лъикIал кучIдузул бицуна.

* * *

Херав чиясе араб гIумру беццизе бокьула, кинаб букIун батаниги, гьеб хисизабизе кIоларелъул.

* * *

ЦIалиялъги лъаялъги гуро хабар гьуин гьабулеб, хабар бицине бугеб махщелалъ гьабула.

* * *

Дуда цIунизе кIвечIеб дурго балъголъи чияца кин цIунилеб?

* * *

Жиндасаго бергьунев мутагIиласда мугIалимасул ццин бахъин – гIадаллъи буго.

* * *

ТалихIкъарав чиясда ракIалде ккола ракьалда киналго талихIал ратилилан.

* * *

ГIумруялъ хъвадаризе ккани, хъвадари гIумрулъун лъугьине ккола.

* * *

ЛъикIлъи гьечIеб берцинлъиялъул бицен хутIуларо;

* * *

Рокьуца гIакъилги гIабдал гьавула, амма гIабдаласул гIакъил гьавуларо;

* * *

Мун араб мехалъ гIадамал рохани, хвана дур иш;

* * *

Библиотекаялда жаниве лъугьиндал, хъвадарухъанасдаса ракI буссуна;

* * *

ЦIияб гIадаллъи гIакъиллъиййилан ккола цо–цоязда.

* * *

Унго–унгояб кочIол гIадатиял рагIабазулъ гIадатияб гуреб кунчIиги балъголъиги букIуна;

* * *

Нич тIагIарабго лъугIула гIаданлъиги;

* * *

Намус буго даим унтараб гIус;

* * *

Гьунар рихаразда жалго гьунар бугел ругилан ккола, щибго гьунар гьечIониги;

## ШАГIИРАСУЛ НАСИХIАТЧИЛЪИЯЛЪУЛ АСАРАЛ

ЦIадаса ХIамзатил хъвадарухъанлъиялда хасаб бакI ккола насихIатияб темаялда хъварал асараз. Гьесул кинабго гьунар (шигIрияб, дарматургияб, прозаялъулаб) буссараб буго гIадан лъикIаб босизеги, квешаб тезеги кантIизавиялде. ШагIирас рорхулел аслиял суалаллъун, тIуразаризе анищалда ругел масъалабилъун ккола инсан магIнаяб, бацIцIадаб, разияб ва мисалияб гIамалалдехун, хьвада-чIвадиялдехун цIай, жиндирго гIагарал-божаразда, гьудулзабазда, сверухъ ругезда гъорлъ берцинго вукIин, гIакълуялда хьвади, лъай-гIелму ва маданият борхизаби, хIалтIи бокьи, кIвахIаллъи, бикъа-хъами, жагьиллъи рикIкIад тей ва гь.ц.



Жиндирго хъвадарухъанлъиялъул байбихьуда жамгIиялгун-сиясиял темабазда хъварал асаразулъ ЦIадаса ХIамзатица загьир гьарун руго заманалда рекъарал, кIвар бугел масъалаби: ритIухълъи чIезаби, мискинзабазул захIматаб рукIа-рахъин, гьезул анищал, къасдал, лъикIаб яшавалде бугеб хьул, гьеб тIубазабиялъе гIоло бахъулеб хIаракат ва лъугьунеб гьечIеб хIасил. Гьединаб сурат цебечIезабун буго, масала, «Кинхвал хIама», «ГIиникIил коралде», «РецIел», «Ашбазалде гьабураб», «АхIуд рахъин» ва цогидалги инкъилаб ккелалде цере хъварал асаразулъ.

НасихIатчилъиялъул тема шагIирасул асаразулъ хасго гIатIилъана Совет хIукуматалъул заманалда. Гьев хъвадаризе байбихьана цебеккун жинца хIалбихьун рукIинчIел жанразда. ГIатIилъана рорхулел суалалги. ХIамзатил басняби, поэмаби, харбал, пьесаби рацIцIад хIалтIиялъул, лъай-гIелму борхизабиялъул, мисалияб хьвада-чIвадиялъул бицунеллъун лъугьана. Гьеб заманалда хъварал асаразулъ шагIирас ахIулел руго цIияб гIумруялде, гьелъул ахIиязул рахъ ккун хIалтIизе, инсанасул лъай, хьвада-чIвади, маданият тIадегIанаб даражаялде бахинабиялде. Рецц гьабулеб буго гIадатияв хIалтIухъанасе, цIалиялдехун бугеб гьираялъе, ракIбацIцIалъиялъе, гIакълуялъе, ватIан бокьиялъе. Гьелдаго цадахъ какулеб буго лъавукълъи, кIвар гьечIолъи, кIухIаллъи, цIогь, ришватчилъи (хасго гIисинал ва чIахIиял хъулухъчагIазда гьоркьоб тIибитIун букIараб), мацI гьаби, кIигьумерчилъи, хIакимзабаз жидерго напсиял мурадал цIунун хIалтIи гьаби.

Гьеб киналъулго бицун хъвана гIемер батIи-батIиял гIисиналги чIахIиялги шигIриял асарал: «Советазде щал рищизе кколел», «НасихIат»,

«ГЪудуллЪи лЪилгун кквелеб», «Махщалилазе рецц», «Инсуцаги васасги цоцаде хъварал», «Вас унелъул эбелалъ абурал рагIаби», «ВатIан», «ЦIалдохъан», «ГIадамасул гIакълу ва гьесул кIиго тушман – чIухIиги щцинги», «Цо хIакимги хIалтIухъанги»; басняби: «Цо нухлулавги херав чиги», «ГIункIкIазул колхоз», «ГIанхрил ревизия»; поэмаби: «Вехьасул къиса», «КIудияв ХIасан», «ГIумруялъул дарсал» ва гь.ц.

ШагIирасул гьунаралъулъ моралиябгун-этикияб темаялда хъварал асаразда гьоркьоб гъваридаб, философияб магIна ва инсанасул рухIияб дунял загьир гьабураб бищун машгьураб ва тIадегIанаб даражаялъул асарлъун ккола «ГIумруялъул дарсал» абураб поэма. Гьеб буго инсанасул гIумруялъул кинaлго рахъазул сурат цебечIезабун, хьвадизе кколеб къагIида загьир гьабун хъвараб кIудияб асар. Гьелда шагIирас бицунеб буго кидаго багьа холареб адаб-хъатиралъул, чиясе мугъ чIвайлъун бугеб хъизан-агьлуялъул, ккараб къоялъ ратулел гьудул-гьалмагълъиялъул, мадугьаллъиялъул, гIадатияб рукIа-рахъиналъул, гIакълуялъул, мацIалъул ва гь.ц.

«ГIумруялъул дарсал» ккола шагIирасул халатаб ва батIи-батIиял тарихиял лъугьа-бахъиназул цIураб гIумруялда бихьа-таралъул, бичIчIаралъул, халкъалъул ургъел ва пикру гьабураб щиналъул хIасиллъун. Поэмаялда гьес рорхулел руго инсанасул хьвада-чIвадиялъул, гIадамазул цоцаздехун бугеб гьоркьоблъиялъул, лъималазе кьолеб тарбиялъул, эбел-инсул, гIагарлъи-мадугьаллъиялъул, гIисинал-чIахIиязул гьабизе кколеб къиматалъул суалал. ШагIирас малъулеб буго гIадамазда гъорлъ берцинго, адаб-хъатиралда хьвадизе, мискин-пакъирасе кумек гьабизе, унтарал-щокъазде раккизе, херал-загIипал рази гьаризе, чIухIи гIодобе рехизе; какулеб буго, пикру гьабичIого, гаргади, чIухIун хьвади, хъизам-лъималазул тIалаб-агъаз гьечIолъи, инсан хIакъир, гIодовегIан гьави, мацI гьаби ва гь.ц. Щибаб мухъилъ буго щивас босизе рекъараб гIакълу-маслихIат:

**Мадугьалихъ гьуин вукIа,**
**Гьалбадерилъ недегь вукIа,**
**Мискин-пакъир рази гьаве,**
**Язихъасда гурхIел гьабе.**

**ГIагаразулъ тамах вукIа,**
**ГIадангун мун хIерен вукIа,**
**ХIажатасе кумек гьабе,**
**Квачакъазул хIурмат гьабе.**

Кинабго поэма гIуцIун буго дандекквей къагIидаялда. ЦIадаса ХIамзатица цин загьир гьабулеб буго кинаб букIаниги насихIатияб пикру, цинги гьеб щула гьабулеб буго халкъиял абияздалъун ва магIна гъваридал рагIабаздалъун. Киналго малъиял, насихIатал шагIирас гIуцIун руго магIарул халкъияб кIалзул гьунаралъул къагIидаялъ. Асаралъулъ киналниги хIалтIизарун ругел кицабазул ва абиязул гIемерисел ХIамзатица жиндирго пикруялда, рагьулеб бугеб темаялда рекъон хисизарунги руго:

**Балагьазде дандчIвачIого,**
**Гьалмагъасе къимат кьоге;**

**Къали цIамул чIикIичIого,**
**Гьудуласдаги божуге**

Мисалалъе, гьаниб кьун ругел «Къали цIамул чIикIичIого, гьудуласдаги божуге» абурал мухъал магIарулаз умумулъанго хIалтIизарула «Къали цIамул цадахъ чIикIичIого, чи лъаларев» абун. ЦIадаса ХIамзатица «чи лъаларев» абураб рагIабазул дандрайги нахъе рехун, лъун буго «гьудуласда божуге» абун. Гьедин шагIирас цIалулесул пикру буссинабулеб буго «гьудул» абураб рагIиялде ва гьелдалъун малъулеб буго лъикIго лъалев, гIемерал соназ цадахъ вугев, хIалбихьи вугев чиясда гурони божизе бегьулареблъи.

Поэмаялъул гьечIо сюжет, композиция, героял. Гьеб гIуцIун буго шагIирасул гIумру бихьун рижарал пикрабаздасан, каламаздасан ва ургъелаздасан. Гьел гIаламатал ккола шагIирасул цогидал поэмабазде данде ккун гьаб асаралъул бугеб хаслъилъунги.

Поэма бикьун буго жиб-жиб хасаб темаялда хъвараб анкьго бутIаялде: «Адаб», «ЧIухIи», «МацI», «ГIакълу», «Гьудуллъи», «ХIикмат», «РукIа-рахъин». Амма магIнаябгун-идеялъулаб рахъалъ гьеб ккола цоцалъ гьункараб, щулияб асар.

Гьелдаго цадахъ гьаб асар цолъизабулеб аслияб магIналъун, кьучIлъун буго, асаралда гьорлъ бессун бугеб, гIакъилаб пикру. Сундул бицунеб бугониги, адабалъул, чIухIиялъул яги гьудуллъиялъул букIа, киналго гIамалаздаса бищун цебе гьабулеб буго чиясул гIакълу, гьесул яхI-намусалъул аслулъун жиб кколеб ва битIарабги тIекъабги батIа гьабизе, хадуб букIунелъул пикру гьабизе инсанасе кьураб гIамал. ШагIирас малъулеб буго гIакълуялда рекъон хьвадизе ва кинабго гьелдалъун борцунебги буго:

**ГIадан ракьа-гьаналъ гуро,**
**Панзидаса ватIалъулев,**
**ЛъикIаб-квешалда гIуж балеб**
**ГIакълу-тадбир къваригIуна…**

**ГIакълу буго гIадамасул**
**ГIаданлъи жинда бараб жо,**
**БитIарабги тIекъабги жо**
**Жанисан бихьулеб матIу.**

ЦIадаса ХIамзатица магIна гъваридал кицаби-абиязул кьучIалда гIуцIарал, гIодобиччараб мацIалдалъун кьолел ругел насихIатаз, малъа-хъваяз цIалулев тIамулев вуго жиндирго гIумруялъул, тIабигIат-гIамалалъул гъваридго пикру гьабизе, мекъаб, инсанасда рекъолареб хьвада-чIвади тезе, жинда сверун ругел гIадамазулгун лъикIаб гьоркьоблъиялда вукIине, мацI гьабиялдаса, хъублъиялдаса рикIкIад чIезе, бацIцIадаб гIамалалда битIараб нухдасан ине.

Кицабаз ва абияз гуребги ЦIадаса ХIамзатил поэмаялъе хасаб асар, пасихIлъи ва гъваридаб магIна кьола кинабго поэма жиндалъун хъван бугеб тIалабияб къагIидаялъ, глаголалъул батIи-батIиял наклонениялдалъун ва гьезул формабаздалъун жиб хъваялъги: «вукIа», «гьабуге», «кьоге», «лъе», «лъугьунге», «къацандуге», «ккола», «захIмалъула», «букIуна», «воре,

гьурщуге», «воре, гІодоб рехе» ва гь. ц. ГІаммаб куцалъ гьел киналго рагІаби хІалтІизарун руго цІалулесул пикру, поэмаялъул гъваридаб магІнаялде буссинабизе, гьенир рехсолел ругел моралиялгун-этикиял малъа-хъваязде цІикІкІун кІвар кьезе, гьел тІуразариялде гьесизаризе.

НасихІатиял пикраби ЦІадаса ХІамзатил хъвадарухъанлъиялда гІатІидго тІиритІун руго батІи-батІиял жанразул асаразда, амма хасго гьел загьирго рихьула шигІрияб гьунаралда. Гьез шагІирасул хъвадарухъанлъиялда хасаб бакІги ккола. ХІуригат бахъилелде цебесеб заманалдасан байбихьун совет хІукумат тІибитІараб заманалдаги насихІатияб тема кІодолъана ва гІатІилъана. Гьес загьир гьарурал гІемерисел темаби рухьарал рукІана тарихиял лъугьа-бахъиназда, живго нугІлъун ккараб бихьа-таралда. ШагІирас жиндирго асаразда халкъ ахІулеб буго ватІан бокьиялде, гьеб цебетІеялъе гІоло хІалтІизе, лъай-гІелму борхиялде. Гьединал асаразда гъорлъ бищун гІакъилаблъун ва камилаблъун рикІкІине бегьула цереккун хъварал гьесул асаразул малъа-хъваял жиндилъ данде гьаруураб «ГІумруялъул дарсал» абураб поэма. ГІаммаб куцалда поэмаялъ ахІулел руго мустахІикъав, къвакІараб яхІ-намусалъул, бечедаб рухІияб дунялалъул инсан куцаялде. Гьенир ругел гІакъилал, цІодорал насихІатиял пикраби киналго заманазда кІвар бугелллъун, къимат холарелллъун ккола.

Жиндирго асаразулъ ЦІадаса ХІамзат цевевахъунев вуго гІакъилав насихІатчи хІисабалда, гІадамалги рокьулев, гьезул ургъелаздаги вукІунев, халкъ берцинго хьвадиялде ахІулев гІадан ва шагІир хІисабалда. Кинаб жанралда яги къагІидаялда хъвараб асар бугониги, лирикияб, эпикияб, философияб яги хасго сатирияб букІа, гьесул гьунаралда гъорлъ рессун руго малъа-хъваялъулал ва насихІатчилъиялъулал пикраби.

***Маржанат НАБИГУЛАЕВА,***
*ЦІадаса ХІамзатил цІаралда бугеб МацІалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул гІелмияй хІалтІухъан, филологиял гІелмабазул кандидат*



ХIайбула САЙДУЛАЕВ



## САБРУ ГЪАБУРАЗЕ БУКIУНА АЛЖАН

Огь, бажариладай бацIцIад гьабизе
Гьанже гIумруялъго гIадаллъараб ракI?
Гьениб рокьул гъасда гъун букIараб цIа
КIвеладай цIидасан дида бакизе?

ЩIакъ гIемерал нухал руго нахъа тун,
ЩIакъ гIемерал ругънал руго дида лъун,
Таманал анищал ун руго щущан,
Щиб божилъиялъул бугеб дий хутIун?

Дир талихIалъул цIва цIоронищ араб,
ЩIидасан кунчIизе кида бугеб доб?
Киналго кьоялги кьвагьизе гьарун,
Кьурда хурхахьейищ хутIун вугев дун?

КIалъана дидехун доб тIерхьунеб бакъ,
Дуца магIарулав, михъ кьурейилан.
Жакъа те батичIин битIун дий сапар,
Сабру  гьабуразе букIунин Алжан.

* * *

Жакъа шагьаралъул шагIирзабаца
ШигIрабалъ рехсолел рукIуна мугIрул.
Жидеда кIочене кIолел гьечIила
КIудиял гIуниги гIагарал щобал.

ГIумру жаниб араб инсул росдаде
Урхъараб битIулеб бугила салам.

ЧIалгIун рукIунила ракIал магIарухъ,
МагIарулаз гъасда гъолеб цIаялъухъ.

Цинги шагьаразда щибулелха нуж,
Щай гIазул тIогьазде тIадруссунарел?
МагIарул гьогьомаб гьорол сас чIвалеб
Сарин гьаниб хъвазе гьукъулеб лъица?

Нуж гIадаз рехун тун росабалъ гьанже
ГьечIо хоб бухъизе хутIун гIадамал.
Киналго ун руго, унелги руго,
ИнчIелазги кьвачIа къачIан лъун буго.

Гьанибго магIарул мацIги рехун тун
МагIишат бечедаб буго цIехолеб.
ЦIаралги чиналги чвантинир лъезе
Чуязда базабун бугеб куц полоп.

МухIамад, цо бакъан баче, вац, гьанже,
БухIулеб ракIалъул ругънал чучизе.
Жакъа гьаб магIарул мегъалъухъ балай
Бегизе гьаб чияр чагIазищ бугеб?

Лал тIамулеб гьечIо, тIор къалеб гьечIо,
Гьаб инсул ракь васаз бекьулеб гьечIо.
ТIокIаб батIайиса бицеха талихI
Телеб кин нахъеги нилъер къинеян.

Кинаб багьанаха бакIалда гьаниб,
Гьалдолел гIоразда гIайиб щиб бугеб?
КечI гьабулелъулцин гьаниб магIарухъ
МагIу дир бухIараб батула чвахун…

Рокьула дий цIумал – цIодорал хIанчIи,
ЦIакъал лъугьинаан гьезул гIадамал.
ВатIанги тун даим дол роржунаро,
Дозие гIун руго гIагарал мугIрул.

## МЕСЕДИЛ МЕХ

Лъаларо, батула бачIун цо-цо къо,
Къуват дие гIечIеб, гIодове ккараб.
Дир ханжар лъалиниб хутIун лъовухъе
Ханталго дандияс дун къезавураб.

Лъаларо, батула бачIун цо-цо къо,
Къисматалъ бараб зар дир ботIролъ щвараб.
Цебе бекерулеб букIараб дир чу
БергьинчIого нухда нахъа хутIараб.

Лъаларо, батула бачIун цо-цо къо,
БитIахъе дуниял дида рихараб.
РитIухълъи билараб, божилъи гьечIеб,
Гьаб гIумру бухIулеб бугилан ккараб.

Лъаларо, батула бачIун цо-цо къо,
Бакъназе, кучIдузе канлъи гIолареб.
ГIищкъудул бакулеб букIараб чирахъ
Бортизе гIумруялъ гIодоб гьабураб.

Амма дун божулев вуго меседил
Мех дуе бачIине бугин, Дагъистан,
Дур зодихъ кунчIараб камилаб цIваялъ
Киналго ургъелал риинарулеб.

## ЛЪАБКЪОГО СОН

Дидаго лъачIого, лъабкъого сон бан,
Бугилан кIалъалеб буго дида ракI;
Гьабун цо нигатги нахъ валагье мун,
Гьаб гIумрудул гьоко кибе бугеб щун?

Щибилан абилеб, у, гьедин буго,
Гьанже дагIба гьабун дир пайда гьечIо.
Лъабкъого сон бана, бетIер хъахIлъана,
БахIараб дир мехалъ мегIер бегана.

Амма букIаниги, ракI, хIисаб гьабе,
Гьаб гIалам билизе бокьун гьечIо дий;
Жеги дунгун цадахъ дагьалги соназ,
Свакан букIаниги, бахъе дуца яхI.

КигIан гьудулзаби гьечIел дида лъан,
Лъаралги камурал кигIан гьездаса?
Щиб гьаб дуниялалъ дий кьун батараб,
Дицаги гьалъие гьабун щиб тараб?

Лъабкъого сон дие дагьаб мех буго,
МагIарул иццазухъ урхъи чучичIо.
Ккола дунялалда дида рихьичIел
ЛъикIал гIадамал лъан вохилин жеги.

ВукIана гIумрудул гIор бахунев дун,
Бихьана доб рагIал – дун пашманлъана.
ГьадигIан дагьабищ дие хутIараб
Хабалалъе щолеб шагьраян ккана.

БачIа дида лъалеб – лъабкъоябго сон,
Лъун цIадирабазда цIазин гьаб гIумру.
Мунагьги, кириги – киналдай гIемер –
Кинабдай Аллагьас къотIилеб хIукму?

Киназего лъикIав лъугьинчIо дунги,
ЛъачIого батила биччан цо-цо хIакъ.
РукIана дир какал кватIун раралги,
Камунилан ккола кколел кIалалги.

Дунги чан вукIана, чан нухалъ дида
Чанахъабаз щвезе гьабичIеб гулла.
Жегиги ссудула сахлъичIел ругънал,
Регъезе дир каранлъ кида ругел гьел?

Лъабкъого сонищ бан? – бицун пайда щиб –
Щущазе гьабизе гьаб хъахIаб матIу.
Дир къагIидаялда къосун буго гьеб,
Гьелъ гIумру борцунеб буго гIаксалда.

Дир рекIехъ балагьун бихьизе гьабе,
Гьанже дир чорхол чан сон бугебани.
РакI, бачIа гьанибе, гьалда кIалъай цо,
Гьереси бицунеб бугин дуцаян.

Гурони гьаб бекун буго рехизе,
Бералги рахъизе руго, матIу, дур.
Дидаго лъачIого лъабкъого сон бан
Батизе рес гьечIо, гьев чи дун гуро.

## ДИР МАЦIАЛ

Дица лъазе гьабун буго кIиго мацI,
Цояб магIарулаб, цояб гIурусаб.
МахIмудил угьулеб «Панаяб хIухьел»,
Пушкинил бухIараб «ХIикматаб лахIзат».

КIиялъго гьавулев вуго дун бечед,
КIиялго лъугьунел руго дир вацал.
Бокьула гьайбатаб гьеб кIиябго мацI,
Гьел мацIазда улбуз ахIулел кучIдул.

Цонигияб гьечIо гьезул дий квешаб,
Кидаго реццизе руго дица гьел.
Дир кучIдузе гьаракь гьез кьураб буго,
Гьел мацIал рукIуна рекIелъ дир цадахъ.

МагIарулаб букIа, гIурусаб букIа,
КIиябго мацI буго дие бащадаб.
КIудияб, гьитIинаб гьезул кинабан
Киданиги гьечIо гьабулеб дагIба.

МацIги багьанаде бачун, кьал ахIи, –
Гьеб гуро дир мурад; Амма магIарул
МацIалдаса бергьун буго гIурусаб,
ГIилла балагьулев вуго щайилан?

Цояб чIаго гьабун, цояб чIвалелъул
ЧIун руго гIенеккун нилъерго лъимал.
Лъала метералде, мацI билараб халкъ
Хадусан билизе буго жибгоги.

Гьединаб мех буго бачIун, магIарул
МацIалда нахъасан рахъине ккараб.
Нич гурищ магIарул мацIги кIочон тун
КIургIараб бухари лъезе ботIрода.

ГIурус мацIалдайищ метер хабада
ДугIа наслабаца нилъей гьабилеб?
Щай жакъа умумуз эбелалъул мацI
Малъулеб гьитIинго лъимада гьечIеб?

Кинаб ассамблея ахIилеб гьанже
Аваразда малъе рахьдал мацIилан?
Щай гьечIеб Дагъистан дару гьабулеб
Дурго лъималазул лъалеб унтуе?

Гьанже гIадатаблъун гIурусаб гуреб,
ГIагарал мацIазе мех щвана тезе.
Киналго мацIазе мандаталги кьун,
Гьелги рищиязда риччай кIалъазе.

Дун разияв гьечIо гьаб улкаялда
Гьаниб дир халкъалъул мацI хвезабизе.
Вохаравги гьечIо гьитIинаб бугин
Гьаб магIарулазул мацIан абизе.

КунчIун гьечIонани гьелъул цIва зодихъ
Дир метер къоялде къанщаги берал.
МацI гIадаб хазина халкъалъул гьечIо,
Гьеб БетIергьанасги буго гьелъий кьун.

## ДИДА БИЧIЧIУЛАРО БАЧIАРАБ ЗАМАН

БукIахъе магIарда чIегIераб гIазу,
ГIагараб Дагъистан, дур цIар кIкIуязулъ.
Дуда тIаса цIоко цIан бахъилилан
ЦIогъабаз бачунеб буго накъира.

Цояз цоял хисун, хадур цогидал
Цаби дур рахъилин руго киналго.
Ракъарал бацIазул бояз кинигин,
Кваналеб бихьула бюрократаз мун.

Дин цIи гьабунагIан гIемерлъана хIакъ,
ГIужие гъун буго гъурулеб дир халкъ.
Цебе гIадаб гьечIо гьанже бакъул нур,
Гьал иццазул тIокIкIин тIагIун буго ун.

Дида биIчIуларо бачIараб заман,
Заз буго гIемерлъун гIумрудул нухда.
Роржун Африкалде арал къункъраби
Их бачIананиги гьечIо рачIунел.

Сонал дир анагIан ургъел, Дагъистан,
Дие дур цIваялъул цIикIкIунеб буго.
Щив кканиги бетIер, тIехьалдаса дур
ТIанчал рихъизеян вахъуна кIанцIун.

Цин Шамил какана, хадув веццана,
Хадубги лъаларо лъар кин чвахилеб?
Сонисел цIадазул цIидасан бицун,
ЩIакъго гIакъиллъарал гIемер рахъана.

Дагъистан, дур тIагъур тIаса бахъизе
ТIаделъулел гьечIо гьанжеги камун.
Какал цогиязе ралилан гьедун,
Гьез цIункIулеб буго букIахъе дур би.

Долго фельдмаршалал, долго пагонал,
Паркъола гьанжеги гьаб дур ракьалда.
Харил махI букIахъе буго къурабалъ,
Кьал ахIичIониги унеб буго рагъ.

Долго гIарадаби, гIададисеб кьал,
ГIарац къваригIараз къачIалеб питна.
Щай гьал цIогъоразул цIар бахъулареб,
Бахъулеб гIакIалъун гIин кьуруллареб?

Язихъаб, мискинаб магIарул тIалъи,
Мун эркенлъиялъул улка букIана.
Шамил имамасул «Имаматалда»
ИяхI рехарасул рукъ бухIулаан.

Жакъасел дарсазулъ доб бухIи гьечIо,
Гьал мугIалимазул малъ къосун буго.
Ясазда, васазда ВатIан бокьизе
Бицунеб, малъулеб мактаб хутIичIо.

ТIегьалеб букIараб берцинаб улка
Биххизе гьабурал гьанже чода тIад.
Гьазул игIланаца ахIулел кире, –
Гьал базаргабазе бетIер къулизе.

Гьадин хIакимзабаз хIалихьалъараб,
ХIукумат, дур бацIил буго хасият.
Сундуй гIоло рагъда рухI кьураб васаз,
ВатIан гьал хъачагъаз хъамун инейищ?

Нич гьечIел, яхI гьечIел гьазул къукъабаз
Гьанже бадисаги бахъула тIатIи.
Шагьабазе гIоло гIадамазде гьаз
ГIарада бокьараб буго кьвагьулеб.

Амма бокьилаан берцинаб дур ц1ва
Доб зодихъ кидаго кунчIун хутIизе.
Ва гьелъул камилаб канлъи щивасе
Щведал хинлъанилан халкъ разилъизе.

## ДИР ЦIА

ЗахIматал ургъелал ана каранлъа,
Анищаз цIидасан цIа гъуна рекIелъ.
Тазалъана гIумру…гIурччинаб дунял
Дие гIатIилъана, гIорлъун чвахана.
Гьаб тIабигIаталъул тIолалго кьераз
ТIолго дунялалъул талихI дий кьуна.

Амма щакдарабаз щекъер къакъала
Шайихзаби гьечIин гьанже хутIунан.
ГIасруялъул бадив балагьарав дун
Беццлъизе гьавулев ватула соназ.
БукIаниги лъикIлъи лъалебги буго
ЛъугIизе гьечIеблъи гьаб ракьалда тIад.

Жегиги рорчIизе ругеблъи иццал,
Абулеблъи мехалъ магIнаяб рагIи.
Кьуру борлъаниги, битIараб нухде
БахIарчияб дир халкъ даим щолеблъи.
Дуниял роцIараб рогьалил гIужалъ
РагIила берцинаб булбулалъул кечI.

Гьаб гIарцул замана, гIадамазул хъуй,
ГIадалъ бессизабун соназ бугеб кIкIуй,
ЛъугIила, тIагIина, тIамур кIалъала,
ТIамулеб ракьалда рагIила бакъан.
Добго берцинлъиялъ батила хвасар
Хвалдаса гьабулеб гьаб нилъер гIалам.

Ахирги дагьлъила дагIбаги, къецги,
Къалеб зар, балеб мал, бахъулеб ханжар.
Бицунеб гьереси, гьабулеб хIарам, –
Гьелъийги къисматалъ кьор батила гъун.
Гьакида рукIахъе ран чуялгун дун,
Дагъистан, вахъинин вуго сапаралъ.

Рес гьечIо гьадинан гьаб гIумру тезе,
Гьаб сахлъизе гьабун гьечIого хвезе.
Дица цIа бакулеб буго кьурда тIад
Кьин чIараб хасалил халатал сардаз.
Хинлъи киназего дир кверзул гIела,
Каранде рачине рачIа гIадамал.



**ГIайшат ИБРАГЬИМОВА**



### ГЬАБ КАНЛЪУЛ ГIАДАБ ГВАНГЪИ
### ГЬЕЧIО ДУНИЯЛАЛДА

**Бидулъе чороклъи ккей**
**Чара хвараб жо буго,**
**Черхалде цIа бахунеб,**
**ЦIан хадуб ракI бахъулеб.**

**ГIамалалъул чороклъи –**
**Гьелдаса квешаб буго,**
**РухI бахъун хадусаги**
**Унти ракьалда толеб.**

**Вокьула дие гIадан**
**ГIамал гьесул лъазегIан,**
**Лъалхъула кIирикьуда**
**Гьесда хадуй гъезегIан.**

**Божуларо цо нухалъ**
**РекIкI гьабурав чиясда,**
**Рокьи халат бахъуна**
**Хиянат бихьичIесде.**

**Рекерулел пикраби,**
**Зунухъе унел хьулал,**
**КвачIид рахъун анищал,**
**Бухъардулеб гьинал ракI.**

**Жаниб хIалуцараб ракI,**
**Багъарун ботIролъ гIакълу,**
**Лъалхъеян гьаранагIан,**
**ГIедерлъи рокьиялъул.**

**Гьуърулъе цIараб хIохьел**
**Нахъбусун бачIинегIан,**
**ГIумру дие батани,**
**Багьа гьеб буго чорхой.**

**Кьижун ккараб бусада**
**Радал берал рагьани,**
**Гьеб канлъул гIадаб гвангъи**
**ГьечIо дуниялалда.**

### ЧIУХIУН ГЬАБ РАКЬАЛДА
### КИНАН ХЬВАДИЛЕЛ

**ЧIухIун гьаб ракьалда**
**Кинан хьвадилел,**
**Кодоса унелъул**
**Кьурабщинаб жо.**

**Нахъа таралдаса**
**РакI кин бохилеб,**
**Балъгояб бугелъул**
**Цебехун бугеб.**

**Жиб аздагьо гIадаб**
**Хвелги хадуб тун,**
**Рохел щиб букIинеб**
**Дуниялалда.**

ЛахIдугIан чIегIераб
Тезе кколеб нух,
Лъида лъалеб чирахъ
Киб свинебали.

ГIагIадун велъулев,
ГIадан вихьани,
ХIинкъун лъугьуна ракI
Кин кIолебилан.

КIичIун чIухIун унев
Чиясда хадуй,
Хаган хутIула дун
Бажарийилан.

Дол гIакъилзабазул
ГIелмуги цIалун,
ГIодоре руссани
ЛъикI букIинарищ?

Бихьизе кьун бугеб
Дуниялалда,
Дагьал ургъанани
БитIун ккеларищ.

* * *

Дида хадуб хал ккоге
ГIакълу цIикIкIарал чагIи,
Нужеда гьоркьоб дида
ГьечIин ккола дие бакI.

Нужецаги хал ккоге
ГIакълу мукъсанаб агьлу,
Нужеда гьоркьобги дий
Бокьун гьечIо щвезе бакI.

* * *

Хьихьараб дегIеналъул
ГIамалалъул кIодолъи,
ЩинкIил кьабун, лълъар тункун,
ГIадан валъаргъунеб куц.

Лъицадай гьаб бухилеб,
Лъикьадай гьаб хIинкъилеб,
Лълъар биццатаб цо бугъа
Бичалин гьалде данде.

Валлагь хIинкъулебха гьаб,
Бергьунеб данде чIвани,
Валлагь тIурулебха аб,
ТIаде бугъа бачIани.

Гьадинаб гIумру дие
ГIадамалъ бокьиларо,
Гьаб хIамабагьадурлъи
Кинго къабуллъуларо.

## ГIЕЛА, КЕЧI, АХIУГЕ КЪОРОЛЗАБАЗДЕ

Къисматалъул каву,
Кирит бекараб,
ЯхI гьечIез чIалгIаде
ТIутIулеб нуцIа.

Гьале къоролалъул
Къваридаб къисмат,
Дунял битIараца
Балъаргъун толеб.

Вокьулев росасда
Къоно чIван хадуб,
Къоролай долейин
Йихьизаюлеб.

ГIодой къуланиги,
Йорхизаюлеб;
Къулун йилълъаниги,
Багьана чIвалеб.

ГIадан вихьуларел
Бералги алда,
Бихьинчи рихараб
ГIамалги алъул.

Амма къоролаян,
КъватІул чІужуян,
Къаркъала соролеб
Рогьоги алде.

ГІела, кечI ахIуге
Къоролзабазде,
Къисмат киназулго
Рагьараб гьечIин.

РакIалъ чIегIер барай
Цогияй гIадан,
Долъул гIумру нилъей
Балъгояб бугин.

* * *

Дир рухI босанагIан
Къуват цIикIкIунеб,
КъваригIун букIинчIо
Дие гьаб рокьи.

РакI дир беканагIан
ГIадра тIегьалеб,
ГIамал буго гьалъул
ТIад белъанхъулеб.

* * *

Вай борхалъи, борхалъи,
Яхине манзил къокъаб,
Дица чидае тедал
Чаргъедо тIад сверараб.

Вай гъварилъи, гъварилъи,
Бох бегьун дихъе щолеб,
Щайилан дица тедал
Жаниб кIкIабатIалъ цIураб.

Дир чIухIи дунялалда
Данде лъезе бегьила,
Дун рехун тарав гьудул
Гьелда гъоркь ккун чIчIинтIизе.

Дир къуваталда кьуру
Кьалде ахIизе кIвела,
Дуэлалъ гьудуласе
Гьабулеб жо бихьизе.

* * *

Араб цо сордоялъул
Сурат дица бахъани,
Щибаб лагаялъ дида
ГIодейилан абила.

БукIараб гIумруялъул
Къиса дица бицани,
Къадалъ ругел ганчIалцин
ХIал щванилан кIалъала.

* * *

Дун гIодулей гьечIо
ГIакъилав гьудул,
ГIелму лъала дида
Дур рокьиялъул.

Дун угьдулей гьечIо
Берзул хазина,
ХатI буго беразулъ
Дур балаялъул.

ГьечIо мун, гьечIо мун,
ГьечIониги щиб,
Гьаб рекIелъ биялъулъ
Буго дур хIасрат.

Свана чирахъ, свана,
Свананиги щиб,
Ссунареб бакIалда
Буго дур канлъи.

А нахъе, къварилъи,
Рехун дунги тун,
Къаде тIерхьараб бакъ
Нахъбуссунарин.

КъвакІун чІа пашманлъи
Гъаб камиялъе,
Кодоса бортанин
ГІумрудул талихІ.

МатІу бекана дир
Гъаб рокьиялъул
Кие ялагьилей
Дунго йиххьизе.

ЦІваги тІерхьун ана
Дир гІищкъуялъул,
Зонода къвал бараз
КечІ ахІулебищ.

* * *

Дуца дир кІигъуждузда
КІутІбуца хатІ хъвалаан,
Халатал дир гъалалги
Гъуждузда кьурулаан.

Вахъинарищ мун тІаде,
ЧІалгІун ялагьун йигин,
Бухъиларищ дурго хоб
ЧІойого хутІун йигин.

Дуца дир кІиябго квер
ЦохІо квералъ кколаан,
Цоялъ нилъуги борхун
Бадив валагъулаан.

Тана, гьудул, тана дун,
Тана хадуй ялагьун,
Хирияб гьаб дир рокьи
Дуе накалда буго.

Унелъул – къо-лъикІ гьабун,
ВачІунелъул – салам кьун,
Сардал-къоял рукІана
Къад бакъ, къаси моцІ бугел.

ТІегьан буго духъ хІасрат
ЧІаго йигейгІан мехалъ,
ТІун хІатІикьеги рехун
Дица басра гьабичІеб.

## КЪИМАТ КЬЕЗЕ ЛЪАЧІО ДУР ГІАСРУЯЛЪЕ

Къваридго угьдулеб
МахІмудил рекІел
КІутІи чІезабуна
Игьалиб къотІноб

Рокьул гІазабазул
ГІузру лъарасе,
Дарулъун лъугьана
РечІчІараб гулла.

Доб ГІашилтІа росулъ
Лъураб ругъуналъ,
РухІ тІагІун чІарбида
Лъуна дур рокьи.

Къваридаб рекІее
Чучи кканадай,
Доб Карпаталдасан
Кагъат битІидал.

Дур рокьуда данде
Рокьукълъи лъурал
Муил эбел-инсул
ТІекъаб гІагарлъи.

ГІарцуца борцунеб
Гьезул къадруялъ,
Къоно чІвана, МахІмуд
Дур гІищкъуялда.

Хасало тІегьараб
ТІогьол гІадинан,
Къисмат къварилъана
Дур хІасраталъул.

ХІасратго кІетІолел
Нужер ракІазе,
Къимат кьезе лъачІо
Дур гІасруялда.

## КИБЕ АРАБ, ШАГIИР, БУХIАРАБ РАГIИ

Пикрабазул чода
Чангит баниги,
Чара гIолеб гьечIо
ГIабдаллъун чIезе.

ХIукумат бичулев
ХIакимчиясул
ХIеренаб рагIуда
Божи гьабизе.

ГIарац гIемерлъарав
БахIарчийилан
Рецц-бакъ гIемер гьабун
Вуго веццулев.

ГIунгутIаби гьечIев
Малаикилан,
ГIадамаца вуго
КIодо гьавулев.

РухIал къун рагъарал
Имамзабилъун,
Гьев ахIмакъги вуго
Иргадулъ лъолев.

Берцинал ясаца
КучIдулги ахIун,
ХIалихьат, зулмучи
Ворхат гьавулев.

Вохун, хъатал кьабгIун,
Ворхарав гьесда,
Гьересиги, буго
Уйилан ккараб.

Кибе араб, шагIир,
БухIараб рагIи,
ХIалихьалъиялде
Дуца абулеб.

Гьесий хIелхIел гьабун
ХIеренго кIалъан,
ХIал хисулеб гьечIищ
Дур пикрабазул.

ХIукму мекъи къотIун,
Къалам инжитлъун,
Къоно чIвалеб гьечIищ
Дур гьунаралда.

* * *

МугIрул тун, щобал тун,
ЩинкIун ана бакъ,
Щубил гарахъгIаги
Дун ялагьизе.

Зобал тун, цIваби тун,
РещтIун чIана моцI,
МоцIрол канлъигIаги
Дие кунчIизе.

Амма дир гьа буго
Гьедун рокьуе,
Гьудул хваралдаса
Чи кIваричIилан.

Гьесул нуцIа буго
Некьал тIолареб,
ТIаде кIул дос рахан
Хабалъе араб.

## ШАГЬАБАЗУХЪ ХIАЛТIУН ХIУЛАНА МУГЪГИ

Къали хьараб хуриб
СахI батулареб,
Гьаб магIишат дида
Рихун бугеб куц.

РухI дица кьуралъуб
ХIухьел щолареб,
ХIалтIуде яхьинги
ЧIалгIун бугеб куц.

Киналго тIадчагIаз
ТIутIун гурони,
ТIаде щун бахъинчIеб
Шагьил хиралъи.

Гъоркьан ратIа бегьун,
ТIасан бох бегьун,
Гьезие хIелизе
БажаричIеб куц.

Шагьабахъ хIалтIиялъ
ХIулана мугъги,
МоцIрол гIарацалъухъ
Щвана херлъиги.

Пенсияги щвелин
Гьира букIана,
Гъоркьан тIасан къунцIун
КъабихIлъи элъул.

Вореха, гIолилал,
ХIукуматалда
ХIалкIолеб букIаго
Божун рукIунге.

Нужерго ах гьабе,
Хур хIалтIизабе,
Херлъидалги щолин
Дир гIадал кебкал.

* * *

Кьуруялъ меседалъе
Нусго гъат гьабун буго,
Гьедин къваригIун гуро –
КъваригIун йигищ дуе.

ХъахIил ралъадалъ жавгьар
ТIиналда бахчун буго,
ТIадагьаб рокьиялда
Божизе кIолеб гьечIо.

Дун магIарда тIегь йиго,
Бищун тIамах берцинаб.
Дун гьотIода пихъ йиго,
ХIапароялъ кваначIеб.

Дун зобазда хъахIмикки,
ХIули чиясе кьечIей.
Кьурулъ баккараб дерец
Цо дуца махI сунтIарай.

Киб бугеб дур доб рокьи,
Дихъ кканилан букIараб.
Бугищ чIаго доб хIасрат,
ХIурлъун щущан инчIого.

Бугебищ диде божи,
Лъалебищ дуда къимат,
КъватIул рокьи рихарай
Дун къадруяй яс йиго.

Гьадин ахIула дица,
ГохI-гохIалдеги яхун,
Гагуйилан ахIдолеб
Мадинаялъ кинигин.

Гьаб кечI ахIун гIодула
Карун-карун бералгун,
Кодоб букIараб талихI
ЧIалгIеналдеги сверун.

## ЦIАР НАХЪЕ ТАРАЗУЛЪ ВУКIИНА ГЬЕВГИ

Доб АхIулгохIалда
Сидул берцинлъи,
Доб АхIулгохIалда
Хъаладул рекъей.

Нилъер тарихалъул
ЛъалкIалъул бицун,
Лъураб мармар гIадаб
Долъул бечелъи.

ЦIар гьабулей гуро
Гьеб ургъарасе,
ЦIар нахъе таразулъ
ВукIина гьевги.

Рецц гьабулей гуро
ГIакълу бугесе,
ГIакълу букIин буго
Тараб лъикIаб лъалкI.

АхIулгохI, мун лъала
Гьаб дунялалда,
Лъала шагьидазул
Диналъул гучлъи.

Щивасул цIар буго
ЦIунун ракIазулъ,
Гьезул гьунар буго
Бидуца хъвараб.

Кьурабигун кIкIалал
ХъитIалгун ганчIал,
Хъалаялъухъ руго
Гьанже ралагьун.

Гьаниб тарих буго
РакIал гьанцIулеб,
Гьал кьурда бигьарал
Дол мусудазул.

Гьаниб къиса буго
РакI сородулеб,
Тушманасе кьолеб
Чохьол лъимадул.

Гьаниб хIужа буго
ХIорда кIалги чIван,
Лъимаца гьекъараб
Бабул биялъул.

Гьаниб бахIарчилъи
ГIолохъабазул,
Гьаниб намусгун яхI
МагIарулалъул.

Гьаниб рагъул кьогIлъи –
Рагъ къотIарабго,
МагIарухъ букIунеб
ГIумрудул лазат.

Кинабго букIана
Гьаб АхIулгохIда,
АхIичIев тушманас
Багъаризабун.

БукIана тIахьазда,
Гьеб киноялда,
Наслбаз бицунеб
КIалзул къисабалъ.

БорхичIо доба си
Тарих цIунизе,
Бан букIинчIо хъала
Гьезул рухIазе.

Баркала, Рамазан,
Хварал чагIазул
Хабаде вачIиндал,
ЧIвараб гьаб зонохъ.

РухI гьазул бохизе
Гьабураб хIалтIи,
СиратIалъул кьодуй
Шагьарлъун ккаги.

Мун Дагъистаналъул
ЛъикIав вас вукIин
Лъан букIана тIолго
Россиялдаго.

Дуца толел лъалкIаз
ЛъикIаб рахъалде
Балагьизе буго
Халкъ ругьунлъулеб.

# Хъвадарухъаналъул архивалдаса

## ЭЛЬДАРИЛАСУЛ САПАРАЛ

***(бицен)***

*Гьаб макъала бачIун букIана нижехъе магIарулазул машгьурай хъвадарухъан ПатIимат Муртазалиеваль церегIан соназдаго. ЦIалун балагьидал, божизе захIматал, хIакъикъаталде данде кколарел гIадал бакIалги ратун, ПатIиматида дандбазе ракIалда букIана. ЗахIматаб хIалалъ унтун гьейги йикIун, гьелъие доб мехалда рес рекъечIо. ПатIимат Аллагьасул къадаралде щун сонал аниги, макъалаялда рехсолел хIужабазул бицен гьабизе мухIканлъи лъалев чиги нижеда ватичIо. Кин букIаниги, цIалдолез къимат кьезелъун «Эльдариласул сапарал» журналалда рахъизе хIукму ккана нижер.*

Хасго ахираб заманалда, халатккун шагьаралда ругел гIадамазул, гIагарал-божаразулгицин, гIемер цоцахъе щвезе рес букIунаро. Амма дир инсул гIагарав чи Сайпудинил ГIабдурахIман, хасго хирияб къоялъ, дихъе щвечIого чIоларо. Байрам баркизеги, ахIвал-хIал лъазабизеги тIадаблъун рикIкIуна гьев хIалимав чияс.

Гьедин вачIарав ГIабдурахIманица, цо нухалъ дихъе кьуна конверт.

– Гьаниб буго Эльдариласул къиса, – ян абуна гьес. – Хъвай-хъвагIаялъул рахъалъ кинаб батаниги, гьенир рехсарал хIужаби киналго ритIарал руго. Нижее гьеб бицана дурго инсул гIагарав чияс – Ругъжаса Гунашил АхIматIица. Къаси хабаралъе гьесухъе чагIи рачIараб мехалда дунги вукIана гьенив. Гьеб букIана некIого, 60-абилел соназда. Дие, жеги гьитIинав чиясе, кIудияб асар гьабуна гьев чиясул тамашаяб, маргьаялда релълъараб къисматалъ. Дица кагътиде росана киналго хIужаби. КIваркьун гIенеккун вукIиндал, щибго кIочон течIо ва хъвана тетрадалда, – ян бицунеб букIана ГIабдурахIманица.

АхIматIихъ гIенеккарав чияс цIехана, гьедигIан мухIканго Эльдариласул гIумруялъул хIакъалъулъ кисан, кин лъарабилан. Гунашил АхIматIица жаваб кьуна гьадин: нилъерго росдал харабазда лъалеб батана гIемераб. Цо заманаялъ дун вукIана ЧIохъ росулъ мутагIиллъун. Гьениб лъай-хъвай ккана Эльдариласе йокьулей йикIарай дой наибасул ясалъулгун. Ригь араб гIумруялда йикIаниги, гьелъги бицана Эльдариласул.

Революция бергьун хадуб, дун хIалтIана магIарул росабалъ. Цо заманаялъ вукIана Хунзахъги. Гьенив дида ватана некIо наибасул кумекчилъун вукIарав Эльдариласул гьоболги. ГIезегIан бицана гьес Бахул гIумруялъул хIакъалъулъги, Эльдариласул рахъалъги, дол ракIалдаса унарел лъугьа-бахъиназулги.

– Гунашил АхIматIица бицаралда щаклъарав чиги гьенив ккечIо, – ян абуна нахъойги ГIабдурахIманица, – щай абуни, гьев чи Ругъжаб росулъ профессор гIадав чи вукIана. Гьесда лъалаан гIараб гIелмуги. Гьев вукIана гIакъилав, росдал гIадамазул кIал мукIурав чи. Къадру хвараб жо гьес гьабичIо, гьересиги бицунароан.

Дида ракIалде ккана, гьедин гIодор лъун рукIинегIан, дуца дурго асаразулъ гьал хъвай-хъвагIаяздаса пайда босизе бегьулилан абуна ГIабдурахIманица.

Сайпудинил ГIабдурахIманил рагIабазда рекъон, Ругъжаса Гунашил АхIматIица бицун буго хадусеб:

Цебе нилъер гIадамазул букIараб, гьанжеги тун гьечIеб, гIадаталда рекъон, заман щвараб мехалда васасе лъади ячине ургъун руго МухIамадил (Эльдариласул) эбел-эменги. Гьез тIаса йищун йиго, жидерго хIисабалда, лъикIаб, чиги гIемераб тухум-кьибилалъул яс. Гьеб суал МухIамадилгун данд бараб мехалда, гьев разилъун гьечIо инсуца цIар чIварай яс ячине. Гьеб сабаблъун васасулги инсулги кIудияб дагIба-рагIи ккун буго. Жинца малъараб гьабизе вас разилъулареблъи бичIчIарав, цIакъ ццидахарав инсуца лъазабун буго:

– Дица абураб къагIидаялда ригьин гьабизе разияв ватичIони, мун дирн вас гуро! – ян.

МухIамад гьебсагIатго хIадурун вуго инсул мина тезе. Росун хулжалгун, гьезда жаниб лъун буго бищунго хIажатаб: ретIел-хьитги, тIахьалги, хъвай-хъвагIаялъе къваригIарабги. Гъажалде хулжалги рехун, хехлъи гьабун росу тун буго гьес.

Росу бахарабго, жинцаго жиндирго цIарги хисун, сапар бухьун буго лъарагI ракьалде. Гьениб цо росулъ рештIун вуго. АхIвал-хIалги лъазабун, васасул къотIи ккун буго, бугеб ресалдаса пайдаги босун, мутагIиллъун цIализе лъугьине. Рукъалъ гьев вукIун вуго магIарул васалгун цадахъ. Гьезулги вукIун вуго лъабгояв.

Гьел рукъалъ ругеб минаялда дандбитIун цебе букIун буго цо бечедав чиясул чIухIараб, кIудияб минаги. ЦIорол рагъида гIодойги чIун, юкъарулей йикIун йиго бечедазул яс. МухIамад гьеб рагъидехун валагьулевцин вукIун гьечIо. Амма гьасул гьалмагъзабазул чара тIагIун букIун буго гьей берцинай ясалъухъ рокьи ккун. РакIазул асарал загьир гьаризе ресалги гьазда ратулел рукIун руго жидерго къагIидаялда: гьештIон, ишанал гьарун, рагъиде чIинхал рехун.

Гьедин анила кIиго сон.

Цо къоялъул къалъул гIужалда, тIахьал цIалулел гIолохъаби ругеб мехалда, гьадай яс рагъидеги ячIун, нахъеги юкъаризе лъугьун йиго. Гьеб мехалъги гьелго гIолохъаби лъугьун руго релъанхъилаго, гьелде ахIдезе. Гьеб рекIее гIечIев Эльдарилас абун буго: «Ле, гьудулзаби! Гьанирги чIун релъанхъичIого, долде аскIореги ун щай бицунареб нужерго мурад!» абун.

– Гьа-гьа-гьа! ГIамал кIодолъиги чIухIараб рагIиги букIуна ругъеждерил! Гьунарги гьечIого кIалалъ бицун гIоларо! – ян жаваб гьабун буго цояс.

Гьеб мехалда, кIанцIун тIадеги вахъун, гьел гIолохъабазул квералги ккун, хъахIаб гIарцул лъабго гъурущги гьоркьоб лъун, абун буго Эльдарилас:

– Гьадай ясалде аскIове рагъидеги ун, метер къад гьадалъ дир габуралда къвал базе буго, ралагьун нужгун…

ГIолохъабазда гьев вихьун вуго ясалъул рагъиде вахун унев.

Ясалъухъе унаго, Эльдарилас жиндаго тIад букIараб гужгат бихьун буго, бигьаго букъизе рес гьечIеб хIалалда. Цинги, ясалде аскIовеги ун, лъарагI мацIалда цIехон буго:

– Йорчами, Меседо! Цо гьитIинаб мурад буго дир, бегьиларищ тIубазабизе?

– Хехго бице кинаб мурад дур бугебали? – ян абун буго ясалъ, гьесдехунги юссинчIого.

– Дир гьаб гужгат бихъун буго букъизе захIматаб хIалалъ… Дир хъизанги гьечIо, дунги нужер гьанив цIалулев чи вуго.

– Гьанибе рехе, – ян нахъехун квер бегьун буго ясалъ.

Эльдарилас гужгат рехун буго гьелъ абураб бакIалде.

Гужгат букъизегIан чIарав Эльдарилас ясалда абун буго:

– Мун кидаго гьаний гIодойги чIун юкъарулей йихьула, ракI бакъвачIого букIунеб батиларо. Дуе рекIелгъеялъе цо-кIиго кочIол рагIиниги абун лъикIилан ккола.

Гьес гьей ясалде гьабун, рикIкIаде рагIиларедухъ кечI ахIун буго.

Эльдариласда бихьулеб букIун буго жиндир кечIалъ ясалъе гьабураб асаралъул хIасил кинаб кколеб бугебали. Гьелъул машина хIалтIиялъул низам хун буго, гьелъ цого бакI букIун буго букъулеб. КочIол гьаракь къотIарабго, лъавуде ячIарай гIадин лъугьарай гIолохъанчIужу, балагьун йиго гужгаталде тIаде.

– Ле, вас, гьаб жакъа букъун лъугIуларо! Метер вачIа гьаб босизе! – ян абун буго, гужгат бетIергьанасухъе кьезе бегьулеб хIалалде ккезабизе бажаризе гьечIеблъи бичIчIарай ясалъ.

Эльдариласги малъараб гьабун буго.

Бихьиназе ретIел гьабизе доб заманалъ бищунго лъикIаблъун рикIкIунеб букIараб ххамги босун, цIияб гужгат букъун буго гIолохъанчIужуялъ. Нахъисеб къоялъ къалъул гIужалдаса хадув, Эльдарилав ун вуго жиндирго гужгаталда хадув. Гьудулзабазул бералги рукIун руго гьесда хадур халккун. Ясалде аскIове щвараб мехалда, гьелъ абун буго, гужгат букъаралъухъ цоги кечI ахIизе ккелилан. Эльдарилас дагьабги берцинго ахIун буго ясалде гьабураб кечI.

ГIадамазде гъорлъе гIемер ине толарей, жиндирго хIакъалъулъ гьединал берцинал рагIаби лъидасанго рагIичIей, ракIбацIцIадай гIолохъанчIужуялъе кIудияб асар гьабун буго васасул пасихIаб каламалъги недегьаб гьаракьалъги. Гьелъ Эльдариласул габуниб къвал бала ва недегьго гьесда хурхуна. Гьеб сурат бихьарал гьадал гIолохъабазул битIахъе тату хун буго. Лъида щцин бахъинебали лъаларого рукIарал гьезул нич бергьун буго. ТIокIалъ Эльдариласул бадире ралагьизе кIвезе гьечIеллъи лъарал гьез хехлъи гьабун бакIарун буго жидерго къайиги, тIубан гьеб росуги тун, тIурун ун руго. Унаго, цо хIалихьатаб ишги гьабун буго: лъарагIазул гIолохъабазда гьез абун буго нужер ясалда аскIов ругъжасев вугилан. Гьелги лъугьинарищхха жидеца бихьилин гьев хIалихьатил хIалилан.

Цо талихIалъ гьезда гъорлъ вукIарав Эльдариласул гьудулас, хехлъи гьабун жиндирго рокъовеги вачун, къаси кватIараб гIужалъ росулъа нахъе регIун вуго Эльдарилав. Гьеб мехалда гьабураб буго «Алданил яс Меседо» абураб кечI.

Гьедин, сардилъ сапаралъ унаго, цо бакIалда хIохьбахъизе чIарав гьев ургъулев вукIун вуго щибдай жинца гьабила, киведай ун лъикIилан. ЦинтIаго ракIалде щун буго лъарагIазул росдал годекIаниб харабаз бицунеб рагIараб хабар. Гьениб бицунеб букIун буго гIицIго жидерго росдал

гIадамазул, хIажатазул, ишазул хIакъалъулъ гуребги. Цоги батIи-батIиял росабалъа гIадамазул, гIадатазул; бихьиназул гьунаразул; берцинал ясазул хIакъалъулъги бицунеб букIун буго гьениб. ЧIохъ росулъа наибасул ясалъул хIакъалъулъ рагIанила кутакалда берцинай, жинде яхарай Дагъистаналдаго гьечIей гIадан йигин гьейилан.

Эльдарилас хIукму гьабунила ЧIохъ росулъе мутагIиллъун ине ва гьей ясги йихьизе тIалаб гьабизе. ЧIохъе щвезегIанги, нухда бакI–бакIалда лъалхъун, варакъул шакъиялъ хъахIаб кагътида хъвалеб букIарабила ЧIохъа наибасул ясалде гьабулеб кечI. Гьелъул сипат-сурат цебечIезабулеб букIун буго бицунеб рагIаралда рекъон. Гьедин лъелго щваравила ХIодобин цIар бугеб чIахъадерил колотIе. Гьенир ратанила гIезегIан чIахъадерил руччаби. ХIайваназе базе хер къанагIат бугелъул, хIотоде рачIун ругилан биценила гьез.

Нух битIагийин, мун киве унев чийилан руччабаз цIехедал, ЧIохъе унев вугилан жаваб кьун буго Эльдарилас. Гьеб росулъе киданиги щун вукIинчIин абун буго гьес.

Эльдариласда бицунеб рагIун букIун буго, ЧIохъа наибасул яс щибаб къоялъ цIализе щвезаюлин, ПатIиматилан цIарги бугей, цIаларай, гIалимлъун рикIкIуней гIаданалъул бакIалде. Гьениеги нахъеги унаго цадахъ кIи-кIи чиги вукIунин, гьей нуха регIулев ва цIунулев.

Жиндирго гIагараб росу аскIобго букIаниги, Эльдарилав къокъуна ЧIохъе. Нухда цадахъ ккарал руччабазда гьас гьарун буго жинда гьоболасул бакI бихьизабеян. Гьев гьоболасул цIар цIехедал гьас абун буго:

– Гьоболасул цIар бицун букIана инсуца, амма дида кIочон тана. Гьес абуна гьеб рукъалъул бетIергьан йигила гIелмуги лъалей цIаларай гIадан. Наибасул ясалъе дарсалги кьолила гьелъ.

– Гьа-гьа-гьа! КIудияй ПатIиматил бицунев вуго гьав! – ан абунила цоялъ. – Амма дуе нух щвеладайха гьелъул рокъобе! Гьелъул каву кидаго рахан букIуна!

Гьединаб каламалдаса хадур руччаби жиде-жидер нухалъ анила. Эльдарилавин абуни, канлъи къотIизегIан тира-сверулевги вукIун, тIадвуссанила КIудияй ПатIиматил минаялде аскIове. Кавуги рахан батанила, вихьулелъув чиги вукIинчIила, ине бакIги лъалароанила.

Малъкъосарав чияс лъикI хIисаб гьабунила минаялъул ва гьесда бичIчIанила ригьалъул тIохде вахине рес букIин ва гьенисан азбаралъубе нух букIин.

РакIалдаго гьечIеб мехалда, гIолохъанчиясда берчIвайдал йихха–хочун лъугьанила херай ПатIимат.

– Вай дир вас! Кавуги рахан бугин, мун кисан вачIарав?! Кин вахарав жаниве инсан вачIине бегьулареб гьаб дир минаялъуве? – ян цIехолдизе лъугьанила кIудияй гIадан.

– Дун вуго Ругъжаса МухIамадил Эльдарил вас МухIамад. Инсуца дун витIана духъе, дур цIарги бицун, гIалимчIужу йигилан баянги гьабун. Мун жиндир божарай гьобол кколиланги абуна гьес. Дир мурад буго гьаб нужер росулъ мутагIиллъун чIезе. Инсуца абуна мун къадру кIудияв гIадан йигелъул, дие кумек гьабилин мутагIиллъун мажгиталде виччазе, дибирасда кIалъазеги дуе захIмат букIинарин.

– Вай, дир вас, дир Ругъжав гьоболги гьечIо, я дур эмен, я цогидав дида лъалев чиги гьеб росулъ гьечIо! – ян абун буго хералъ чIванкъотIун.

– Дидаги лъалароха щиб гьабилебали… Инсуца витIидал вукIана вачIун. ТIоцеве щвана дун гьаб росулъеги, кивеха гьанже дун инев? Щиб дица гьабилеб?

– Щибха тIокIаб гьабилеб, дир вас, рогьинегIан гьанив вукIа, рогьалилъ гьаниса нахъе ине ккола. Мажгиталъул кIалтIа чIа дихъ балагьун, дун ячIина дибирасда кIалъазе, – ян абунила кIодоца ахирги.

Гьединаб къотIи-къаялдаса хадуб, гьеб минаялъуб сордоги бан, рогьалилъ нахъе унаго, жанахIалде гIодобе бортизе биччан танила гьас наибасул ясалде гьабураб кечI хъвараб кагъат. Каву рахазе унаго, ПатIиматида батарабила гьеб. КIодоца гьеб цIаланила чанго нухалъ тIатIалаго, кигIан цIаланиги, гIорцIулейго йикIинчIила чIужугIадан. Эльдарилас гьеб хъван букIиндалха ракIал паналъулел калимабиги ургъун, цIакъ пасихIго. Берцинаб щакъиялъги гъира ккезабулеб букIун батиларищха цIализе.

Гьеб кагътилъ бугеб пасихIлъиги, къуватги бихьарай ПатIиматица, босун наибасул ясалъ цIалулеб тIехьалда гьоркьобе биччан танила гьеб. Жийго ПатIимат гьеб мехалда ун йиго Ругъжаса васасе мутагIиллъун бакI кьейилан гьаризе дибирасда аскIое. Мажгиталъул рагьда ватарав Эльдарилавги вачуна гьелъ цадахъ. Дибирас тIубан буго кIодол мурад. ГIолохъанчи цIализе восанила ва гьесие жанив чIезе рукъги кьунила.

– Мун къаси гъовехун вачIа, дурго хулжал росизе, – ян абун буго ПатIиматица, нахъе унаго. Рогьалилъ, минаялъуса нахъе унаго, жиндирго хулжал гьоркьго тун рукIун руго гьас. Гьезда жаниб букIарабила Эльдариласул тIолабго бечелъи: лъарагIалъ букъараб гужгатги, бухаритIагъурги, чакмаялги, цогидаб ретIелги ва тIахьалги.

ТIадюссун рокъое щварай кIодода яс ятун йиго гIодулей, гьелда цебе букIун буго Эльдарилас хъвараб кечI.

– Я дир яс, мун щай гIодулей? Лъица мун къварид гьаюрай? – ян цIехон буго КIудияй ПатIиматица.

– Гьаб кагъат хъварав чи кив вугев? Лъица гьаб лъураб дир тIехьалда гьоркьоб? – ан цIехон буго ясалъ. Жавабалъул бакIалда, ПатIиматица тIасабихьизабун буго жинда лъаларин, гIодобе бортун батараб кагъат, дур батилилан тIехьалда гьоркьобе биччанин.

Амма ясалъ кьварун лъазабун буго:

– Гьаб кагъат хъварав чи щив ватаниги, гьаниве ахIун, дида вихьизаве! Гьедин гьабичIони, гьаб накъиталъул хIакъалъулъ дица инсуда бицина! – ян.

КIодо квеш хIинкъун йиго ва бицун буго вас вугеб бакI. Ясалъе рагIиги кьун буго метерго гьев рокъове ахIизе. Гьелдаса хадуб ясалъ бер тIамун гьечIо тIахьазде.

Эльдарилав ПатIиматихъе вачIун вуго, яс рокъое араб мехалда.

– Щай дуца дир рокъор кагътал рехун тарал? Дун наибас чIвазейищ дуе бокьун букIараб?! – ан цIехон буго ццидахарай ПатIиматица. – Гьанже гьоб кагъат щун буго наибасул ясалъухъе! Гьолъие бокьун буго мун вихьизе! Гурони, гьолъ инсудаги бицун, дун чIвазайизехъин йиго! Мун метер гьанив жанив вахчун чIезе ккола, наибасул нукарзаби нахъе инегIан, – ян жубан буго гьелъ тIадеги.

Гьеле гьедин, гIалимчIужу ПатIиматил рокьор дандчIвала Эльдарилавги наибасул ясги тIоцебесеб нухалда. Хадусеб заманалда дандчIвалеб хассаб бакI букIун буго гьезул. ЧIохъдерил гIадамазда цо заманаялдасан гурони лъан гьечIо Эльдариласулги наибасул ясалъулги гьоркьорлъабазул хIакъалъулъ. Гьеб хабар рагIарабго дибирас Эльдарилав ЧIохъ росулъа нахъе витIун вуго. Эльдарилав ун вуго тIадвуссун жиндирго эбел-инсухъе.

Цодагьабго заманалдасан Эльдарилав хIалтIуде лъугьун вуго Гъуниб районалъул кIудияв наибасда цеве нукарлъун ва бихьизабун буго бажари. Наибас гьесие сайгъаталъе кьун буго нодоги хъахIаб, кIиго нахъисел щанкIлалги хъахIаб, багIараб чуги.

Эльдарилавги ва гьесулго гIадал ишал тIуралел жеги гIолохъабиги наибас ритIулел рукIун руго батIи-батIиял районаздаги росабалъеги хассал тIадкъаялгун.

Гьедин щварал росабалъги Эльдарилав машгьурлъулев вукIун вуго жиндирго аваданаб, гъорлъ восараб хасияталдалъунги. Бертабалъги, сухIмат-ихтилал ругелъубги ккани кечI ахIун, хIажалъани кьурдун, данде ккезабулеб букIун буго гIадамазулгун. Наибасда цеве хIалтIулев вукIаниги, Эльдарилас гьарурал ва ахIулел кучIдул рукIанила наибзаби какарал, тIадчагIаз халкъалъе гьабулеб зулмуялде данде квачI барал.

Жеги хъизан гьабичIнв Эльдарилав, ургъулев вукIун вуго лъади ячиналда хурхарал суалазда тIад. Гьединал пикрабазда кьижун ккарав гIолохъанчиясда бихьун буго цIакъ къабулаб макьу: Эльдариласул накабазда гIодойги чIун, гьесда къвалги бан, цо берцинай ясалъ хIеренго гьарулеб букIун буго, жиндие цо кечI ахIеян, гIадада гурелъул мун Хунзахъе вачIараванги такрар гьабулебги букIун буго гьелъ.

Нахъисеб къоялъги, наибасул тIадкъаялда рекъон, кIвар бугел кагъталги росун ине кколаанила Хунзахъеги Лаваширеги. Эльдариласе бихьизабун буго Лаваши. Хунзахъе ине кколесда гьес гьарун буго гьаб нухалда гьениве жив виччаян, къваригIел бугилан ва хIажат ккараб мехалда жинцаги тIубалин дур мурадан.

Гьалмагъ разилъун вуго Лавашиве ине ва Эльдарилав Хунзахъе витIизе. Хунзахъ гьав рещтIанила жиндирго гьоболасул, ай наибасул кумекчиясул бакIалда. Эльдарилас гьоболасда бицун буго жинда бихьараб макьу ва Хунзахъе гIедегIиялъе гIилла кинаб ккарабали.

– Гьа-гьа-гьа, кепаб макьу бихьун буго дуда! ЯлагьичIого рес гьечIо гьей яс! рачIа гьадин гьабилин. Росдал тIолалго гIолилалги данде ракIарун сухIмат-кеп гьабила дица, дуца кечI ахIилеб батаниха! Дуца хал гьабизе кколаха макьилъ йихьарай меседо гьезда гьорлъ йигищали. ЦIакъ кIудияб кIвар кьолеб бугилан ккола дуца макьабазде! Ле! ШагIирасда ботIролъ гIицIго гьури сверулебдай букIунеб?

Гьедин гьабунила росдал гIолилазул данделъи. Амма Эльдариласда дой яс гьений йихьун гьечIо. Васаздаги ясаздаги цIеханила гьение ячIинчIого хутIарай яс щийилан.

– Нилъер росдал дибирасул яс гьечIо гьаний, гьей къватIие гIадамазда гьорлъе йиччаларо, гьелъул йиго гъарабашги, – ян абунила цо ясалъ.

Гьей гъарабаш лъил яс кколейилан цIехедал, бицанила гьей рекъай яс кколин кIудияй Хадижатил ясалъул ясилан. Нахъисеб къоялъ гьоболгун цадахъ Эльдарилав анилан кIудияй Хадижатил бакIалде, амма гьений

ятичIила рекъай яс. Гьей ячIинегIан гьев гьениса кьурун гьечIо. Ахирги, гьей гIарацги кьун, рази гьаюн йиго дибирасул ясалда аскIове щвезе кумек гьабизе. Гъарабашалъ бицун буго долъул рагъиде нух бугин мадугьаласул тIохдасан, гьевги рази гьавизе кколилан.

Сардилъ, кватIараб заманалда мадугьаласул тIохдасан гъоркьеги ун, цебеккунго гъарабашалъ рагьун тараб гордухъан жанире Бахул рокъоре лъугьанила ахIичIел гьалбал. ЦIакъ хIинкъанила гьей яс.

– Йо, гьадав дуца цIехолев вукIарав Ругъжаса Эльдарилав ккола гьав чи! – ян абунила гъарабашалъ.

ГIадамаз бицунеб рагIун букIана ясалда Ругъжаса цIакъ берцинго кечI ахIулев васасул хIакъалъулъ.

Гьеб бичIчIарай яс гIодое йиччанила, гьалбал гIодор чIаян абунила. Эльдарилав мангиялда жиндаго аскIов гIодов чIезавунила.

– Дуца кечI лъикI ахIулин рагIана, амма дие рес щвечIо нужер сухIматалде ячIине. Гьанже цо диеги ахIизе ккелаха, – ян абунила Бахуца.

– Ворея, гьудул, биччантея цо гьаракь, – ан абунила гьоболасги.

Эльдарилас ахIанила кIварабгIан гIодове виччан, къватIибе рагIулареухъ. Гьел рукIанила гIащикъаб рекIел тIиналдасан рачIунел калимаби. Гьеб цIияб кечIалъ бицунеб букIанила Баху макьилъ йихьараб куцалъулги, гьелъ бижизабураб гIищкъуялъулги, тамашаго берцинай яс ялагьизе сапар бухьиналъулги, кинан гьей ятараялиги. Гьеб кинабго загьир гьабулеб букIанила жиндирго Эльдариласул къагIидаялда, хIеренго, недегьго, ракIал инагьдиледухъ.

Ясалъул ракIги чармил букIинчIелъул, гьелъие кIудиб асар гьабун буго гьеб киналъго. Эльдарилавги гьоболги рогьалилъ ун руго гьениса нахъе. Гьелдаса хадур Бахуги Эльдарилавги зама–заманалдасан данделъулел рукIун руго.

Гъуниве тIадвуссун хадув цо кIвар бугеб кагъатги босун, Сугъралъе ине кканила Эльдарилав. Гьениса тIадвуссунаго, вачIун вуго ЧIохъан. Гьоболлъухъ рещтIарас гьев вачун вуго берталъе. Гьениб наибасул чагIаз гьекъолеб жоялде гъорлъе загьру жубан букIин лъараб мехалда, Эльдарилав, жиндирго чодаги рекIун, Ругъжаве гIедегIун вуго. АнцIила кIиго къо бан буго гьес бусада. Загьруги кьун, Эльдарилав холев вукIин лъараб мехалда рахIатхун буго дибирасул ясалъулги. Гьелъ жиндирго инсуда гьарун буго гIагарал чагIазухъе щвезе Гъумекие ине изну кьеян. НекIогоялдаса нахъе рихьичIелъул ракIщун бугин гьезухъеян. Эменги разилъун вуго.

КIиго чиги цадахъ вачун, сапаралъ яхъанила дибирасул яс. КIиявго чапарги рекъезавун, гьей щола Ругъжае. Гьел уна мугIруздасан нухккун. Элдарил МухIамадил бакIги цIехон, рещтIанила гьалбал.

– Жакъа цо кечI дуе ахIизе кIолеб букIарабаниха, – ян абунила  хвалил бусада вугев Эльдарилас.

Эльдариласда аскIоб ункъо къо бан хадуб, чапарзабазул зигарди хIаллъун буго. Гьоболай яс аскIоса ун гIемер мех инелде Эльдарилавги хун вуго.

***Гунашил АхIматIихъ гIенеккун вукIарав***
***Сайпудинил ГIабдурахIманил баяназда***
***рекъон хъвана П.МУРТАЗАЛИЕВАЛЪ.***

# Критика ва библиография

## РУЧЧАБАЗУЛ ПОЭЗИЯЛДА ЧIУЖУГIАДАНАЛЪУЛ ОБРАЗ

Ахириял соназ магIарулазул литературалде рачIана цIиял цIарал. Гьез загьир гьабуна гIумруялде бугеб жиндирго бербалагьи, бажарухъе рагьана гьелдехун бугеб жидерго асар. ГIадамазе бокьула авторасул рекIел хIал гуребги, жидерго унтиги, бухIиги, пашманлъиги, рохелги гьезулъ батизе.

ТIахьал цIалулезе бокьула жидерго рекIелъ рукъ ккурал масъалаби рорхарал асарал.

Гьединал асаралгун литератураялде ячIана магIарулазда гьанже лъикIго рагIарай шагIир Залму МухIамадова. «Сивуниб» абураб поэмаялда гьелъ рагьулеб буго цо росдал къисмат. Поэма байбихьулеб буго гьадин:

**Буго магIарухъ росу,**  
**Цо борхатаб магIарда**  
**ГIадамазда рагIичIеб,**  
**ГIодой биччараб росу.**

Гьелъие бокьун буго гьеб рагIизабизе, щайгурелъул, жиб-жиб рукъалъул къадалъ къисаби рахчун ругелъул:

**Къваридаб къарнуялъул,**  
**БукIараб заманалъул,**  
**Дир гьитIинаб Зивури**  
**Загьирлъараб куцалъул…**

Берцинаб мацIалъ, киналго художественниял тIалабал – аллитерация, метафораби, эпитеталги хIалтIизарун рагьулеб буго некIсияб росдал гIумру, гьеб бижараб куц.

Авторалъ гIодоб батараб гамачIалъе кьолеб буго суал:

**Бице дир ракьалъул**  
**Кьурдаса хьиру,**  
**Хъварал накъищазул**  
**Къисмат щиб бугеб?**

**Арал гIасрабалъан**  
**Наслабазухъе**  
**Васиятлъун кьезе**  
**Рисалат бугищ?**

Гьаниб авторалъ берцинго рагьулеб буго заманабазул бухьен, гьаниб бегун бугеб хIакъикъат, хъамалчилъиялъги, тохлъукье тIаде кIанцIун гьарулел рагъазги рахIат течIел гIадамаз жидерго ватIан цIунулеб куцалъул, гьез росу сверухъе рарал сиязул:

**Киналго щулалъабаз**
**Щула гьарун къанила,**
**Щивас можоро бахъун**
**Хъаравулги танила.**

КIудияб бажаригун бицунеб буго доб заманаялъул гIадамаз, жидерго ругел ресаздасан пайда босулеб букIараб куцалъул:

**Шантра бахъулеб кIкIалахъ**
**ЩагIил дадал режула…**

**ГъотIол тIехIпицIги биун,**
**Седон, бакIал дандрала…**

**ГIодоб тIамизе цидул**
**ЦIоко кIвекIун къачIала…**

Бахъулеб буго нилъер росабалъ цебе букIараб бертадул сурат. Бицунеб буго бахIаралъе нух кквеялъул, гьелъие кьолеб сайгъаталда гIуж баялъул, чIагIа гьабун, жидеего кепалъе гIадамаз гьабулеб букIараб чIаголъиялъул. Инкар гьечIей магIарулай инсуца кьуралъуе росасе уней йиго расги бокьуларого.

**ГIадат согIаб букIана,**
**Суд шаргIияб букIана,**
**Эбел-инсуе инкар**
**Эб бегьулеб букIинчIо…**

Амма хIалица росасе кьурай бахIаралъул ракI соназ гIодулеб буго:

**Щай йитIарай, эбел, апараглъуде?**
**Аний щваралдаса щущалей йигин…**

Рехсолел руго гIакъилай некIсияй эбелалъул малъиял, ясалъул ракI чучизе гьелъ бахъулеб бугеб жигар:

**Исана сон инегIан**
**Сабру гьабе, дир дарман,**
**Хасел бакIарарабго,**
**Нижги гьенир гочинин…**

Кин букIаниги, кигIан эбелалъ ракI-макI гьабуниги, ясалъул гIумру уна хIехьон чIалгIенгун, бацIцIун магIугун. Расги лъачIого гIун ячIуна яс, гьелъ цодагьаб рохел кьола эбелалъул рекIее.

МагIарулазул рукIана жидеего хасиятал махсарабиги, кеп-гIоркь гIуцIулеб къагIида – бакIиде рахьиналги. Гьезулъ рагьулаан рекIее гIурасде рокьиги, вокьуларесде данде чIейги.

ТӀелекьесул рокьи ккун буго Зивуриса ясалъухъ, кутакалда пасихӀго гьеб рагьизе кӀун буго Залмуда:

**…Борхатаб надалде хъахӀаб гвермендо,**
**Дунги пана гьавун парпадулеб куц.**
**ЧӀурканаб черхалде чарчураб гурде,**
**Дир чараги тӀагӀун тӀерхьун унеб куц.**

Цогидасухъ рокьи ккарай ясалъ жаваб гьабулеб буго:

**Зоб бакьулъан бахъун, бакъгун щваниги,**
**БатӀияб ракьалде рокьи ккеларо…**
**ТӀасан гӀарцул кьо лъун, къачӀананиги,**
**Росдал лъар бахине хиял лъеларо…**
**Дида вихьулесда дун йихьизегӀан**
**Хьухь лъурал беразда вихьиларо чи….**

Гьале лъикӀай, яцӀцӀадай магӀарулалъул хьвада-чӀвади, гьелъул сабру, рокьуе рекӀкӀ гьечӀолъи.

Амма гӀадамаз, гьелъие лагъ вокьун вугилан хабар щущазабулеб буго, гьеб инсухъеги щвезабулеб буго. Гьаб жакъаги цо-цо росабалъ хутӀун бугеб, гьеб суал борхулеб буго автора лъ. Рикъулел рукӀун руго васалги ясалги бечедал гиназазул. Рикъулел рукӀун руго гӀемераб гӀарацги босун, нахъе ричазе. Араб мухъ лъаразда хадур рачӀунел рукӀун руго, лъачӀел ругелъурго хутӀулел рукӀун руго.

**Ясалъ гьикъулеб буго:**
**Лагъзал тархъан тун хадуб**
**Таманаб заман анин,**
**Ращалъи гьечӀеб кинаб**
**Гьал бичасул лагъзазул?**

Гьеб буго жакъа заманаялъеги кьолеб бугеб суал. ГӀабасил МахӀамадицаги борхун букӀана гьалда релълъараб суал «КӀиго зани» абураб поэмаялда. Дора цоцазе рокьарал дин батӀиял чагӀи рукӀана.

Эбел мукӀур гьайизе кӀолей гьечӀо вокьулесе яс кьезе. Жийго вокьуларев чиясеги кьун, гӀодилаго гӀумру арай гӀадан тӀирун чӀолей йиго: «…гьанже жий хвелила, яс жиндиего вокьулесе ани». Гьаб бакӀалда кульминация хӀалуцунеб буго. Ясалъ тӀаса бищулеб жо – эбелищ яги вокьулевищали хӀалакун хал гьабун чӀолев вуго цӀалдохъан.

Киндайха ясалъ жиндиего хӀукму къотӀила? Кинабдай бергьина? Гьей Аллагьасда гьардолей йиго:

**Кьолбол къадру биххулеб нухде йиччагейилан,**
**Тухумалъул ассалде рагӀад бичча гейилан…**

Амма рокьи бергьуна. БитӀуларо эбелалъулги инсулги ракӀ лъукъун бухьараб сапар, гьел кӀиялго хьуцӀилъе ккун хола.

Залмуда кIвелаан гьел талихIаллъун гьаризе, хадуб щиб сабаб батунги ракълиде нухги батизе. Гьей магIарухъ гIурай, умумузул лъикIаб тарбия щварай авторалъ тIаса бищулеб буго батIияб рахъ – эбел-эмен къварид гьарун бухьараб сапар бигъунеблъи.

ТIехьалда буго «Сибир къотIун арай тIекьадерил бахIарай» абураб цоги поэма ва лъикIаланго кучIдулги. Дица байбихьана бищунго дие рекIее гIураб асалдасан.

КучIдузул тема: росу, район, заманаялъул гIузраби, хъантIи. Киналго кучIдузул буго берцинаб мацI, амма цо-цо кучIдул халалъизе гьарун руго, шавкъалъул чIолорхъо заманаялда туркIизе кIун батиларо.

Руго цIакъго берцинал, камилал кучIдулги: «Лъида дун йичIчIилей?», «Ралъдахъ», «МагIарда бакила рекIелъ бугеб цIа», «Мун кьурун вуссана», «Херлъи», «РекIараб цIадутIе цIад щай балареб?», «Гьадинищ херлъулел руччаби?» ва цогидалги. КигIан берцинго загьир гьабулеб бугеб шагIиралъ рекIел хIал:

**РекIараб цIадутIе цIад щай балареб,**
**ЦIахIилал беразул нур босилалде?**
**ЦIваби гъараб зодой моцI щай щолареб,**
**МоцIроде кIетIолеб ракI лъалхъилалде.**

Залмул гьал кучIдузулъ буго унго-унгояй магIарул чIужугIаданалъул образ-кIигъеж гьабун гIумру баччарай, рекIее бокьухье талихI кьечIониги, гьеб хIехьезе бахIарчилъи гIурай. Эбелалъулги ясалъулги, лъадулги борч тIадегIанаб даражаялда борхарай магIарулалъул хасият.

**Угьдани, угьдила дун сахлъиялъ тун,**
**Амма ияхIалъ тун дун угьдиларо…**

Гьел киданиги умумуз биххичIеб, хадусеб гIелалъе аманатлъун нахъе хутIараб магIарул гIумруялъул кодекс.

Цо-цо тIахьал цIалулезда ракIалде ккола хъвадарухъаналъ жиндирго къисматалъул бицунеб бугилан, цогиязда гьезда жаниб батула жиндирго гIумру, бигъараб къисмат. КигIан захIматаб гIумру батаниги, чIужугIаданалъ гьеб къадруялда борхиялъул мисал. Гьединаб бугелъул магIарул бахIарчиял руччабазул хасият.

ГIемерисезул гIумруялъул къварилъиги, гIатIилъиги, рохел-пашманлъиги, рухIияб къуватги гIаммаб къагIидаялъ рагьизе бажариялъулъ бихьула Залму МухIамадовалъул махщел. ГIурусаз абула киназего гIахьалаб гIумру рагьун бугони – типичный образилан.

**Сордо рогьаниги, ракI гIодобцинчIо,**
**РекIел хIалхьиялда рукьдай къосараб?**
**Рогьел реханиги, рохел бачIинчIо,**
**Ругьунаб рахънисан чвахундай араб?**

Яги:

**Дунгун талихIав мун, талихI гьечIей дун,**
**Лъималазе гIоло бичулеб гIумру…**

Гьедин инчIищха нилъер руччабазул гIемеразул гIумру. ГIадада бижараб гуро кици «МагIарул чIужугIаданалъ лъималазе гIоло мегIерги къулчIулебила, гIорги гьекъолебила» абураб. Гьединал руччаби мисалалъе хутIила цодагьабго къварилъи хIехьеларилан руссараб рукъ биххулел ясазе, сабру гьечIел гIолилазе.

Жиндаго лъалеб, сверухъ бугеб гIумру, росу. Эбел, росдал гIадамал. Гьоркьоса камурал лъикIал гIадамал, гьерсил цIураб заман, ришватал, хIелхIелчагIи – гьел руго Залмул кучIдузул темаби. Гьелъ гьел нилъее рагьулелги руго. Гьелъ цIалдолезде ахIи балеб буго – бокьа гIумру, рижараб ракь, эбелалъул мацI. Хилиплъуге рокьуе, ватIаналъе, бокьулеб ишалъе.

Дие рокьула цIаларалго ракIалда чIолел кучIдул. Гьезулъ рукIуна, берцинаб мацIалъул чвахиялда цадахъ, рекIее асар гьабулел пикрабиги. ГIемерисел гIолохъанал ясазул кучIдул цIалараб мехалъ гIажаиблъула гьезул рекIелъ бугеб пашманлъиялда. Гьелдаго цадахъ бихьула магIарул чIужугIаданалъул дандего билълъун бахъунареб гIумруги, рокьиялъ кьечIеб талихIги, гьединго рекIел пашманаб асарги. ГIумру гьабизе, кинасан къисмат кканиги, бугеб пахруяб бажариги. Бихьула рекIел пикру къуланиги, лъиего къуличIеб, чIухIараб магIарулалъул бетIерги. БитIккечIеб рокьиялъ, гьей цохIо къоялъги тIамун йихьуларо квешлъиялде, бихьуларо гьелъул ццим, бихьуларо талихI кьуразде жахIта. Асир гьаюла лирикияй героялъул рухIияб берцинлъиялъ, гьелъул гIамалалъул цокIаллъиялъ. Гьединайлъун йихьула дида ПатIимат ГIабдурахIмановалъул лирикияй герой – магIарул яс. Бихьула героялъул рокьи ккарав чиясда ракIхвей. Гьелъ гьесда цониги квешаб рагIи абуларо, гIицIго гьикъула:

**ГIазу балеб къоялъ щвела ракIалде**
**Щай дуца дир кверал хинлъизаричIел?**
**ЧIухIун дир рекIеда ругъун лъолелъул,**
**ГIунун холей йигей дун йихьичIелъул?**

ГIазу балеб къо. Гьеб буго гIумруялъул дандеккунгутIияз хасалил къоялде гIумру сверараб лахIзат. Кодоб бугелдаса ракIги бохичIого, аралда хадуб хачадизе пикрабаз тIамулеб заман. Кодоса бортун араб талихIалда хадуб инагьдулеб мех. Гьеб дагьаб гуро гIумруялда дандчIвалеб.

Дун дур гIумруялда тIегьлъун йикIана» абураб кечI цIалулаго бихьула, ракI гьечIев, пикру гьечIев, гIемерал ясал берцин рихьулев, гьезие талихI кьезе чIаголъиги гьечIев, бихьинчилъиги гIечIев гIолохъанчи.

Цо заманаялъ гьесие тIегьлъунги, иццлъунги, моцIлъунги йикIарай гьес рехун толей, гьесул образ буго магIарул ясазда данде чIвалел бицун рагIи батуларел цо-цо гIолохъабазе хасиятаб образ.

**Чвахулеб гIор гIадин, гьаб гIолохъанлъи,**
**ГIедегIун боржана, сордо-къо гIадин;**

**Пикраби херлъана, хиял свакана,**
**ТIурачIел анищал хабалъ рукъана…**

Гьаб кечI буго жаниб цокIалаб сюжет бугеб кечI. Гьединал кучIдул, тIубараб гIумру бихьизабизе кIолел, хъвазе бигьаял рукIунаро. Расул ХIамзатовас гьеб жанр рикIкIунаан бищун захIматаблъун. Чанго куплеталда жаниб тIубараб гIумру бихьизабизе кIвей гьес рикIкIунаан махщалил цо рахълъун.

Вокьарав вас щвечIогунилан магIарулалъул гIумру гIадада унеб гьечIо, гьитIинабго кочIолъ бихьула гьелъул рукъги, гъанситоги букIин, гIумруги жиндирго нухдасан унеб букIин. Амма:

**БукIаниги, цо-цо гьоболлъухъ щола,**
**Дир хинаб рокъобе цIорораб дур цIар.**
**Дир гортIа тIегьалеб тIогьохъ балагьун,**
**ГIурдада кIусараб микки гIадинан.**

Цогиги буго цIияб пикру гьалъул кучIдузулъ – рокьи тIубачIониги, гIумру берцинго унеб буго, вокьарав бихьинчиясдаса хинлъи бихьичIониги, гьелъул буго хинаб рукъги, гортIа тIегьалеб тIегьги.

Гьелъие абизе бокьун бугин ккола: къуркьуге, къезе чIоге гIумруялъул захIматал лахIзатаздаса (хинаб рукъ гьелъул берцинаб хъизан, гортIа тIегьараб тIегь – гьелъие Аллагьас кьураб талихI).

«Дида дирго гIумру макьилъ бихьана» абураб кочIол тема буго жакъа къоялъе хIажатаб – чIагояв чиясул рекIелъ бугеб. ЦохIо жиндирго гIумру роцIун бугони, цогиязул ургъел гьечIеб:

**Дида дирго гIумру макьилъ бихьана,**
**Ракьалда цохIо дун хутIарай гIадин.**
**ГIаздаде рехараб дир ракI бихьана,**
**Квачан сородулеб, цинги гIодулеб.**

**ГIадамал рукIана аскIосан унел,**
**Амма цониги чи вачIинчIо аскIой…**
**Беццалищ рукIарал, гIинкъалищ ругел,**
**Тамашалъи гьечIищ гьал гIадамазул?..**

Ункъо куплет буго гьаб кочIол. Амма цере чIолел руго ургъел гьечIел гIадамазул къукъаби, жидерго кинабго рахъ битIун бугони, чияде гьел регIулареб куц. Бищунго кваш буго, гьел къойил нилъгун рукIин, уябилан ккезе нилъее цо-цо хабарги бицун, жалго гурони рихьуларел рукIин. Жалго гIорцIун ругони, рохун ругони, унтун гьечIони – гьезие ургъел гьечIо гIадамазул къварилъиялъул, мискинлъиялъул, пашманлъиялъул, янгъизлъиялъул. Гьеб пикру гIатIид гьабулеб буго цоги кочIолъ:

**Дун гьаб гIумруялда гIажаиблъана,**
**ГIадамалги лъачIо, гIакълуги щвечIо…**
**Щибаб рогьалида йорчIанщинахъе,**
**Пашманлъи батана нуцIил кIалтIа чIун…**

Гьелеха, гIадамал. РакI бацIцIадай ясалъ нужеда речIчIулеб бугеб ракIхвеялъул чIор. КигIандай лъикI букIинаан гIадамалги нилъеда лъалелани, гIадамазда нилъги лъалелани. Чан къварилъидай гьукъилаан, чан мискинчиясулдай гьумер гьимилаан, кигIандай Аллагь разилъилаан. Щибха гьабилеб гьелъулги гIайиб щибго хIехьолеб заманаялде рехун тани гурони. Нилъеда «гIайиб букIунарелъул».

Амма хисулеб жо бугоха гIумру. ГIолохъанлъиялдасанго байбихьизе кколеб батила херлъиялде ине. Кидаго чода рекIунги рукIунаро, чу гьечIого хутIараб мехги тIаде щолелъул. ПатIиматица абулеб буго:

**Дида лъан букIинчIо, ракIалде ккечIо,**
**БакIал хисулеблъи, гIумру анагIан, –**
**ГIодове рещтIинин мун тахидасан,**
**ГIодой йикIарай дун тахиде ккелин.**

Цо-цо кучIдул рукIуна гIезегIан магIна-гIин бугел, амма гьезда жанив вихьуларо автор, авторасул рухIияб дуниял, гьесул гIумруялдехун, гIадамаздехун бугеб бербалагьи. Амма тIахьал цIалулезе лъазе бокьула гьеб рахъ. Гьезда хекко бичIчIула авторасул гьересиги битIарабги. БичIчIула гIодулеб ххвел гьабуниги, гьесул ракI гIодулеб гьечIолъи, велъанхъулев вукIаниги, вохун гьечIолъи. Авторасул рекIее асар гьечIеб жоялъ асар гьабуларо тIахьал цIалулезеги. Аммаха ПатIиматил кучIдузул хIакъалъулъ гьедин абизе бачIунаро. Гьелъул асаразда жаний йихьула жийго автор. БичIчIула магIарул чIужугIаданалъ борхулебщинаб, бахIарчиго гьелъги борхулеб букIин. ГIакъилай чIужугIаданалда кIолеблъи талихI жий йисараб рокъоб батизе. Гьениб хиянат бегьулареблъи. ЗахIмат бокьиялъ, тIабигIат бокьиялъ рекIел хIал лъикIлъулеблъи, лъикIаб рахъалде рачунеблъи.

Залму МухIамадовалда цадахъ, цого заманаялда, поэзиялде ячIана Манарша ГIисаеваги. Гьелъ цIалдолезда цере лъуна: «РекIел ахIи», «Росдал гьаракь», «МагIил дандерижи» абурал лъикIаланго асарал жанире рачарал тIахьал.

Манаршаца литератураялде жиндаго цадахъ бачун бачIана жийго гIураб гIагараб ракь. Гьелъул гьетIарал сухъмахъал, бачIин лъикIаб кьолеб букIараб мегъ. (Хулада мегъ, ГIетхъуб гьалил хурзал, Магъарда мочIоб ва гь.ц.) Гьездаго цадахъ гьелъ босун бачIана «росдал умумузул захIматалъул хатI, хазина кинигин цIунизе кIвечIин» абураб гIадамазде кIудияб гIайибги. Гьеле жакъа къоялъе гьелъ гьабулеб бугеб бадибчIвай, «жагьилал бутIруз жундулгун рекъон» биххизабураб улка, гьородахъ биччараб магIишат, риххизе тарал росаби. Цо кечIалда жаниб гьелда цIакъ берцинго бахъизе кIун буго росдал сурат. Бихьизабизе кIун буго гьеб сабаблъун жиндирго рекIелъ бугеб унти, ургъел. Къисматалъ къватIие ине ккарай, йижараб ракь хирияй магIарулалъ гьарулеб буго, жий тавбугун тIад юссанила, жий къабул гьаейилан.

**Тавбугун юссанин, дир гIагараб ракь,**
**Рокьи дуде бугей къабул гьае дун.**
**Малъкъосун къуларай къарал ясалъе**
**КъвакIун тамихI кьоге, гIагарал мугIрул.**

Манаршае абизе бокьун буго росу рехун тарал гІадамазда – тІадруссайилан, руссинчІони, цо къоялъ ракI бухIизе бегьулин, тIадруссине киданиги кватIун букIунарилан. Йижараб ракьалдасан черхалъе щолеб бигьалъиги, сахлъиги, рохелги кIочон тарасул талихI букIунарилан абизе.

**Кьуру бекIкIун бараб росу рагIалда**
**Роолаб гIужалда лъарахъ йиго дун,**
**Лъелъе, хIункъби гIадин, хIатIалги регьун,**
**Биччараб ганчIида гIодойги йикIун.**

**Гьаб лъарал чилиги, гьорол щуршурги**
**НекIо дий букIана кочIол дуэтлъун,**
**Гьаб заман хисидал, мунги хисунищ**
**Хехдари батIияб бугин гьанже дур.**

ГIадамаз таралдаса нахъе лъаралгицин хисун буго чвахи. «Росдал гьаракь» абураб тIехь тIубанго сайигъат гьабун буго гьелъ росдал гIадамазе. Гьелда жаниб буго росдал биценаздасан байбихьун, магIарулазул гIумру. Гьезул гIаданлъи, гIадатлъи, гьезул рохел, пашманлъи.

ВатIан Манаршае байбихьулеб буго росдадасан. Гьениб гьей ругьунлъулей йиго битIаралда битIарабги, тIекъалда тIекъабги абизе. Гьелда гьитIинго бичIчIулеб буго жийго гIураб ракьалъул хинлъи, гIадамазул сахаватлъи, гIамалалъул бахIарчилъи. Гьез куцалеб буго шагIиралъул рекIелъ Дагъистаналде рокьи, гьелдаса чIухIи. Амма авторалъул ракI унтулел жал чанги руго:

**ЦIогьодарал риччан, чи чIварал рахчун,**
**Чванта гIарцул цIолел гьал гIадлучагIи,**
**Ришватги, рибаги, дармил хIиллаги**
**ХIакъ гурилан чIарал гьал хIакимзаби.**

Амма гьаниб абичIого хутIараб рагIи Манаршаца цогидаб «Дунял унтун буго» кочIолъ абулеб буго:

**Дунял сахлъизе ккани,**
**Дару – намус-яхI буго,**
**ГIадамал сахлъичIони,**
**ЛъикIаб къо къезе буго.**

Жакъа гьелдаса хIажатаб щиб бугеб?

Росдал, ватIаналъул темаялда цадахъ Манаршаца жигар бахъулеб буго гIадамасул гIумруялъул талихIалъул суалал рорхизеги:

**Мунищ талихI къарав, дунищ битIккечIей,**
**Гьоркьор танагури нилъ гьаб икъбалалъ.**
**Къецалде нилъ цIалеб илбис чIухIизе**
**ЧIалгIаде лъукъана нилъеца гIищкъу.**

«Дурго талихIчи – мунго» кечIалда жибго цIаралъ рагьулеб буго шигIруялъул аслияб идея. ГIедегIуге, рукъ биххизе. Сабру бергьине биччай.

Цере дица рехсарал Залмуцаги ПатIиматицаги гIадин, Манаршацаги жигар бахъулеб буго гIадатияй, чIухIарай магIарулалъул образ рагьизе. Гьеб рагьулаго, гьел цонигиял цоцазда релълъунаро. Щиялда батулеб буго магIарул чIужугIаданалъул гIумруялъул, гIамалалъул тIокIлъи, хаслъи.

**Дур рагIул гьорчоялъ ракI беканиги,**
**БекичIо дир яхIги, хIеличIо дунги…**

Цебе шагIирзабаз чIужугIаданалъул рагьараб, берцинаб, узданаб, гIакъилаб образалде тIаде Манаршаца гьелъул бахIарчияб таваккаллъи жубалеб буго.

ГIадатлъун лъугьун буго гьанже кIиго чIужу ячин. Диналъ гьеб гьукъараб гьечIилан гьабулеб вагIза-хабар рагIула. Амма гьеб гьукъараб гьечIониги, цогидай лъадул рекIел хIалалъул бицунеб жо рагIуларо. Киналго руччаби гьелъие хIадурун гьечIо. ЦIакъго иман бугел, яги росас анцIго лъади ячаниги ургъел гьечIел ручабаз (гьединал ратани) ургъел гьабичIого толеб батизе бегьула.

КIиабилей лъадилъун балъго, я лъан уней гIадан кигIан ракI бицатай йикIине кколей? Кин кIолеб жийго гIадай гIаданалъул ракI лъукъизе? Гьеб тема цIакъ берцинго рагьулеб буго Манаршаца:

**…Яхинаан дунги рокьул чуялде,**
**Чидае гIахьалаб кьили гьечIони.**
**Кьурдилаан дунги дур хьалаялъуй**
**Хъаладул тахида бика гьечIони.**
**Бакилаан дица дур гъасда цIаги,**
**ЦIа ккун, гъасда лъураб кан батичIони.**
**Босилаан дица дур ракIалъул кIул,**
**КIирахъалъ рагьулеб нуцIа гьечIони.**
**КIутIилаан дир ракI дур накъиталъе,**
**Накъищ рекIелъ хъвалей рокъой гьечIони.**
**Гьабилаан жаваб дур гьариялъе**
**Дунго гIадиналъул гIумру хвечIони.**
**Гьале доб чIужугIаданалъул яхIалъул борхалъи,**
**намусалъул тIадегIанлъи.**
**Гьале цоги гьебго темаялда хъвараб кечI**
**(«ТIегь базе гьечIеб»).**
**Берцинай лъадиги, лъималги, рукъги,**
**Рокьи диргун борцун басра гьабуге,**
**Гьелъул ракIги лъукъун лъураб магьари,**
**Гьуинаб букIинин ракIалде ккоге.**

Гьадинал, хасияталъул бацIцIалъиги, берцинлъи рагьулел асарал магIарулазе рокьула.

Ратула Манаршал асаразулъ заманаялъул гIунгутIабазул хIакъалхулъ камилго абурал рагIаби:

**Цо вехьасул къавутIа**
**КIикъого гьой кинигин,**
**Каву кIудияб бихьун,**
**Рихьдае цIунулел щай?**

**Къисматалъ къурасул рукъ**
**КъабихIаб хьошлъун буго,**
**ХъантIарас хъамун бараб**
**Хъала борхалъун буго.**

Цоги кочIолъ:

**Ихдал хурир рарал оцал кинигин,**
**Кавказ цебе цIалел цIиял хIакимал;**
**ЩIилъи бихьуларо нужеца хадуб,**
**Хурул бачIин бечIан букIин гурони.**

Бугебдайха, Манарша, гьал тайпаялъе хвел-хобалъул ургъел? Ургъел бугелда релълъунаро цо-цоязул хьвада-чIвади.

Манаршаеги кIудияб баркала кьела росдал гIадамаз жидерго тарих, лъикIал гIадамазул цIарал, росдал биценал-кицаби жиндирго асаразулъ цIияб гIелалъе нахъе цIунаралъухъ. Гьелъие баркала кьела магIарулаз чанги гьезул рекIелъ унтараб жо гьелъ жиндирго асаразулъ загьир гьабун букIиналъ.

КватIун поэзиялде рачIаразда гьоркьой йиго Хъистаман Султанбегова. Гьей йиго ункъго класс гурони цIалун лъугIичIей, кIудияб хъизанги рос-рукъги данде бачунаго, гIумру арай гIадан. Амма Аллагьас магIарул чIужугIаданалъе кьураб гьунар кидал-къадги загьирлъичIого хутIулеб гьечIо. Чанги гIолохъабазда жеги лъалареб компьютер гьелъ цIакъ лъикI тIокIкIинабун буго. Гьелда тIад хIалтIун, къалам ккун кидаго щибго хъвачIей Хъистаманица чанго тIехь кьватIибе биччана прозаялъулги поэзиялъулги. Гьелъ нилъее рагьана рикIкIадаб магIарул росулъ цере рукIарал гIадамазул гIумру, гьитIинго росасе кьурал ясазул рос-рукъ данде бачине букIараб чIаголъи, гьезул гIаданлъи, гIамал-хасияталъул бацIцIалъи. Гьезул берцинаб, рекIелъе бортулеб гIадатлъи, гIадан хиралъи, гIадамасе кумек гьабизе гьезул букIараб бажари. Хъистаманидаса цокIалаб сюжеталъул гIуцIиги, мацIалъул бацIцIалъиги, гьалатIаздаса эркенлъиги тIалаб гьабизе рес гьечIо. Гьелъул лъаялъул даража борхатаб гьечIелъул. Аммаха лъай щвечIониги, тIабигIаталъ кьураб гьунаралъ гьелъ жиндирго сухъмахъ толеб буго адабияталъул дуниялалда. ХIеренаб, берцинаб магIарул мацIалъ хъварал кучIдузулъ гьелъ рагьулеб буго гIадамазул гIумру, гьезул рокьи, гьезул ияхI, бахIарчилъи. Гьелъул асаразулъ кIудияб бакI ккола исламияб диналъги. Аллагь рекIелъ гьечIони, гьес бихьизабураб нух ккoлеб гьечIони, я гIумру битIуларин, я талихI кьоларин абураб пикру батула гьел цIалулаго. МацI буго берцинаб, чвахун бачIунеб, хекко ракIалда чIолеб. Асарал цIалулаго данде чIвала дандекквеялги, эпитеталги, метафорабиги. Исламияб диналъ кьола рухIияб бечелъи. Гьеб бечелъи рекIелъ бугев чиясда кIола кучIдузулъ гIадамасул рекIел хIал квешлъиялдаса бергьине гьабизе. Цо-цо рагъда хваразулги, бахIарчиго гIумру

ватIаналъе кьуразулги бицунел бакIазда дандчIвала Хъистаманил героясулъ сабру, ияхI бергьине гьабулел мухъалги.

Гьанибго рехсезе бегьула Париза Гереевалъулги цIар. Гьей нилъее загьирлъана прозаик хIисабалда. ЛъикIаланго бицатаб, гIумруялда дандчIвалел гIемерал суалал рагьараб букIана гьелъул «Къисмат» абураб тIехьги. Чанги лъикIаб къимат гьеб цIалараз авторалъул махщелалъеги кьун букIана. Жакъа дида цебе буго Паризал цIияб тIехь «РекIел бухIи ва чIухIи». ТIехьалда ругел 140-гIан кучIдузулъ 30-гIанасеб кечI буго гьудул-гьалмагъзабазе, поэтазе, цо-цо политикаялда ругел дагъистаниязе хъварал.

ТIехьалъул аслияб тема буго – ВатIан, гIадамал ва гьезде авторалъул бугеб рокьи ва божилъи.

**Ккараб къо борхизе къараб зар гIадин,**
**ГIадамалги ругел дир районалда…**

**Миллатазда гьоркьоб гьудуллъиялъе**
**Мисаллъун хутIарал росаби гьанир.**
**АхIичIого щварав гьобол вукъизе**
**Къоно-ганчIил цIурал кIкIалалги гьанир.**

РекIел тIиналдасан чвахун бачIунеб гьаб кечI цIалулаго нилъеда рихьула Казбекалъул мугIрул, гьел мугIрузде авторалъул бугеб рокьи, жидерго гIадамаздаса гьелъул чIухIи. ВатIаналде бугеб рокьуда цадахъ берцинал рагIабаздалъун гьелъ рагьулеб буго эбел-инсуде, хъизамалде, гьудулзабазде бугеб рокьи. Гьудулзабазде хъварал кучIдузул аслияб тема буго: чилъи, сабру, божилъи, гIаданлъи. ЛъикIал гьудулзабазе киназего гьелъ гьарулеб буго:

**Дуе рокьулелщинал**
**Гьоркьоса камугеги,**
**Кидаго гьурмадаса**
**Гьими нахъе унгеги.**

Художественниял рахъал дагъал кучIдузулъ данде чIвалел рукIаниги, чвахун бачIунеб мацIалъул берцинлъи бихьула:

**Сордоялъул халалъи,**
**Хиялазул бицалъи,**
**Лъаладай, дарман, дуда**
**Дун ургъалилъ йигеб куц!**

Паризал кучIдуз жиндирго росу-ракьалъул бицунеб буго, гьеб гьелъие хирияб букIин бихьулеб буго.

Паризал «Щиб гьабулеб бугеб?» абураб кечIги дие рекIее гIуна. Гьеб кочIолъ гьелда кIун руго жакъа гIумруялъе хIажатал суалал лъезе.

**Щибха толеб бугеб, вацалгун яцал,**
**Нилъеца ракьалда гIолеб гIелалъе?**

**Щиб гьабулеб бугеб нилъерго цIарал,**
**РацIцIадал хутIизе дунялалда?**
**Берцинаб гIамалищ, лъикIаб пишайищ,**
**ШаргIалъул нухдасан битIун хьвадийищ?**

ГIемерисез лъикIал ишал, лъикIаб хьвада-чIвади гьабулеб бугони, гьел сулал кьезе поэт тIамиларо. РакI унтун, пикру гьабураб мехалъ, рачIуна гьадинал суалал.

Дие рокьула жанир суалал ругел кучIдул. «ЗахIмат буго» абураб кочIолъ чIван къотIараб суал лъолеб буго Паризаца:

**ГIумруялъул нухде тIупан тIолеб зоб,**
**Дур чвахи къотIараб къо бачIунарищ?**
**Къисматалъул горда речIчIулеб пири,**
**РахIат босун щолеб лахIзат лъаларищ?**

БитIараб буго. ЗахIматаб буго гIумру гIемерисезул. Кинабго лъуна дармие. Рагъ-кьал ккечIого дунял роцIун хутIаги. Чанги къварилъи хIехьана нилъер ватIанцояз. Гьел битIараб нухдасан ине кумек гьабулел асарал руго жакъа хIажалъун.

Бахъараб сурат букIа, хъвараб кечI букIа, ургъараб бакъан букIа искусствоялъул бокьараб рахъалъул мурад буго гIадан лъикIаб рахъалде кантIизави, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьей. Гьеб кидаго хIажат букIина ВатIан цIунизе халкъ ахIизе. ВатIан бокьулеб гIел куцазе, захIмалъаби къезарулеб къуват чорхолъ куцазе. Гьаб жакъаги гьеб кидагоялдаса хIажат буго.

Дие бокьилаан гьеб тема цIи гьабуни, ВатIан бокьизе, цIияб гIел куцалел асарал хъвани.

Унго–унгояв поэтасда жиндирго халкъалъул рухIалъул хIал лъала, гьезул къварилъи-гIатIилъи бичIчIула, гьезул ургъелазул ургъелчIвала. Гьеб мехалъ батула гьесда абизе къваригIараб рагIи. Гьеб рагIи батани, гьелъ ганчIил ракI бугесеги гьабула асар. Дица гьунар бугел магIарул ясазда – хъвадарухъабазда гьарилаан гьел цодагьал гIатIидго гIумруялъухъ ралагьейилан, росулъа гIебеде течIого, пикру цодагьаб рикIкIадеги бичайилан. Дица гьезие гьарула гIадамазул рекIеда кIетIолеб, гьел кантIизе гьарулел цIиял пикраби.

***Залму БАТИРОВА,***
***Дагъистаналъул халкъияй шагIир.***

**Шамсият ГІАБАСОВА**



## ТІОЦЕБЕСЕБ ДАНДЧІВАЙ

*Хунзахъ районалъул Сивухъ росулъа ГІабасова Шамсиятица магІарулги гІурусги мацІазда харбал хъвазе байбихьана школалдасанго.*

*Шамсиятица байбихьул школа лъугІизабуна гІагараб росулъ, хадуй цІалана МахІачхъалаялъул № 40 школалда. Дагъпедуниверситеталъул педагогикаялъулгун психологиялъул факультетги лъугІизабун, гьей хІалтІана МахІачхъалаялъул «Перспектива» ва № 14 школазда.*

*ЦІалдолезда цее тІоцебесеб нухалда яхъуней ГІабасовалъул гІолилазул къисматалъул бицараб, пикру гьабизе магІна жаниб бугеб гьаб хабаралъ магІарулазе лъикІаб асар гьабизе букІиналда щаклъи гьечІо.*

### ЦІУЛАКЬОДУЛ ГЪВЕТІ

***(хабар)***

Тамара цІулакьодал гъотІол гІаркьалабаздаги кІусун ургъалабазда йикІана. Сверухълъиялде рещтІун букІана хасалихълъи. Хасалихълъи букІана Тамарае бищун бокьулеб заман. Школаладаса щварайго Тамара щибаб къоялъ яхунаан гьеб гъотІоде: бакІарулаан цІулакьо, бекулаан, кваналаан, бакъвазе лъолаан. ГъветІ букІана борхатаб, чІахІиял гІаркьалабазул. Тамара, жиндирго гІумруялъе хІинкъи бугониги, бищун тІараде яхунаан.

Жакъа Тамара цІакъго ракІбакъван йикІана. Жакъа школалда литератураялъул дарсида Рамазан гьалда аскІов гІодовги кІусун, дарс лъугІизегІан Анжелахъ валагьун вукІана. Гьальие гьеб цІакъ рекІее гІечІо. Гьеб лъугьа-бахъиналъ гьалъул цІакъ рахІатхвезабуна. Гьаналъ бицунеб букІана цо лъикІаб гьечІеб жо ккезехьин букІин.

… Анжела ячІана гьеб классалде ункъо соналъ цее. ТІоцебесеб къоялъго киналго хІайран гьарун рукІана гьелъул берцинлъиялъ. Тамараги хІайранлъана, амма яс гьалъие щаялиго йокьичІо… Гьанже гьал цІалулел рукІана анцІабилеб классалда. Анжела дагьайги берцинай яс лъугьана, кидаго берцинго ретІа-къанги йикІунаан. Гьей йикІана цІакъ кІарчамай,

разияй яс, амма цодагьай гогьай, чIухIарайги йикIана гьей. ЦIализе Анжела йикIана загIипай. Гьей цIалулаан льабилазда ва ункъилазда.

ЦIализе Тамара цIакъай йикIана. ЦIали гьалъухъа бигьаго бажарулаан, гьалъул киналго щуйилалги рукIана. Гьединлъидал, гьай цIакъ учительзабазеги йокьулаан, кидаго ецщулаан ва цогидазе миалалъе ячунаан. Гьелдаса Тамара чIухIулаан. Эбел-эменги алдаса рохун, чIухIун рукIунаан. Цадахъ цIалулез гьалъул адаб гьабулаан, гьалъул гьудулзабилъун рукIине яхI бахъулаан. Гьалъги цадахъ цIалулезе кIвараб кумек гьабулаан. Чанго соналъ классалъул старосталъунги йикIана гьай.

Амма букIана Тамарал кIудияб, цIакъ гьай пашман гьаюлеб гIунгуртIи: гьай йикIана кьарияй. Жийго жиндаго лъалелдаса нахъе йикIана гьай гьединай. ГьитIинай йигей мехалъ гьеб гьалда рекъолаан, лъицаниги гIунгутIилъунги рикIкIунароан. Амма кIудияй гIунагIан кьаралъиялъ гьай сурукъ гьаюна. РетIизе бегьулароан жиндиего бокьараб ретIел. Гьединлъидал, букъараб гурони партал босунцин бажарулароан.

Гъоркьиса цIалул сон байбихьарабго Рамазаница абуна классалъул руководителалда жив Тамарада аскIов партаялда нахъа гIодов чIелилан. Гьеб къоялдаса нахъе Тамарае гIемераб хисана, гьелъул рекIелъ Рамазанидехун цо гIажаибаб хIасарат бижана. Тамарада кколаан Рамазанил жииндехунги гьединабго асар батилилан, хIасрат батичIониги, жий гьасие рекIее гIун йикIин лъалеб букIана. Амма гьай цIакъ хIинкъулаан Анжелакьа. Гьай хIинкъулаан Рамазанил Анжелахъ рокьи ккелилан. Цо нухалъ гьалъ Рамазанида гьикъана:

– Рамазан, Анжела кин йихьулей дуда?

– Анжела? – Рамазан валагьана гьелъухъ. Гьей ГIаишатида аскIой гIодойги кIусун цо щибалиго жоялда елъанхъилей йикIана, – Анжела цIакъ берцинай яс йиго.

– Йиго, Рамазан, Анжела цIакъ берцинай яс йиго, гьей нилъер классалда бищун берцинай йиго.

– Разияв вуго. ЛъикI цIалулейги йикIараяни, дир гьелъухъ рокьи ккелаан.

ЦинтIаго Тамарае дуниял лахIчIегIерлъун ана. Гьелъ хIалица абуна:

– ЛъикI цIалийищха дуца бищун кIудияб къимат кьолеб жо?

– Берцинлъи лъикIаб жо буго, амма дида кидаго бищун берцин рилъулаан лъикI цIалулел, цIалуде кIвар кьолел ясал.

Тамара гIодое йиччана, гьей Рамазаница абурал рагIабаз цIакъ йохизаюна. ТIубараб соналъ Рамазанги Тамараги партаялда нахъа цадахъ гIодор чIун рукIана. Гьалъул цIакъ адаб гьабулаан Рамазаница, лъикIабги квешабги кинабго гьалда бицунаан. Классалъго гьал лъикIал гьудулзаби ругилан абулаан.

Гьедин букIана гъоркьиса. Исана кинабго хисана. Гьале Рамазан Анжелал берцинлъиялъ хIайран гьавун вукIана жакъа тIубараб къоялъ…

Жиндагоцин лъачIого, Тамарал бадиса магIу гирулеб батана. Гьай гъотIодаса гъоркье лъугьана.

Рамазан школалдаса рокъове цIакъ кватIун вачIана. Гьав, цоги васалгун, классцояв васасул рокъоре ун рукIана, гьесул цIияб музыкалияб центр бихьизе. Рокъов щивниги ватичIо. Яц росое аралдаса гьазул рокъоб цо батIияб чIобоголъи лъугьун букIана. Гьав диваналда вегана, берал къанщана.

– Анжела! Анжелка! – Гъасда ракIалде щвана Анжела. Гъав цин Анжелахъе кIалъазейилан вукIана, хадувги нечана.

Гъасие цIакъ рекIее гIолаан Тамара: цIодорай, лъикIай, цIакъай, киназего къимат бугей яс йикIиндалха гьей. Гъав цIакъ чIухIарав вукIана жал гьудулзаби рукIиналдаса. БатIияб рокьи ясалдехун васасул рекIелъ букIунеблъи Рамазанида лъалароан.

Гьале гьанже щибго лъачIого гьасухъе рещтIана тIоцебесеб рокьи. Гьеб рещтIана цохIо лахIзаталда жаниб, исана риидал. Гьавги вацгIалги ралъдахъе ун рукIана. Гьеле гьеб къоялъ ккана Тамарал тIубараб гIумру хисизабураб лъугьа-бахъин. Рамазанида ралъдал рагIалда рикIкIадасаго йихьана цо яс. Гьев гьелъухъ валагьун гIорцIулев вукIинчIо. Вас жиндихъ валагьун вихьидал, ясалъ гьасде квер хьвагIана. АскIовегIан вилълъарав мехалда гьей яс ятана жиндирго классцояй Анжела. Гьадаб къоялдаса нахъе Анжелал пикраби гьаричIеб, гьей ракIалде щвечIеб цо къо хутIичIо. Рамазанил каникулазул хутIарал къоял ана. Анжела йихьизе къоял рикIкIунаго. Цадахъ цIалулев васасухъа гьас босана Анжелал телефоналъул номер, амма гьелъухъе кIалъазе нечана. Гьасда лъалаан Анжела Шамилие йокьулейлъи, амма гьесул рокьи жаваб гьечIеб букIана.

Гьале щвана тIаде тIоцебесеб сентябрь. ТIоцебесеб нухалъ школалде аралдаса, Рамазан исанагIан гьеб къоялде хIадурун ватиларо. ХъахIаб гурде, чIегIераб маз бахун хIадурарал хьитал… Анжелае живго рекIее гIезе цIакъ хIаракат бахъулеб букIана. «Анжела дида лъала ункъго соналъ, исана ралъдал рагIалда йихьизегIан щайдай дир гъолъухъ рокьи ккечIеб», – ян пикрабиги рукIана гьес гьарулел. Гьале киналго школалъул азбаралда руго, Анжела жеги ячIун гьечIо. Тамара ячIана Рамазанида аскIое. Гьей дагьайги кьаралъун йигоан. Цindаго Рамазанида йихьана Анжела. Гьей цIакъ къачIан, берцинго йигоан…

ЦIияб цIалул сон байбихьаралдаса ана лъабго анкь. Гьеб лъабабго анкьалъ Рамазан Анжелахъ валагьун вукIана, амма ясалъе ракI рагьизе гьунар гIолеб букIинчIо. Цо къоялъ дарсида гьас Анжелахъе тетрадалъул тIанчида хъвана: «Дие мун цIакъ рекIее гIун йиго». «Дие мунги эдинго вуго»,– ян бачIана жаваб. Гьединаб жаваб щведал Рамазанида ккана гьай ясалъ жив махсародецин гьавулев вугодаян.

Анжелада ракIалдацин букIинчIо Рамазан махсароде гьавизе. Гьалъул гьасухъ цебего рокьи ккун букIана. Амма жиндир рокьиялъе жаваб гьечIолъи бихьиялъ, ясалъ гьеб балъгого, лъиданиги лъаларедухъ рекIел тIинда цIунун букIана. Гьебго къоялъ биологиялъул дарсида Рамазаница Анжелахъе хъвана цоги кагъат: «Дие мун йокьула» Анжела гьеб цIаларабго нечана, багIарлъана. ГIезагIан мехалъ гьелъ жаваб хъвалеб букIинчIо. Ахирисеб дарсида гьалъ кинниги хъвана жаваб: «Дие мунги вокьизехьин вуго». Лъидаго бихьиларедухъ Рамазанихъе рехулеб букIараб кагъат тункана, тIадеги яхъун дарсие жаваб кьолей йикIарай Тамарада. Тамараца гьеб хекко кодое босана. Жинца Рамазанихъе рехулеб букIараб кагъат Рамазанихъе щвечIолъи Анжелае рекIее гIечIо. Гьелда гьеб бичIчIана Тамараца жидер рокьуе квалквал гьабилин абураб магIнаялда.

Дарс лъугIарабго Рамазан Анжелада аскIове ана.

– РачIа, жакъа дица мун рокъое нухда рагIила.

– Дунги ГІаишатги цадахъ уна рокъоре. Жакъа регІуге, цогидаб къоялъ регІизе те.

– Къо мех лъикІ, Анжела!

– Къо мех лъикІ, Рамазан!

Рамазан ана столоваялде. Гъений ятана Тамара. Гъев гъелда аскІов гІодов чІана.

– Рамазан, дуца щиб хъвараб Анжелахъе?

– Дуе гъеб щибизе?

– Бице. Дие гъелъул ургъел гъечІого букІинищ.

– ЛъикІ буго Тамара, мун йиго дир лъикІай гъудул. Дида мун диего йокьулей ятилилан кколаан. Амма йикІун гъечІо. Унго-унгояб рокьи кинаб жоялицин лъалеб букІун гъечІо дида. Цодагъаб цебе лъана дида гъеб. Дие Анжела йокьула.

Гъел рагІаби рагІаралго Тамарада ккана тІолабго дуниялго лахІтуялде сверанилан.

– Рамазан, дун гІедегІун йиго, – янги абун гъай тІаде яхъана ва екерун рокъое ана. Бадиса тІинкІулел магІил гарал кквезе кІолел рукІинчІо.

Гьеле гьедин цохІо лахІзаталда жаниб бекана гьалъул талихІги рохелги.

Гьебго къоялъ, гьебго заманалда, гьебго шагьаралда йикІана цоги яс, Тамараде данде ккун, цІакъ йохун, чІухІун. Гьаб лахІзаталъ дидаса талихІай, йохарай ясго йигодай гьаб дуниялалда тІадан кколеб букІана гьелда. Гьей йикІана Анжела.

Гьедин ана цІалул сон. КигІан рекІее захІмат букІаниги, Тамара Рамазанил гьудулльун йикІана. Гьес гьалда бицунаан, кигІан йокьулей йикІаниги, Анжелал гІемерал гІунгуртІаби. Гьесие бищун рекІее гІолеб букІинчІо Анжела лъикІ цІалулей гьечІолъи. Амма кигІан гьав тІаделъаниги, Анжелахъа лъикІ цІалун бажаричІо: гьалъул пагьмуги букІинчІо, цІалдонги ругьунай йикІинчІо. Гьел харбаца Тамарал рекІелъ хьул бижана жий хІалакълъани, Рамазанил жиндихъ рокьи ккелилан.

Щвана риидалил каникулал. Гьел каникулазде Тамарал кІудиял хьулал рукІана. Гьалда ракІалда букІана цІияб цІалул сонги щун школалде иналде хІалакълъизе. Гьалъ цебеги хІалакълъизе гІемер хІаракат бахъун букІана. Амма кІолеб букІинчІо. Квандаса инкар гьаби, гьеб цІакъ захІматаб жо буго. БатІи-батІиял диетаби гьариги дагьабги захІматаб батана. Амма гьанже Тамара хІадурай йикІана хІалакълъиялъе гІоло бокьараб захІмалъи хІехьезе.

Каникулазул тІоцересел къоязго гьалъ тІубанго квандаса инкар гьабуна. ЦохІо лъимги гьекъон чІана. Гьедин йикІине кІвана анцІила щуго къоялъ. Гьеб анцІила щуябго къоялда жаний гьай хІалакълъана ичІго килограммалъ. Гьай лъалаго чІурканлъана. Амма гьалъул гІелбащадал ясал гІадин чІурканлъизе жеги гІезегІан хІалакълъизе кколей йикІана. Кинацаго гьалда мун цІакъ хІалакълъун йигин, чІурканлъун йигин, щибгІаги гьабурабан абулаан. Тамара жиндасаго цІакъ разияй йикІана. Амма ясалда лъалеб букІана, гьай кваназе байбихьани, рехарал килограммал, рехаралдасаги хеко тІаде рачІунеллъи. Жеги дагьабги хІалакълъизеги къваригІун букІана. Гьединлъидал, Тамараца жиндиего ургъана диета: радал цохІо гІеч, къади йогурт яги нисул кесек, къаси чай, цохІо конфетгун…

Лъабабго моцІица Тамара гьедин йикІана. ЦІакъ захІматго букІана. Ракъиялъ гьалъие гІазаб гьабулароан, гьалъие гІазаб гьабулаан хьулаца. Цо-цо

гІечул бакІалда багІли яги курак кваналаан. Амма гьалъул пикраби кидаго кванда рукІана. ГІемер яхІ гьабуна кваначІого чІезе. ЦІакъго кванде хьул лъураб мехалъ, цеве тІамизавулаан, Рамазан, жий хІалакълъун йихьараб мехалъ гьесул жиндихъ ккезе бугеб рокьи. Яс къоялдаса къоялде хІалакълъулей, тІеренлъулей йикІана. Эбел, эмен цин рохун рукІана жидер яс берцинлъанин. Амма хадур, гьалъул хехаб хІалакълъиялъ хІинкъизаруна.

ЦІалул сон тІаде щолеб букІана. Яс гьелде хІадурулей йикІана. Босана цІияб ретІел. ТамарагІан тІоцебесеб сентябралъухъ балагьун чІарав чи вукІун ватиларо. Гьай цІакъ тІеренлъун, берцинлъун йикІана. Цеего гьай йихьичІев чиясда лъалеб хІал букІинчІо. Гьурмалъацин батІияй яс лъугьун йикІана: цее йикІарай багІарал гІанабазул, чІегІеркІкІубай, гургинаб гьумералъул яс, гІазу хъахІаб гьумералъул, чІахІиял беразул, тІеренал магІарзулкъалазул гьалъухъ ралагьун лъалароан. Тамара цІакъ йохунги чІухІунги йикІана. Черхалъул букІана батІияб тІадагьлъи, рекІелъ букІана аваданлъи, цохІо бераз бицунеб букІана гьалъие бугеб захІмалъи.

Гьале тІаде щвана тІоцебесеб сентябрь. Учительзабиги цІалдохъабиги, киналго Тамарахъ гІажаиблъи гьабун ралагьулел рукІана. Кинацаго гьикъулаан щиб дуе лъугьараб, операцияйищ гьабураб абун. Щалниги божичІо Тамараца жий якъизеги чІун, захІматаб диетаги гьабун, хІалакълъанин абураб мехалъ. Киназго абуна: лъабго моцІида жаниб гьедин хІалакълъизегІан ракъи хІехьезе гІадамасда кІолеб къуват гьаб дуниялалда ракъи бакки гурого гьечІин. ГІицІго Тамарада лъалеб букІана цоги гьединаб къуват. Гьеб къуват букІана – РОКЬИ.

Рамазан гьалда цІакъ гІажаиблъун вукІана. Гьасда ракІалдецин кколароан цебе гьасда лъалей Тамарада гьорлъ гьадигІан берцинай яс ятилилан.

Тамарал хьулал тІурана. Рамазанида Анжела тІуянго кІочон тана. (Гьезул риидалго дабгІа-рагІи ккун букІун буго). Гьелда ракІ бакъван вукІарав ва рекъел тІалаб гьабизе бокьун вукІарав Рамазанида кІочон тана Анжелаги гьелъухъ букІараб рокьиги кибеялиго ана. Рамазаница анкьидаса Тамарада дие мун йокьулилан абуна. Гьелдаса воххун, гьелъухъ балагьун гІорцІуларого вукІана Рамазан. ЦІодорай, берцинай, цІакъай, лъикІ цІалулей Тамара гьанже гІемерал васазда берцин йихьулаан. Гьей жийгоги жиндирго талихІалъ мехтизаюн йикІана.

Унеб букІана заман. Тамара дагьайги хІалакълъулей, тІеренлъулей йикІана. Амма кваназе гьай хІинкъулей йикІана, цин квананани, тІокІаб чІезеги кІвеларин, цІидасан кьаралъизеги ятилин. Гьай рухІдакълъулей йикІана. ЦІалиялъеги нахъе кколей йикІана. Цогидал гІадин ясандизе, екерахъдизе гьалъул рухІ гІолароан. КигІан квеш йикІаниги, кваназе гьай хІинкъана. ЦІакъго тІаделъун эбел-инсуца кваназе гьаюрай мехалъ, гьалъ щокърore килщалги регьун, кванарабщинаб лагІизабулаан. Кваниде цебе гІадаб хьул гьанже букІинчІо. ГІумруялдехунги цебе букІараб анищ дагь-дагьккун сунеб букІана. Рамазанцин чІалгІана. Гьедин ана цІалул сон. ГІемерисел учительзабаца Тамарае щуйилал лъуна гьай мустахІикъай гьечІониги, гьалъул цере цІалулъ рукІарал бергьенлъабазе гІоло.

Тамара цІализе университеталде йорчІана. ТІолабго университеталда

йикIун ятиларо гьайгIан хIалакъай яс. Гьалъул хIалакълъи гьанже берцинаб букIинчIо. Эбел цIакъ рахIатхун йикIана ясалъул ахIвал-хIалалда. ЦIалдезе гьелъул къуват гIолеб букIинчIо.

Цо къоялъ университеталда Тамара лъавудаса ана. ГIемер ургъун, Тамарада ракIалде ккана, жий цIакъго дагьай кваналей йигин, дагьай цIикIкIун кваназе ккелин. Белъун гьалъ гIанкIудал гьан кванана, кваназе хиялго букIинчIониги. Гьеб квеналъ цо батIияб бакIлъи гьабуна гьалъие. БетIер сверизабуна, чехь унтана, гIемер заманго инелде лагIизаюна. Кванарабщинаб лагIана. Нахъисеб къоялъ гьалъ кванана чед, гьебги лагIана. Щиб квананиги рекъон кколеб букIинчIо. Эбелалъ яс ячана тотурасухъе. Гьес гIемерал анализал гьаризе йитIана ва абуна: Тамарал бугин гIемер данд чIваларeб, къанагIатаб унти «Нервная анорексия». Гьеб унти кколин гIемераб мехалъ кваначIого чIараб мехалъ. ГIемераб мехалъ кваначIого чIедал къаркъалаялда кIочонин квен бигьинабизе.

Университеталдаса Тамараца босана академическияб отпуск. Егизаюна больницаялда. Къо бахъанагIан гьалъул тату холеб букIана. Къаркъалаялъул, тIад хъал бугел рукьби хутIун рукIана. Хал гьабун хIинкъиледухъ йикIана яс.

Щвана хасел. БукIана декабрь моцIалъул ахирисел къоял. Шагьар ЦIияб сонгун дандчIвазе хIадурлъулеб букIана. Палатаялда цIакъ хинго букIана. Амма Тамара хинлъи гIоларого йикIунаан. Сордо бащалъараб заман букIана. Тамара макьуги щоларого тIаде яхъана, гордода аскIое йилълъана. Сардил дуниял гIажаибго берцинго букIана. Цо батIияб берцинлъиялда кенчIелел рукIана цIваби. Азбар тIубанго гIазул цIун букIана. ГIазу моцIрол канлъиялде данде, гъорлъ бриллиантал ругел гIадин, кенчIолеб букIана. Тамарада щаялиго ракIалде щвана жиндирго цIулакьодал гъветI. Гьай гьелде яхинчIого ана лъабго сон. «Дир гъветIги батила гьадинго гIаздал тIимугъги ретIун. Вай дир хирияб цIулакьодал гъветI, щай дир къисмат гьадин ккараб, щай гIумруялъ нилъ ратIа гьарурал? Хъван бугодай Аллагьас дун цIидасан дуде тIаде яхине, дур нигIмат – цIулакьаби кваназе? Батила, батила. Дун сахлъила. Сахлъулеблъи дида лъала». Щаяли гьал лахIзатаз Тамарае гIумру хиралъана, гIумру гьабизе гIащикълъана. Тамарал бетIер сверана, свакан лъугьана. Бусаде яхана.

Радал палатаялде вачIарав тохтурасда яс хун ятана.

# ЦIалдолезул жугъаби

**Румайзат**
**ГIАБДУЛМУСЛИМОВА**



*Цебе заманалда, хъвазе цIализе лъалел чагIи дагьго рукIиндал, пагьму-гьунар бугел гIадамаз ракIалдаса лъазарун рикIкIунел рукIана жидерго кучIдул. Гьанже гьединал чагIи ратиларин кколаан. Дагьаб цебегIан нижехъе ячIана ЦIумада районалъул Хъварши росулъа ГIабдулмуслимова Румайзат абулей ригь арай гIадан. Гьелъ бицана гIумру колхозалда хIалтIулаго анила. Гьединлъидал, хъвай-цIалиялдеги жий регIичIилан.*

*Румайзатица нижее рикIкIана кибниги кагътида хъвачIел гIезегIанго жиндирго кучIдул. Гьезул чангояб кьолеб буго журналалда.*

**НИЖ ЧIУХIУН РУКIУНА**

**Шамилил ирсалъул цIар щварав дуца,**
**ЦIакъ бигьаго лъуна кореяв гIодов.**
**Гьесул керемалда накабиги чIван,**
**Бергьенлъи босана гIалам мукIураб.**

**Цо гьениб гуребги, киса-кибего**
**Багьадурлъиялъул чIел щвана духъе.**
**КъвакIарав силдисес гIурал медалал**
**ГIемерал рачIана Дагъистаналде.**

**Силдисав Гекраклий дуца рингазда**
**Аварал щалали бихьизабуна,**
**Дунялалда лъалел къуватал васал**
**Дур къуваталъ росун гIодор кьабуна.**

**ЧIвай, Америка, хъат ЦIумадисесе,**
**МугIрузда лебалал рукIунин васал.**
**ГьитIинаб росдаца магIарул миллат**
**Шамил гIадинаца кIодо гьабула.**

**Дур кутакаб къуват, къвакIараб гIамал,**
**Сверухъ ругелазе мисаллъун буго.**
**КъамартIал лугбазул бахIарчияб жан,**
**«Же!» - ян ахIарабго хIалай батулеб.**

**ЦIумада цIорораб лъим гьекъечIезда**
**Гьаб къуват щолеб бакI кисаха лъалеб.**
**Ниж дургун ракьцоял чIухIун рукIуна,**
**Бергьенлъиги босун мун тIадвуссиндал.**

## РОХЕЛ - ТАЛИХIАЛДА ТАГИ ГIАГАРЛЪИ

**ГIалисултаница кодоб босинчIеб**
**КибгIаги бакI бугищ гьаб Россиялда.**
**Мун гIадинав боксёр кивго вугодай,**
**ХIинкъи-къайи гьечIев, къуват цIикIкIарав.**

**Ульяновский зона мутIигI гьабурав,**
**ГIалисултан, дуе сахлъи кидаго.**
**РикIвани росулъа халкъалъ рикIкIунев**
**Гьев гIадал гIадамал гIемерал гьечIо.**

**Эмен хвананиги, хадуб хутIараб**
**БахIарчияб гьунар гьасул инсулги.**
**ГIагарлъи бокьулев, кьибил кутакав**
**Кьолбол вас ватана мун, ГIалисултан.**

**Росулъ цIехарабго ГIалисутанил**
**ЦIакъ бахIарчияб цIар цIвабзалъ батана.**
**Мун рикIванисезул рикIкIунев гъалбацI,**
**Жакъа борхалъуда цIум гIадин вуго.**

**Хирияб гIагарлъи, дур гьудулзаби**
**Мун сверухъ гIодор чIун рохелгун руго.**
**ГIанди округалъул командир гIадин,**
**БахIарчияб дур цIар цIалулеб буго.**

**Азарго баркала Асилпатие,**
**ГIадлу, гIакълу бугев мун гIезавурай.**
**Рохел-талихIалда таги гIагарлъи,**
**Росулъго цIар арав багьадур къураб.**

# ГIакълуялъул дандерижи

## ДОВ КЪВАРИД ГЪАВИЗЕ БОКЬИЧIО

Цо къоялъ, жинда Аллагьасул салат-салам лъеяв Авараг асхIабзабигун гIодов чIун гара-чIварлуев вукIаго, Гьесие цIолбол хьопги босун вачIанила цо чи. Аварагас гьелдаса тIун цо кIоркIоно кIалдиб лъунила. Гьадав чиясул гьурмада гьимиялъул асар пирханила. Хадубги, цо-цоккун Аварагас цIолбол кIоркIонаби кIалдир лъолаго, гьев тIадеги вохулевго вохулев вукIанила Бичасул расуласе жинца бачIараб цIибил бокьанилан.

Аварагас, жиндие лъица букIаниги кигIан гьитIинабги квен-тIехалъул жо бачIани, гьеб асхIабзабазеги гIахьал гьабулаанила. Гьаб нухалда цIолбол цо кIоркIоноцин лъиениги кьечIого, жинцаго кванан лъугIизабунила. ЦIакъ вохун цIолбол бетIергьанги нахъе анила. Гьев индал, Аварагасул асхIабзабазул цояс Гьесда гьикъанила:

– Я, Бичасул расул, кидаго Дуца дуего бачIараб квен-тIех нижееги гIахьал гьабулаан. Гьаб нухалда Дуца гьабураб жо нижеда бичIичIоха, – илан.

– ЦIолбол тIоцебесебго кIоркIоно кIалдиб лъурабго, дида бихьана гьеб цIекIаб букIин, – ян абунила Аварагас. – Нужер цонигияс гьеб цIекIаб бугин абурабани, гьададигIан вохарав дов чи пашманлъилаан. Гьедин, дов къварид гьавизе бокьичIого кьечIо дица нужее гьаб нухалда цIибил.

## АЛЛАГЬАСДА ГЬАРЕ

Улка-ракь кIудияв, бечелъиялъул цIар арав цо хан вукIанила. Гьесул гIадат букIанила, жиндирго чукъа-ракъангун цадахъ, улкаялда бугеб ахIвал-хIал лъазе тира-сверизе вахъулев. Нухда ватун, жинда щиб букIаниги гьарав чиясе гьарараб жоги кьолаанила гьес.

Цо къоялъ шагьаралде щварав гьесда аскIове вачIанила цIакъ язихъго ретIа-къарав чи. Гьес абунила:

– Мун вуго тIолгохалкъалъулго хан, дуца кьола гIадамазе талихI, дур хIалкIолъиялъ хьихьун буго гьаб махлукъат, – илан.

Дагьав довегIан, къадал ракьанда гIодов чIун вугоанила цоги гьединавго чи. Гьав цоясул калам рагIарав гьес ахIунго ахIун абунила:

– ТIолгохалкъалъул ханги Аллагь вуго. Гьес кьола гIадамазе талихIги. Гьесул хIалкIолъиялъ хьихьун буго гьаб махлукъатги. Кинабго Аллагьасда бараб буго, – илан.

Хан, гьезул цонигиясда щибго рагIиги абичIого, рокъове тIавуссанила ва жаниб лъикIалан меседги лъун чед бежеян абунила лъадуда.

Хадусеб къоялъ гьеб чедги босун гьадабго бакIалде щведал, гьадавго чиги вачIанила ханасда аскIове, долго рагIабиги такрар гьарунила гьес. Къадал ракьанда гIодов чIун вукIарасги цебесеб къоялъго абураб такрар гьабунила. Гьарарасе гурони жо кьолеб гIадат ханасул букIинчIелъул, жинда аскIове вачIарасе месед жаниб лъураб чед гьесги кьунила.

Гьоркьоб моцIгIан заман индал, добго бакIалде щведал, довго чи, добго жо бицине вачIанила ханасда аскIове. Къадал ракьанда дов цояв чи вукIинчIила.

– Дица кьураб гьадабгощинаб меседги гIечIого, гьанжеги гьардезе намуслъу-ларищ мун? – илан ццинги бахъун ахIданила гьесде хан.

– Кинаб месед? – илан гIажаиблъанила дов чи.

Бицанида ханас кинаб меседали.

– Дида доб чед цIакъго бакIлъун бихьана. Гъединлъидал, бежичIеб бугиланги ккун, дица доб къадал ракьанда вукIарав, кинабго Аллагьасда бараб бугилан ахIделев вукIарав чиясе кьуна, – илан ракIбекун гIодизе лъугьанила гьев.

– Дица гьарарав чиясе гурони жо кьоларелъул, дов чияс гьаричIелъул, гьарарав дуе кьун букIана доб чед, – илан абунила ханас. – Амма дов витIарав вукIана. Диеги дуеги, дунял-гIаламалъеги рикъзи кьолевги, кинабго махлукъаталъулги кверщел кодосевги вуго цохIого цо Аллагь. Дуцаги хадубккун дие, яги цоги лъие букIаниги гуреб, Аллагьасе гьабе рецц. Гьесда гьаре дуего хIажатабщинабги. Жиндирго лагъзадерил гьари Аллагьас нахъчIваларо. Гьеб дудаго бихьана.

## БЕКЬАРАБ ГУРОНИ БИЖУЛАРО

ВукIанила лъикIаб ресалда вугев, амма цIакъ къарумав цо чи. Базаралда ретIел-хьитги ххам-кIачги бичулеб кIудияб тукенги букIанила гьесул. Цо къоялъ бежараб гIанкIуги цебе лъун, лъадиги гьевги кваназехъин рукIаго, кIутIанила нуцIида. Щив вугищали балагьеян абунила росас лъадуда, кванил гIужалъ тIаде чи вачIунев вукIинги рекIее гIечIого.

– Гьардухъан вуго, лъабго къоялъ мацIалда богIоллъи бихьичIилан, цодагьаб кваназе жо кьеян гьарулев, – илан абунила чIужуялъ.

– Ракь тезабе, гьанже гьев вукIана нилъее камун, – илан гьурмал кьер хисанила росасул.

– Гьедин вакъун чи тезе бегьилищ, гьадин гIорцIун нилъ ругеб мехалъ. ГIанкIудал цо кваркьигIаги кьезе буго гьесие, – ян абунила лъадуца.

– ТIубараб кваркьийищ? Мун гIадаллъунищ? РечIчIулаго хъаме! – ян ахIданила рос гьардухъанасдаги, гьесдасаги цIакъ гьардухъанасе гIанкIудал кваркьи кьезе бугин абурай лъадудаги ццимги бахъун…

Хадусеб къоялъ базаралде щведал, бухIун, къадал хутIун ратанила гьадав чиясул тукеналъул.

– Къана дир талихI! Щиб гьанже дица гьабилеб? – илан кара биххун, чIезе бакI лъаларого лъугьанила гьев.

– Гьеб хIалалъ дуего гIазаб кьоге, – ян абунила сабурго лъадуца. – Доб кьурав Аллагьас хадубги кьеларищ нилъее бечелъи.

– Кьоларо! – ян цодагьабги сири бачIун ахIдезе лъугьанила рос. – Мунги дида гьанже хьихьизе кIоларо, дурго эбел-инсул рокъое тIадюсса!

Рес щиб гьелъие, юссанила гьей эбел-инсухъе.

Заманалдаса, къадар хъварав чиги дандчIван, анила кIиабизеги гьей гIадан росасе.

Гьев вугоанила, бечедавин бечедавги гурев, мискинавин мискинавги гурев, рекъараб магIишаталъул, амма цIакъ сахаватав чи.

Цо къоялъ бежараб гIанкIуги цебе лъун кваназехъин рос-лъади рукIаго, кIутIанила нуцIида.

– Балагье щив вугищали, – ян абунила росас.

– Гьардухъан вуго, лъабго къоялъ мацIалда богIоллъи бихьичIилан, цодагьаб кваназе жо кьеян гьарулев, – илан абунила чIужуялъ.

– Кье гьесие бащадаб гIанкIу, хутIараб нилъееги гIелеб батилин, – илан гьебги босун йитIанила росас лъади.

Нахъюссун ячIиндал гьей йикIанила цо гIамал хисун гIадин, цIакъ пашманго. Гьеб бихьанила росасда.

– Гьадав чиясе гIанкIуялъул бащалъи кьезе ккунилан рази гьечIогоцин гурищ мун? – илан гьикъанила росас.

Гурин, гьадингоян гьев тIаса вихьизавие хIал бихьанила лъадуца. Гуреб батани, бицеха мун хиса-басун лъугьиналъе гIиллаян тIаса вичIичIила рос.

Биданида лъадуца жиндирго къисматалъулги, тIоцевесев росасулги, гьесул гIамал-тIабигIаталъулги. Ва ахиралдаги абунила:

– Гьадав жакъа нилъеца гIанкIудал бащалъи кьурав чи вуго дир цеве вукIарав рос.

Дагъаб мехалъ, цо сундаялиго ургъулев гIадин вуцIцIунги чIун, росасги тIаде жубанила:

– Доб къоялъ щибго кьечIого дос вачахъарав гьардухъан вукIана дунги, – илан.

ТIокIаб цоцазда щибго рагIиги абичIого, кванaнила кIиялго.

## СУНДУЛЪ ХВАСАРЛЪИ БУГЕБАЛИ ЛЪИДА ЛЪАЛЕБ

ВукIанила кIудияб шагьаралъул квещел кодосев бетIер. Цо къоялъ гьев свератиризе базаралде вахъанила. Гьениб бугеб бечедаб ахIвал-хIалалдасаги разиго унев гьев, базаралъул рагIалда бугеб тукенилан хъвараб гьитIинабго бакIалде жаниве лъугьанила. Вугила гьенив халатаб мегежалъул херав чи, «Щиб букIаниги гьабилелде лъикI ургъе» – илан тIад хъвараб гьитIинабго хъарщиги цебе лъун. Цогияб щибниги жоги гьечIила гьениб. Гьев херасдаги, гьесул хъарщиялдаги гIажаиблъарав шагьаралъул кIудияс гьалъул багьа щибилан гьикъанила. Херас цIакъ кIудияб багьа абунила. ГIабдал ватилин гьав чиян хIисаб гьабуниги, хIал лъазеги течIого, дагьабниги тIаса бахъуларищан гьикъанила гьес. Цо шагьиги рехуларин абунила херас. Гьесдаги, хъарщиялдаги, багьаялдаги велъулаго, шагьарлъул бетIер къватIиве анила. Амма хадуб гIемер ургъанила гьев херасул тIирун чIеялдаги, гьесул хъвай-хъвагIаялдаги тIад. Цо жо гьечIого гьедин букIинарин, батилин гьелдаги маслихIатилан ракIалдеги ккун, нахъги вуссун босанила цIар чIвраб багьаялда шагьаралъул кIудияс херасухъа хъорщол кесек.

Дидани бичIчIулин, щиб букIаниги гьабилелде цин ургъизе кколевлъи, биччантейин цогидаздаги лъазеян, гьес буюрухъ кьунила жиндирго кIалгIаялъул гордазда, нуцIбузда, къадазда, болъабазда – рес бугебщинал бакIазда хъорщода бугеб хъвай-хъвагIай гьабеян.

Гьелде щвезегIан, бетIерасул аслияв вазир ургъулев вукIанила щиб гьабунги шагьаралъул кIудиявги чIван, гьесул бакI жинцаго кквезе. Гьесул къотIи-къай ккун букIанила бетIер цIунулев чиясулгун, гьес хIакимги чIвазе, гьесул бакIалде вазир вачIиндал, вазирлъун гьев чIваравги тезе. Циндаго бетIерасул кIалгIаялда киса-кибего «Щиб букIаниги гьабилелде лъикI ургъе» – ян хъван бихьидал, гьев цIунулес пикру гьабунила хIакимасда жидер балъголъи лъан батизе кколилан. Гьевги вазирги жидерго хIалихьатаб къасдалдаса руссанила. Гьедин кIудияб багьа кьун босараб гьитIинабго хъарщиялъги гьелда букIараб хъвай-хъвагIаялъги хвалдаса хвасарлъанила шагьаралъул хIаким.

## КИНАБГО ГУРО НИЛЪЕДА ЛЪАЛЕБ

Цо росулъ вукIанила махщел камилав цIулал устар. ТIаде гуреб, гъоркье гуреб, жинца гьабураб хIалтIуда рекъараб гIарацги босулаанила гьес гIадамазухъа. Гьебго росулъ вукIанила базаралде ун гьан бичулев чиги. Гьес мех-мехалда росулъ ругел мискинал, пакъирал гIадамазе садакъаде гьан бикьулаанила.

Цо къоялъ цIулал устарасда, годекIаниб гIодор чIараб гIадамаз абунила, лъикIаб ресалдаги вугин мун, гьадав гьан бичулев чияс гIадин садакъаде жо щайин мискинал-язихъазе кьоларебин. ЦIулал устарас гьезие жаваб кьечIила. ГIадамазул гьесда цIакъ ццимги бахъанила. Гьеб къоялдаса цIулал устарасда росулъ къарум абун тIокIцIарги рекIанила.

Цо заманалдаса унтанила цIулал устар. Унтарав гьесде щвезеги щивго инчIила росуцоязул. ГIемер мехго бахъилалде хванила гьев. ЦIулал устар хвараб къоялдаса къотIанила дов гьан бичулев чияс росулъ бикьулеб букIараб садакъаги.

Цо къоялъ годекIаниб гьелъул бицен ккедал, гьан бичулев чияс абунила:

– Нужедаго лъалаха, гьедин квер биччан садакъа бикьизегIан ресалда вугев чи дун гуревлъи. Дица росулъ бикьулаан, мунагьал чураяв дов цIулал устарас кьураб гIарацалъухъ босараб гьан.

ГIадамал абизе жо тIагIун хутIанила.

## РИТIУХЪАБ ХIУКМУ

ЦIар лъезе лъалареб унтуца рагIалде вакIарун вукIанила кIудияб улка-ракьалъул къирал. Гьеб вилаяталъул киналго тохтурзаби тIаделъун, кинаб дару гьабуниги, хIасил кколеб букIинчIила. Ахирги цо тохтурас чIезабунила, гьадинабги, гьадинабги куц-жинсалъул, беразул ва цогидалги къанагIатал хаслъабазул чиясул тIул дарулъизе бугин къиралаcеян. Анила гьединав чи валагьизе улка-ракь сверизе къираласул чукъа-ракъанункъабго рахъалде. Ахирги ватанила гьезда гьединав гIолохъанчи.

ТIул бахъизе гIолохъанчи чIвазе ккани, хIажалъулеб букIанила гьесул эбел-инсул разилъиги улкаялъул диванбегасул хIукмуги. ГIайибго гьечIев чи чIвазе гьеб вилаяталъулги къанунazда такъсирлъун рикIкIунаанила.

АхIанила къиралас гIолохъанчиясул эбел-эмен. Лъунила гьезда цебе г1емераб месед-гIарац. Гьеб бечелъиялда бер бахиллъарал гьезда вас жидер вукIинцин кIочон танила. Гьел разилъанила къирал сахлъизелъун тIул бахъизе вас чIвазе кьезе. Димванбегасги щибго гуреб багьанаги батун, халкъ божулеб гIадаб такъсирги гьесде гIунтIизабун, гIолохъанчи чIвазе хIукму къотIанила.

Хадусеб къоялъ кIудияб авлахъалда бакIарун халкъги букIанила, такъсирчи гIадин вачун гIолохъанчиги вачIанила. Диванбегас хIукму цIалиялъухъ балагьун гIаштIичиги вукIанила. ГIолохъанчийин абуни, сундулго ургъел гьечIого гьимулев вукIанила. Гьесул сабруялда гIажаиблъун гIадамалги рукIанила.

– ТIадбалагьун гIадалав чиги мун гьечIин ккола. ГьабсагIат хвезе вугев чиясул дур ургъел гьечIолъи щиб? – илан гьикъанила къиралас гIолохъанчиясда.

– ГIадаллъи-гIакъиллъиялъул батIалъи щиб гьаниб, – ян абунила гьес къираласда. – Эбел-инсуда тIадаб буго лъимал хьихьизе, гьезул тIалаб-агъаз гьабизе, гIезаризе. Дуца кьолеб месед-гIарац бихьарабго, дир эбел-инсуда дун жидер вас вукIинцин кIочон тана. Диванбегасулги налъи ккола битIараб хIукму къотIи. Гьесги бечедав дур мурадалъе гIоло, расги гIайиб гьечIев мискинав дун чIвазе къотIулев вуго. Улка-ракьалда ритIухълъи цIунизе тIадав дуцаги, мунго сахлъизе гIоло, мунго гIадав гIадан – дун хвезе бегьулин рикIкIунеб буго. Гьединал нужеда аскIоса унев вукIиналдаса щай дун пашманлъизе кколев?

– ХIукму хисизабе! Эркен гьаве гьав вас! – ян ахIанила къиралас. – Аллагьасул гьединаб хIукму батани, дун сахлъила. Къоял лъугIун ратани хвела.

ГьебагIат гIолохъанчи эркен гьавунила, анкьидаса щибго букIинчIеб гIадин, къиралги сахлъанила.

## ЖИДЕДАГО РЕЛЪЛЪИНАРУЛА

– Лъабго батIияб къагIидаялъ хIакъир гьавула гIадан цогияс, – илан абунила гIакъилас жиндирго цIалдохъабазда. – Цояс абула дандиясда гIабдалилан, цогияс абула лагъилан, лъабаиблес гьунаргьечIилан. КIочон тоге нужеда, – ян тIаде жубанила гьес: – гIабдалас гурони, цогиясда гIабдалин абуларо, лагъас гурони, лъиданиги лагъиланги абуларо, гьунаргьечIас гурони цогиясде гьединаб рогьоги баларо. Гьедин абулезда лъилниги ракIхвезеги бегьуларо. Нилъгоги цIунун рукIине ккола гьединал чамгIалал рагIаби цогиязда абиялдаса.

## МАСЛИХIАТАЛЪЕ ГЬЕРЕСИГИ БЕГЬУЛА

Мадугьалихъ бугеб кIиго ханлъиялда гьоркьоб ккараб рагъда, кьалул дандиязул цояв асирлъун восанила цогияз. Гьев чIвазе буюрухъ кьунила ханас. Хвалда цебе, цоги гьабизе кIолеб жоги букIинчIого, жиндие гьанже сундулго батIалъи гьечIилан, мацIалде рачIанщинал квешалщинал рагIаби абулел рукIанила ханасда асирас.

Гьев хан дагьав гIинтIа бакIав вукIанила.

– Щиб гьас бицунеб жо, – илан гьикъанила гьес жиндирго вазирзабазул цоясда.

– Гьас абулеб бугоха, бетIерчIахъад, мун къуват тIокIав, бахIарчияв хан вугилан. Дур ритIухълъиялъулги гIаданлъиялъулги, дурго улка-ракьалда гуребги, жидер добагицин цIар ун бугилан, – абунила вазирас.

Гьенивго вукIарав цоги вазирасда, щаялиго, гьав цояв вазир цIакъ рихарав вукIанила. Гьес абунила:

– БетIерчIахъад, расги намуслъичIого гьас дуе - кIудияв ханасе, нижер хважаинасе гьереси бицунеб буго. Гьадав чи, бищун ахирисел квешал рагIабаздалъун дуде хьанделев вуго.

– Жакъа дие дуца бицараб битIаралдаса, гьав цояс бицараб гьереси бокьана, – ян абунила гIакъилав ханас гьесда. – Гьас гьереси бицана гIолохъанчиясул гIумруялда барахщун, гьев хвасарлъилародаян, дица хIукму хисизабилародаян хьулгун. Гьасги дуцаго гIадин битIараб бицарабани, гIолохъанчи хехго чIваян абилаан, щцин гьалаглъарав дица. Гьелдалъун хисизе жо щиб букIараб? ЛъикIаб муралада, маслихIаталъе бегьула гьересиги бицине. Дирго гIакъилав вазирасе гIоло, гьесул хIурмат гьабун, дица асир эркен гьавулев вуго. Виччанте гьев жиндирго хъизан-лъималазухъе рокъове тIадвуссине.

## КIКIУЯЛДАСА РЕКIАРАБ ЦIА

ВукIанила цо росулъ вахIщияв, цIакъ залимав чи. Гьес мискинзаби рохьоре цIул къотIизе ритIулаанила, хIинкъаби кьун. Хадуб гьезие дагьа-макъалго кебкалги кьолаанила, базаралдеги ун лъикIаб багьаялда цIулги бичулаанила. ГIадамаз гьесда абулаанила дуца цIакъ мекъаб жо гьабулеб бугин, мун Аллагьасдаса хIинкъуларищилан. Залимас гьел гIад-хочI гьарулаанила. Гьесие гIадамазул хабар тIохде балеб цIад гIадаб жо букIанила. Цо сордоялъ, хадусеб къоялъ базаралде бичизе босизен букIараб гIемераб цIулги, цадахъго кьучIда гъун минаги бухIанила гьесул. Дагьаб жо хутIанила живгоги, цадахъго хъизанлъималги гьеб цIадул кверщаликье ккечIого.

– Кисан рекIараб жо дир минаялда гьадаб цIа? – ян гьикъанила чара хварав залимас жиндирго гьалмагъасда.

– Мискинзабазул ракIазулъ букIараб кIкIуялдаса, – илан абунила гьудуласе кьолеб гьесул суал рагIарав цоги росуцояс.

## ДУЦА ХЬИХЬАРАБ БЕРГЬУНА

– Щивав чиясул рекIелъ букIуна кIиго бацI, – илан абунила инсуца жиндирго васасда. – Цояб бацIалъ тIибитIизабула гIадамасулъ хъантIи, хIилла-рекIкI, мацIцIогь, хIалихьалъи – кинабго квешабщинаб. Цогиялъин абуни – иман, гIаданлъи, яхI-намус, гурхIел-рахIму – кинабго лъикIабщинаб. Гьеб кIиябго бацI кидаго цоцалъ рагъилел, цояб цоялдаса бергьине къеркьолел рукIуна.

– Кинабха, ахир-къадги гьезул бергьунеб? – илан гьикъанила васас.

– Дуца беэдараб, дуца кваназабураб, дуца хьихьараб, – илан жаваб кьунила инсуца.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

